# Mapisarema aDhavhidhi

Free Presbyterian Church of Scotland
Zimbababwe Presbytery
9 Robertson Street, Parkview, Bulawayo, Zimbabwe
Tel. 09 62636 / 61902 / 62115
Email fpchurch@mweb.co.zw
Fax 09 61902

2008

## Pisarema 1. C.M.

1 Wakakomborerwa munhu
Usingasifambi
Pavanorangana avo
Ivo vakaipa.

Usingamiri panzira
Yaivo vatadzi
Usingagari ipapo
Pogara vadadi.

2 Wofarira murairo
Nokufungisisa
Mirairo yaJehovha
Siku nesikati.

3 Uchafanana nomuti
Wasimwa pahova
Uchabereka michero
Yawo nguva yawo.

Namashizha awo ose
Haangazosvavi
Nezvose zvaanoita
Zvichabudirira.

4 Vakaipa havadaro
Vofana nehundi
Inotorwavo nemhepo
Ichipepereswa.

5 Pakutongwa vakaipa
Havangazomiri
Navatadzi pavungano
Yavakarurama.

6 Iye unoziva nzira
Yavakarurama
Yavo vakaipa nzira
Uchaiparadza.

## Pisarema 2. C.M.

1 Dzinoitirei bope
Ndudzi dzavatadzi
Navanhu vafungirei
Zvisina maturo.

2 Madzimambo apanyika
Anogadzirira
Kuti arwe naJehovha
Nomuzodzwa wake.

3 Vachiti ngatidambure
Zvo zvisungo zvake
Mabote ake tirashe
Agobva kwatiri.

4 Iye ugere kudenga
Uchazovaseka
Ye Jehovha wokum'soro
Uchavadadira.

5 Agotaura kwavari
Pakutsamwa kwake
Nokuvavhundusa Iye
Nadzo hasha dzake.

6 Kunyanguva zvakadaro
Ini ndakagadza
Mambo wangu paZioni
Iro gomo dzvene.

7 Ndichaparidza chirevo
ChaMwari wakati
Ndiwe mwanak'mana wangu
Nhasi ndak'bereka.

8 Chikumbira nhaka yako
Ndigokupa ndudzi
Nemigumo yapanyika
Ive fuma yako.

9 Muchavaputsa nesvimbo
Svimbo yemhangura
Movapwanyavo sehari
Hari yomuvumbi.

10 Naizvozvo chenjerai
Imi madzimambo
Monyeverwa imi mose
Vatongi venyika.

11 Mushumirei nokutya
Shumira Jehovha
Mufare muchidedera
Shumira Jehovha.

12 Sveta mwanak'mana wake
Agorego tsamwa
Mumusvete mwana wake
Mugosaparara.

13 Nokuti dzo hasha dzake
Dzingamuka zvino
Vakakomborerwa vose
Vanovimba naye.

## Pisarema 3. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi panguva yokutiza kwake Absaromi mwanakomana wake.*

1 Ishe vakawanda sei
Vadzivisi vangu
Vazhinji-zhinji seiko
Vanondimukira.

2 Vazhinji vavo vanoti
Ko kumweya wangu
Haawani ruponeso
Ko kuna Jehovha.

3 Asi Iyemi Jehovha
Muri nhovo yangu
Kudzo naye musimudzi
Womusoro wangu.

4 Ndinodana YeJehovha
Naro inzwi rangu
Unondipindura ari
Po pagomo dzvene.

5 Ndakavata hangu pasi
Hope dzikabata
Ndikamuka nokutiYe
Unonditsigira.

6 Handingatongotyi vanhu
Zvuru zvamazana
Vakangondikomberedza
Kuti varwe neni.

7 Simukai Mi Jehovha
Imwi Mwari wangu
Mugozondiponesa ni
Imi Mwari wangu.

Makarova vovavengi
Po pashaya dzavo
Makavhuna iwo meno
Avo vakaipa.

8 Ruponeso rworunobva
Kunaye Jehovha
Komborero yenyu ive
Po pavanhu venyu.

## Pisarema 4. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeNeginoth. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndinzweivo kaJehovha
Kana ndichidana
Mi Mwari wokururama
Mugondipindura.

Pakumanikidzwa kwangu
Makasindifadza
Ndinzwirei tsitsi munzwe
Mukumbiro wangu.

2 Vanakomana vavanhu
Kusvikira rinhi
Muchishandura kukudzwa
Kwangu kuve nyadzi?

Kusvika rinhi nhaimwi
Muchitsvaka nhema?
Muchasvikepi muchida
Zvisina maturo?

3 Zivai kuti Jehovha
Wazvitsaurira
Munhu waanoda vuye
Uchanzwa kudana.

4 Ityai kuti murege
Kuzomutadzira
Taura nemoyo yenyu
Muzvinyararire.

5 Mubayire zvibairo
Zvo zvokururama
Mugovimba naye imwi
Naiye Jehovha.

6 Vazhinji vari'ko voti
Ndianiko uyo
Uchatiratidza isu
Izvo zvakanaka?

Jehovha simudzirai
Pamusoro pedu
Chiedza chechiso chenyu
Pamusoro pedu.

7 Mumoyo mangu maisa
M'faro unokunda
Kana zviyo newaini
Zvichinge zvawanzwa.

8 Norugare ndichavata
Ndibatwe nehope
Nokuti po pakasimba
Munondigarisa.

## Pisarema 5. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeNehiloti. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Inzwai mashoko angu
Mwi Jehovha Imwi
Murangarire kufunga
Kwawo moyo wangu.

2 Inzwi rokudana kwangu
Tererai Imwi
Ishe wangu Mwari wangu
Ndinonyengetera.

3 Jehovha muchanzwa inzwi
Rangu mangwanani
Ndichakurongedzerai
Wo munyengetero.

4 Nokuti hamufariri
Izvo zvakaipa
Naye munhu wakaipa
Haagari nemwi.

5 Mapenzi haangamiri
Po pamberi penyu
Munovenga vanoita
Zvisakarurama.

6 Jehovha muchaparadza
Vanoreva nhema
Munosema vanyengeri
Navanovuraya.

7 Asi kana ndiri ini
Ndichapinda mumba
Menyu sovunyoro hwenyu
Ndichapinda umo.

8 Ndichanamata ndiriko
Kutembere tsvene
Ndakaringira ikoko
Ndichikutyai Imwi.

Ndikokerei Jehovha
Mo mukururama
Nokuda kwavadzivisi
Ndinatsire nzira.

9 Hapana ko kutendeka
Pamiromo yavo
Mukati mavo muzere
Kuipa kukuru.

Huro dzavovo ihwiro
Ihwo hwakashama
Vanobatavo kumeso
Norurimi rwavo.

10 Vapiwe mhosva vabatwe
Nawo mano avo
Muvadzingire zvozvivi
Vanokumukira.

## Pisarema 6. L.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeNeginoth, neSheminiti. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha musandirova
Apo pakutsamwa kwenyu
M'sandirova nokupfuta
Ko kutsamwa kwenyu uku.

2 Iva netsitsi Jehovha
Nokuti handine simba
Ndiporesei Jehovha
Mapfupa 'ngu atambura.

3 Naiwovo mweya wangu
Wotambudzika chaizvo
Nokuda kwetsitsi dzenyu
Vuyai mundiponese.

4 Dzoka kwandiri Jehovha
Muzorwira mweya wangu
Nokuda kwetsitsi dzenyu
Vuyai mundiponese.

5 Hapana ungakufungai
Kana azova parufu
Ndianikovo Jehovha
Ungakuvonga pahwiro.

6 Ndaneta nokugomera
Vusiku ndashambirisa
Nhovo dzangu dzanyorova
Nemisodzi yames' angu.

7 Ziso rangu razopera
Nokutambudzika kwangu
Nokuda kwavadzivisi
Zvino rava kusakara.

8 Ibva kwandiri vatadzi
Mose imwi vakaipa
Nokuti Iye wakanzwa
Inzwi rokuchema kwangu.

9 Jehovha wakazondinzwa
Kukumbira kwangu uku
Jehovha wogamuchira
Iwo munamato wangu.

10 Ivo vondivenga vose
Vachazonyadziswa havo
Vachadzoka vachinyara
Nako kutambura kwavo.

## Pisarema 7. C.M.

*Shigayoni yaDhavhidhi yaakaimbira Jehovha nokuda kwamashoko aKushi, muBenjamini.*

1 Ini ndinovimba nemwi
Iyemwi Jehovha
Ndiponese mundirwire
Vanonditevera.

2 Kuti varego bvambura
Nomweya seshumba
Ndichishaiwa murwiri
Aubvamburanye.

3 Kana ndakaita izvo
Imwi Mwari wangu
Kana zvakaipa zviri
Pamavoko angu.

4 Ndichinge ndakaitira
Ye usina mhosva
Ndikarwira mudzivisi
Wandisine mhosva.

5 Muvengi ateverere
Mweya aubate
Atsikirire kukudzwa
Ipo paguruva.

6 Chisimukai Jehovha
Pakutsamwa kwenyu
Simukira vadzivisi
Vo nokuda kwangu.

Ndimwivo makaraira
Kuti zviitiwe
Izvozvo zvakarurama
Kuti zviitiwe.

7 Saka vungano yendudzi
Ichakukombai
Nokuda kwavo mudzoke
Iko kumusoro.

8 Ndi' unotonga Jehovha
Jehovha nditongei
Nako kururama kwangu
Nezvokwadi yangu.

9 Kuipa kwavakaipa
Iko ngakugume
Asiye wakarurama
Chimusimbisai.

Nokuti Iye Jehovha
Ye wakarurama
Iye unoidza munhu
Nokufunga kwake.

10 Nhovo yangu kuna Mwari
Ye unoponesa
Vane moyo iyo yaka
Yakazorurama.

11 'Notonga vakarurama
Asi vakaipa
Ivo wakavatsamwira
Wo mazuva ose.

12 Kanaye asingadzoki
Worodza munondo
Wakakunga vuta hwake
Akagadzirira.

13 Wakagadzirira nhumbi
Dzo dzokuvuraya
Wazviitira miseve
Iyo inopisa.

14 Tarira wotambudzika
Po pakubereka
Nemimba yezvakashata
Wabereka nhema.

15 Hunza wakazvicherera
Akaidzikisa
Mugomba raakachera
Wakawira iye.

16 Izvo zvakashata zvake
Zvichamudzokera
Nokumanikidza kwake
Kuchamudzokera.

17 Ndichamuvonga Jehovha
Kururama kwake
Ndichariimbira zita
Rowokumusoro.

## Pisarema 8. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeGittith. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Zita renyu rakanaka
She Jehovha wedu
Mukudenga makaisa
Hwo vumambo hwenyu.

2 Pamiromo yavacheche
Makaisa simba
Nokuda kwavadzivisi
Muveng' anyaradzwe.

3 Ndichicherekedza denga
Basa renyu rose
Mwedzi nenyeredzi idzo
Dzamakarongedza.

4 Munhu wanga ari chinyi
Kuti mumufunge
Navo vanak'mana vake
Zvamavashanyira.

5 Zvishomane kuvatumwa
Mamudukupisa
Mamushongedza korona
Kudzo nokuhwinya.

6 Makamubatisa vushe
Hwamabasa enyu
Napasi petsoka dzake
Makaisa zvose.

7 Makwai ose nenzombe
Hongu nazvo zvose
Naidzo mhuka dzesango
Zviri pasi pake.

8 Naidzo Shiri dzedenga
Nehove dzegungwa
Nazvo zvose zvinofamba
Nenzira dzegungwa.

9 Jehovha Imi She wedu
Rakaisvo naka
Zita renyu rakanaka
Pano pasi pose.

## Pisarema 9. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeMutrabeni. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndichamuvonga Jehovha
Nomoyo wang'ose
Ndichaparidza mabasa
Anozoshamisa.

2 Ndichakufarira Imwi
Imwi wokum'soro
Ndichakuimbira nziyo
Dzokumurumbidza.

3 Kana vavengi vanguvo
Vodzokera shure
Vogumburwa nokupera
Po pamberi penyu.

4 Makandiruramisira
Iyo mhosva yangu
Makagara pachigaro
Muchiruramisa.

5 Makatuka vahedheni
Navo vakaipa
Makadzima zita ravo
Nokusingaperi.

6 Ivo vavengi vapera
Nokusingaperi
Chiyevudzo namaguta
Zvavo maparadza.

7 Asi Jehovha ndimambo
Nokusingaperi
Wakagadzira chigaro
Kuti agotonga.

8 Nyika uchazoitonga
Nako kururama
Navanhu uchavatonga
Sezvinofanira.

9 Kuna vanomanikidzwa
Uchazova nhare
Iyo nhare yakasimba
Pakutambudzika.

10 Vanoziva zita renyu
Vachavimba nemwi
Nokuti hamungarashi
Vanokutsvakai.

11 Imbira Iye Jehovha
Muchimurumbidza
Mududzire zvaaita
Ipo pamarudzi.

12 Iye unotsiva ropa
Unorangarira
Kuchema kwavo varombo
Haangakangamwi.

13 Ndinzwirei tsitsi Imwi
Ndinomanikidzwa
Ndimwi munondisimudza
Pasuo rorufu.

14 Kurumbidza ndiparidze
Pamasuwo avo
Ndifarire kuponeswa
M’kunda weZioni.

15 Vahedheni vakanyura
Mo mugomba ravo
Rutsoka ndokuzobatwa
Nomumbure wavo.

16 Jehovha unozikamwa
Nokutonga kwake
Vakaipa vateyiwa
Naro basa ravo.

17 Vaipi vachadzorerwa
Iko kuSheori
Navo vose vamarudzi
Vanomukangamwa.

18 Haangambokangamwiki
Iyeye murombo
Netariro yavarombo
Haingazoperi.

19 Chisimukai Jehovha
Munhu asakunda
Vahedheni ngavatongwe
Po pamberi penyu.

20 Chivavhundusai Mwari
Kuti vagoziva
Ivo vahedheni kuti
Vanongova vanhu.

## Pisarema 10. C.M.

1 Munomirirei kure
Iyemwi Jehovha
Munozvivanzireiko
Pamatambudziko.

2 ‘Nozvikudza ‘notambudza
Iyeyu murombo
Ngavabatwe nawo mano
Wo avakafunga.

3 Nokuti ye wakaipa
Unozvirumbidza
Pamusoro pezvinoda
Iwo moyo wake.

Unovaramba Jehovha
Ivo vanochiva
Ivavo vanototukwa
Tukwa naJehovha.

4 Nako kuzvikudza kwake
Haadi kubvunzwa
Nendangariro dzinoti
Vo hakuna Mwari.

5 Nzira dzake dzakasimba
Nadzo nguva dzose
Nezvamunotonga Imwi
Zviri kure naye.

Kana vari vadzivisi
Vadzivisi vake
Unovashovora ivo
Vadzivisi vake.

6 Unoti mumoyo make
Handizungunuswi
Handingambovi panhamo
Pamarudzi angu.

7 Muromo wake uzere
Naiko kutuka
Kumanikidza naiko
Nako kunyengera.

8 Po panzvimbo dzakavanda
Ndipo anogara
Ndipo paanouraya
Ye usina mhosva.

Iwo meso ake awa
Anongovandira
Usina wokubatsira
Anongovandira.

9 Seshumba unovandira
Nokukakatira
Yemurombo unobatwa
Mumumbure wake.

10 Iye unovanyangira
Achikotamira
Vari voga vanowiswa
Naro simba rake.

11 Unoti mumoyo make
Wakangamwa Mwari
Chiso chake unovanza
Haangazvivoni.

12 Jehovha chisimukai
Noruvoko rwenyu
Kukangamwa chiregai
Vo varombo venyu.

13 Unozvidzirei Mwari
Iye wakaipa
Achiti mumoyo make
Haangazobvunzwi.

14 Makazvivona Iyemwi
Imwi munovona
Kutambura nokuchema
Kuti muzvizive.

Ye usina mubatsiri
Wovuya kwamuri
Imwi muri mubatsiri
Waidzo nherera.

15 Pingudza ruvoko rwake
lye wakaipa
Mugonzvera zvakaipa
Zvakaipa zvose.

16 Iye Jehovha ndimambo
Nokusingaperi
Vahedheni voparadzwa
Mo munyika yake.

17 Zvinodiwa navanyoro
Imwi makazvinzwa
Moyo yavo mosimbisa
Morereka nzeve.

18 Mugotongera nherera
Nounotambudzwa
Kuti munhu wapanyika
Aregovhunduswa.

## Pisarema 11. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndinovimba naJehovha
Munoreva sei
Tizira kugomo rako
Kuita seshiri.

2 Nokuti vovakaipa
Vanogadzirira
Miseve kuti vafure
Vo vakarurama.

3 Kana nheyo dzaparadzwa
Ungaiteiko
Iyeyo wakarurama
Ungaiteiko.

4 Mutembere yake tsvene
Ndimomo maari
Chigaro chake chovushe
Chiriko kudenga.

Meso ake otarira
Iyeyu Jehovha
Meso ake anoidza
Vovana vavanhu.

5 Jehovha unovaidza
Vo vakarunama
Mweya wake unovenga
Vanomanikidza.

6 Misungo uchamisira
Panovakaipa
Moto, suferi nemhepo
Wo mukombe wavo.

7 Jehovha wakarurama
Woda kururama
Wakarurama wovona
Icho chiso chake.

## Pisarema 12. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeSheminiti. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha chibatsirai
Nokuti vopera
Ivavo vanoda Mwari
Nokuti vopera.

Nokuti vakatendeka
Ivo havachipo
Ipo pakati pavanhu
Ivo havachipo.

2 Ivo vanongotaura
Zvisina maturo
Mumwe nomumwevo wavo
Panaye wokwake.

3 Vanotaura miromo
‘Nobata kumeso
Vuyevo naiyo moyo
Yo moyo miviri.

3 Uchaigura miromo
Inonyengedzera
Norurimi nairwovo
Rwunongozvikudza.

4 Vo vakati tichakunda
Norurimi rwedu
Miromo yedu ndeyedu
Ndiani She wedu.

5 Nokuda kwavo varombo
Vanomanikidzwa
Nako kugomera kwavo
Vanoshaiwavo.

Nokuda kwavo varombo
Ini ndichamuka
Ndimuise pakasimba
Po paanoshuva

6 Mashoko ake Jehovha
Iwo akachena
Sesirivha yakanatswa
Imomo mumoto.

7 Muchavachengeta Mwari
Po parudzi urwu
Jehovha muvachengete
Nokusingaperi.

8 Vakaipa vanofamba
Pamativi ose
Zvakaipa zvichikudzwa
Muvana vavanhu.

## Pisarema 13. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha kusvika rini
Muchindikangamwa
Muchandivanzira chiso
Kusvikira rini.

2 Ndichasingofunga mano
Mo mumoyo mangu
Muvengi wondikurira
Kusvikira rini.

3 Rangarira mupindure
Imwi Mwari wangu
Muvheneke ndisavata
Dzohope dzokufa.

4 Muveng’ asafunga kuti
Wakatondikunda
Vadzivisi vasafara
Ndichizungunuka.

5 Asi ini ndakavimba
Nadzo nyasha dzenyu
Moyo wangu uchafara
Nako kuponeswa.

6 Ndichasingomuimbira
Iyeyu Jehovha
Kuti wakandiitira
Izvo zvakanaka.

## Pisarema 14. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Benzi rakati mumoyo
Maro h’kuna Mwari
Vakavora vakabata
Basa ronyangadza.

2 Jehovha ari kudenga
Watarira pasi
Kuvona kana aripo
Unotsvaka Mwari.

3 Vose vakatotsauka
Zvevakasvibiswa
Unoita zvakanaka
Hakuna nomumwe.

4 Ko vakaipa 'vazivi
Vodya vanhu vangu
Sezvo vachidya zvokudya
Vasingandivongi.

5 Vanga vachitya ipapo
Nokuti Ye Mwari
Unogara poparudzi
Rwavakarurama.

6 Munorinyadzisa zano
Romunhu murombo
Asi She Jehovha ndiye
Vutiziro hwake.

7 Kuponeswa kwa'Sraeri
Ngakubve Zioni
Vazodzoka pakutapwa
Jakobo 'chafara.

## Pisarema 15. L.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha ndiani uyo
Ungazogara patente
Ndianiko ungagara
Pagomo renyu rodzvene.

2 Ndiye usina nemhosva
Wofamba zvakarurama
Mumoyo achitaura
Iyo chokwadi yoga She.

3 Iye usina makuhwa
Parurimi rwake iye
Zvakaipa 'singaiti
Kana kutuka wokwake.

4 Munhu wose wakashata
Unozvidzwa naye chose
Asi vose vokukudzai
Unovakudza ivavo.

Iye kana akapika
Haangazozvishanduri
Kunyange zvamuipira
Shoko rake haaregi.

5 Iye haadi fufuro
Nemhindu pamari yake
Haangambozungunuswi
Munhu unoita izvi.

## Pisarema 16. C.M.

*Michtam yaDhavhidhi.*

1 Mwari wangu ndichengetei
Ndinovimba nemi
Kunze kwenyu Ishe wangu
Handichine chinhu.

2 Kana zviri zvavatsvene
Vachiri panyika
Ndivo vandinofarira
Vakaisvonaka.

3 Kuchema kuchazowanzwa
Kwavanomhanyira
Nokuvigiravo zvipo
Kunomumwe mwari.

4 Zvipiriso zvodururwa
Zvavandidururi
Namazita handirevi
Pamiromo yangu.

5 Nhaka yangu ndiJehovha
Nomukombe wangu
Ndiyo nhaka yangu iyi
Mondichengetera.

6 Rwonzi rwakandiyerera
Nzvimbo dzakanaka
Zvirokwazvo nhaka yangu
Yakaisvonaka.

7 Ndicharumbidza Jehovha
Wakandipa mano
Zvirokwazvo novusiku
Ndinongodzidziswa.

8 Pamberi panguva dzose
Ndaisa Jehovha
Zvaari kurudyi rwangu
Handizungunuswi.

9 Naizvozvo moyo wangu
Unofarisisa
Naiyovo nyama yangu
Yakachengeteka.

10 Hamungambosiyi mweya
Wangu mugehena
Hamutenderi mutsvene
Avone kuvora.

11 Nzira makandiratidza
Iyo yovupenyu
Bva mberi kwangu uripo
Mufaro mukuru.

Paruvoko rwenyu Bambo
Ruvoko rorudyi
Nokusingaperi-peri
Panezvinofadza.

# Pisarema 17. C.M.

*Munyengetero waDhavhidhi.*

1 Inzwai zvakarurama
Mugonditerera
Kuti kuchema mugonzwa
Ko kuchema kwangu.

Rerekai nzeve dzenyu
Kumunyengetero
Unobvapo pamuromo
Usinganyengeri.

2 Kutongwa kwangu ngakubve
Po pamberi penyu
Meso enyu atarire
Zvo zvakarurama.

3 Moyo wangu makaidza
Mukandishanyira
Vusiku mukasawana
Chisakarurama.

Ini ndakatozvisunga
Kuti moyo wangu
Ugorega moyo wangu
Iko kudarika.

4 Kana ariwo mabasa
Mabasa avanhu
Ndakanzvenga idzo nzira
Dzake muparadzi.

5 Mudzidzore tsoka dzangu
Mo munzira dzenyu
Kuti pakufamba kwangu
Ndisatedzemuka.

6 Ndakadana ko kwamuri
Muchandipindura
Nzeve dzenyu rerekai
Mugonzwa kudana.

7 Vunyoro hwenyu ratidzai
Vunozoshamisa
Ndiyemwi munoponesa
Vanovimba nemwi.

Ruvoko rwenyu rorudyi
Runovaponesa
Kuna vanovamukira
Vachiita simba.

8 Semboni yeziso renyu
Mugondichengeta
ndivanzwe pamumvuri wa
Mapapiro enyu.

9 Kuna ivo vakaipa
Vanondiparadza
Vanongondikomberedza
Vo vavengi vangu.

10 Moyo vakaidzivira
Vanozozvikudza
Kana vachingotaura
Nemiromo yavo.

11 Zvino vakazotikomba
Pakufamba kwedu
Vanongoticherekedza
Kuti vatiwise.

12 Zvakafanana neshumba
Inoda kubata
Saiye mwana weshumba
Unongovandira.

13 Jehovha chisimukai
Muvapinganidze
Dorwirai mweya wangu
Kuno wakaipa.

14 Dorwirai mweya wangu
Kuvanhu ivavo
Ndivavo ruvoko rwenyu
Vanhu vapanyika.
Munozadza dumbu ravo.
Nayo fuma yenyu
Vagozosiyira vana
Vavo fuma zhinji.

15 Chiso chenyu ndichaona
Po pakururama
Nditodzemwi pakumuka
Ndichagutsikana.

## Pisarema 18. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi, muranda waJehovha, wakataura kunaJehovha mashoko orwiyo urwu panguva yaakasunungurwa naJehovha pamavoko avavengi vake vose, naparuvoko rwaSauro - akati:*

1 Ndichakudisa Jehovha
Imwi simba rangu
Ndimwi nhare naro dombo
Nomurwiri wangu.

2 Imwi ndimwi dombo rangu
Ndinovimba nemwi
Nhovo yangu norunyanga
Nayo shongwe yangu.

3 Ndichadana YeJehovha
Ye unorumbidzwa
Iye uchandiponesa
Kuvavengi vangu.

4 Iwo mabote orufu
Akatondikomba
Nenzizi dzezvakaipa
Dzakandivhundusa.

5 Wo mabote eSheori
Akatondisunga
Nayo misungo yorufu
Yakazondiwira.

6 Pakutambudzika kwangu
Ndakasimudana
Ndakadana Mwari wangu
Akandipindura.

Inzwi rangu wakarinzwa
Mutembere yake
Kuchema kwangu kwasvika
Mo munzeve dzake.

7 Yakazungunuka nyika
Ikadederavo
Nadzo nheyo dzamakomo
Nokutsamwa kwake.

8 Vutsi hwabuda mumhino
Moto mumuromo
Ndokuitawo mazimbe
Akazoparadza.

9 Wakaburuka kudenga
Kukakotamiswa
Rima ranga riri pasi
Padzo tsoka dzake.

10 Wakatasva makerebu
Achitoburuka
Namapapiro emhepo
Wakazoburuka.

11 Wakaita rima rive
Nzvimbo yokuvanda
Tente rake noruzhowa
Zvamupoteredza.

Kusvika kwemvura zhinji
Naiwo makore
Okudenga naiwovo
Zvamupoteredza.

12 Nokupenya kwaivapo
Po pamberi pake
Namakorevo matema
Zvakazopfuvura.

Naicho chimvuramabwe
Nacho chaivapo
Nawo mazimbe omoto
Zvanga zvamukomba.

13 Jehovha wakatinhira
Ariko kudenga
Iye wokumsoro-soro
Naro inzwi rake

14 Wakatuma yomiseve
Akavaparadza
Zvirokwazvo nayo mheni
Akavavhundusa.

15 Migero yemvura zhinji
Yakazovonekwa
Naidzo nheyo dzenyika
Dzakazofukurwa.

Kuda kokutuka kwenyu
Nokufema kwenyu
Kufema kwemhino dzenyu
Zvakazofukurwa.

16 Ruvoko watambanudza
Kuti anditore
Nago wakandinyukura
Po pamvura zhinji.

17 Pamuvengi wandirwira
Iye unesimba
Nokunavanondivenga
Vanondikurira.

18 Nezuva renjodzi yangu
Vo vakandivinga
Asi Iye Mwari wangu
Wakanditsigira.

19 Wakazondisunungura
Akazondirwira
Nokuti Iye Jehovha
Wakandifarira.

20 Jehovha wandiitira
Zvo zvakaenzana
Nako kururama kwangu
Wakandiitira.

Wakandipa mubairo
Wakangoenzana
Nokuchena kwamavoko
Kwamavoko angu.

21 Nokuti ndakachengeta
Nzira dzaJehovha
Handina kubva kwaari
Kana kunyengera.

22 Nokuti zvo zvaatonga
Zviri mberi kwangu
Handimbosundiri kure
Zvo zvaakatema.

23 Ndanga ndakaruramavo
Iko mberi kwake
Ndakazvichengeta ini
Panezvakaipa.

24 Saizvozvo voJehovha
Wakandiitira
Zvakaenzanira nako
Kururama kwangu.

Saizvozvo voJehovha
Wakandiitira
Zvakaenzana kuchena
Kwamavoko angu.

25 Unengoni moitira
Moitira ngoni
Naiye wakarurama
Zvo zvakarurama.

26 Wakanaka zvakanaka
Munomuitira
Naiye wakatsauka
Moitira hasha.

27 Nokuti muchaponesa
Vanotambudzika
Asi muchavaderedza
Vanongozvikudza.

28 Nokuti muchatungidza
Iwo mwenje wangu
Iye Mwari uchabvisa
Iro rima rangu.

29 Ini ndichavamba hondo
Naye Mwari wangu
Ndichadarika rusvingo
Naye Mwari wangu.

30 Kana ari Iye Mwari
Nzira yakakwana
Ndiye nhovo yavo vose
Vanovimba naye.

31 Nokuti ndiani Mwari
Asi YeJehovha
Ndianiko dombo redu
Asi YeJehovha.

32 YeMwari unondisunga
Chivuno nesimba
Naiyovo nzira yangu
Unoikwanisa.

33 Unoita tsoka dzangu
Sedze nhondokadzi
Pamatunhu ‘kakwirira
Unondiisapo.

34 Mavoko unodzidzisa
Angu iko kurwa
Naizvozvo ‘nowembura
Vuta hwendarira.

35 Iyo nhovo makandipa
Yo yoruponeso
Ruvoko rwenyu rworudyi
Rwakanditsigira.

Naihwo vunyoro hwenyu
Hwakazondiita
Hwakandiita mukuru
Makanditsigira.

36 Nzvimbo yakafarikana
Makandiitira
Pandingatsika netsoka
Hadzitedzemuki.

37 Vavengi ndichatevera
Kusvika vabatwa
Handingambodzokerizve
Kusvika vapedzwa.

38 Ndichazovabaya kuti
Vasambosimuka
Napasi petsoka dzangu
Ndopavachawira.

39 Makandisunga chivuno
Nesimba rokurwa
Makandikundisa avo
Vanondimukira.

40 Vavengi makatizisa
Kuti ndiparadze
Ivavo vanondivenga
Kuti ndiparadze.

41 Vakachema ‘sihakuna
Wakavaponesa
Nokuna Jehovha asi
Ha’na kupindura.

42 Ipapo ndakavapwanya
Kunge seguruva
Ndakavarashira kure
Kunge samatope.

43 Po pakukakavadzana
Mwi makandirwira
Mukandiita mukuru
Vagondishumira.

44 Pakarepo vachindinzwa
Vachateerera
Vatorwa vachanamata
Ipapo pandiri.

45 Vatorwa vachatorerwa
Iro simba ravo
Vachabuda pakuvanda
Vachingodedera.

46 Jehovha Iye mupenyu
Iye ngaakudzwe
Dombo nago ruponeso
Iye ngarumbidzwe.

47 Ndiye unonditsivira
Nokundikundisa
Iwo marudzi avanhu
Unondikundisa.

48 Ndiyevo unondirwira
Pavavengi vangu
Napa vanomanikidza
Unondisimudza.

49 Saka ndichakuvongai
Pakati pendudzi
Ndichariimbira zita
Nziyo dzokukudza.

50 Mambo wake kuponesa
Kukuru unopa
Achiitira muzodzwa
Wake YeDhavhidhi.

## Pisarema 19. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Kudenga kunoparidza
Kuhwinya kwaMwari
Nedenga rinoratidza
Basa rake guru.

2 Musi mumwe ‘notaura
Nezvemumwe musi
Novusiku hwopupura
Njere dzovusiku.

3 Hakuna kana nendimi
Kwarisingasviki
Nokuti iri nzwi rake
Rakasvika kose

4 Rwonzi rwazvo rwokuyera
Rwakasvika pose
Namashoko azvo awa
Kwakaguma nyika.

5 Zuva rofana chikomba
Chichibuda mumba
Rinofara richimhanya
Naro gwara raro.

6 Rinobuda kumugumo
Richipota iko
Hakuna chakavanzirwa
Ko kupisa kwaro.

7 Murairo waJehovha
‘Noponesa mweya
Nechipupuro chinopa
Njere vasinadzo.

8 Zvinoraira Jehovha
Zvinofadza moyo
Murau wakarurama
Unovhenekera.

9 Kutya Iye kwakanaka
Kunopa mugaro
Zvakatongwa naJehovha
Ndezvakarurama.

10 Zvinofanira kutsvakwa
Kukunda ndarama
Ndarama yakawandisa
Yakaisvonaka.

Zvinotapira zvikuru
Kupfuvura vuchi
Nawo musvi wamazinga
Mazinga ovuchi.

11 Naiye muranda wenyu
Wonyeverwa nazvo
Vuye pakuzvichengeta
Pano murairo.

12 Ndiani unganzwisisa
Katsauka kwake
Ndinatsei pazvitadzo
Zvakangovanzika.

13 Dzorai muranda wenyu
Panokuzvikudza
Zvivi zvisava nesimba
Pamusoro pangu.

Ipapo handingazovi
Naiyovo mhosva
Yokudarika kukuru
Handingavi nayo.

14 Mashoko muromo wangu
Nokurangarira
Kwaiwovo moyo wangu
Ngazvikufadzei.

Iyemwi Jehovha Imwi
Muri dombo rangu
Nomudzikunuri wangu
Iyemwi Jehovha.

## Pisarema 20. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha akupindure
Musi wedambudzo
Iye Mwari waJakobo
Akukwiridzire.

2 Rubatsiro atumire
Rwapanzvimbo tsvene
Akutsigire nesimba
Rinobva Zion.

3 Zvipiriso zvako zvose
Ngaarangarire
Agashire zvibairo
Zvako zvinopiswa.

4 Zvinodikamwa nomoyo
Wako ngaakupe
Aite sezvawafunga
Achikuitira.

5 Isu tichafara kwazvo
Nokukunda kwenyu
Tichasimudza mireza
Yo mireza yedu.

Nezita raMwari wedu
Tichasimudza
Jehovha aite zvose
Zvawakakumbira

6 Ndinoziva kwazvo kuti
Iyeyu Jehovha
Iye unomuponesa
Ye muzodzwa wake.

Iye uchamupindura
Ariko kudenga
Simba roruvoko rwake
Ruvoko rworudy.

7 Vamwe vanovimba ngoro
Vamwe namabhiza
Asi isu tichareva
Zita raJehovha.

8 Ivo vakakotamiswa
Vakawira pasi
Asi ‘su tichasimuka
Tikamira kwazvo.

9 Chindiponesa Jehovha
Ngaatipindure
Mambo ngaatipindure
Kana tichidana.

## Pisarema 21. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Mambo uchafara sei
Naro simba renyu
Nako kuponeswa kwenyu
Uchafarisisa.

2 Makamupa zvaanoda
Hamuna kuramba
Kukumbira kwemiromo
Yake makamupa.

3 Kuti munomuchingura
Namakomborero
Muchimudzika korona
Iyo yendarama.

4 Wakakumbira upenyu
Mukamupa ihwo
Namazuva akawanda
Nokusingaperi.

5 Nako kuponeswa kwenyu
Kurumbidzwa kwake
Kukuru mamutakudza
Kudzo novumambo.

6 Munozomukomborera
Nokusingaperi
Momufadza nomufaro
Po pamberi penyu.

7 Kuti mambo unovimba
Vimba naJehovha
Novunyoro hwokum'soroh
Haazungunuswi .

8 Ruvoko rwenyu rworudyi
Ruchawana vose
Ivo vanokuvengai
Ruchawana vose.

9 Muchavaita somoto
Muchavaparadza
Muchavamedza nehasha
Pakutsamwa kwenyu.

10 Imwi muchazviparadza
Zvibereko zvavo
Navana vavo panyika
Pavana vavanhu.

11 Vakafunga zvakaipa
Kukuitirai
Zano ravo rakaipa
Havangariiti.

12 Muchazovafuratidza
Mugodzigadzira
Hungiso dzovuta hwenyu
Kuti muvafure.

13 Musimudzirwe Jehovha
Mo musimba renyu
Tiimbe tichirumbidza
Iro simba renyu.

## Pisarema 22. L.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Nenondo yamangwanani. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Mwari wangu Mwari wangu
Munondisiireiko?
Pakundibatsira zvino
Mukugomera kwandiri.

2 Mwari wangu ndinodana
Asi hamundipinduri
Masikati novusiku
Handigoni kuzorora.

3 Asi Iyemwi Jehovha
Muri chokwadi mutsvene
Imwi mugere ipapo
Parumbidzo dza'Sraeri.

4 Madzibaba edu kare
Akasimbovimba nemwi
Vakavimba naJehovha
Imwi makasivarwira.

5 Vakasichema kwamuri
Ivo vakarwirwa nemwi
Vakavimba nemwi ivo
Havana kuzonyadziswa.

6 Asi ini ndiri honye
Handizati ndiri munhu
Ndiri chinhu chinozvidzwa
Nokushovorwa navanhu.

7 Vose avo vondivona
Vanogona kundiseka
Vanoshamisa miromo
Vanodzungudza vachiti

8 Kuna Jehovha chiindai
Ngaakurwire tivone
Zvaanomufarirai
Ngaamurwirei Iye.

9 Pachizvaro chamai vangu
Ndimwi makandibudisa
Mukandiita ndivimbe
Nemwi ndichiri pazamu.

10 Ndakaiswavo kwamuri
Kubva pakuzvarwa kwangu
Imwi muri Mwari wangu
Kubva padumbu ramai.

11 Rega kuva kure neni
Nokuti njodzi dziripo
Kunze kwenyu Mi Jehovha
Hapana 'ngandibetsera.

12 Hando dzakawanda chose
Dzakangondikomberedza
Hando dzine simba kwazvo
DzeBhashani dzandikomba.

13 Dzinongondishamisira
Miromo yadzo seshumba
Inoparadza zvikuru
Ichivomba nokuvomba.

14 Ndakadururwa semvura
Mapfupa asvodogoka
Moyo fanana nenamo
Yakanyauka mandiri.

15 Simba rangu rakaoma
Rurimi rwanamatira
Panaidzo shaya dzangu
Vakandisa paguruva.

16 Nokuti mbwa dzandikomba
Vungano yavakaipa
Mavoko namakumb'angu
Vakabvovora bvovora.

17 Mapfupa ndingaverenga
Osewa mapfupa angu
Ivo vanonditarira
Nokundinan’anidzavo.

18 Nguvo dzangu vagovana
Pakati pavo pachavo
Nemijenya vakakanda
Pam’soro pehazu dzangu.

19 Imwi Jehovha regai
Kuzovazve kure neni
Kundibatsira chimbidzai
Imwi muri simba rangu.

20 Pamunondo mweya wangu
Vuyai muzondirwira
Mudikanwa napasimba
Napasimba iro rembwa.

21 Napamuromo weshumba
Ndiponese zvirokwazvo
Zvamakambondipindura.
Ndiri panyanga dzenyati.

22 Ndichasidudzira zita
Renyu kunavo vokwangu
Ndichasirumbidza Imwi
Po pakati pevungano.

23 Imwi munotya Jehovha
Mumurumbidzei mose
Mumukudzei mumutye
Imwi vana vaSraeri.

24 Kuti haana kuzvidza
Kana kusema dambudzo
Nokuvanza chiso chake
Asi kuchema wakanzwa.

25 Kurumbidza pavungano
Huru kunobva kwamuri
Ndicharipa mhiko dzangu
Mberi kwavo vanomutya.

26 Vanyoro vachagutiswa
Jehovha vamurumbidze
Moyo yenyu irurame
Nokusingaperi-peri.

27 Migumo yose yenyika
Ichafunga igodzoka
Marudzi avahedheni
Achanamata Jehovha.

28 Nokuti kunyange vushe
Ndohwake Iye Jehovha
Ndiye mubati wavose
Kunyange navahedheni.

29 Vakuru vose venyika
Vachadya nokunamata
Vachafugamira Iye
‘Singararamisi mweya.

30 Vana vake vose vose
Vachamunamata Iye
Rudzi runovatevera
Ruchavudzwa zvaJehovha.

31 Vachavuya kududzira
Kururama kwaJehovha
Kuvanhu vachazozvarwa
Kuti ndiye wakazvita.

## Pisarema 23. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Mufudzi wangu' Jehovha
Handingashaiwi
Pamafuro ebumhudza
Unondivatisa.

2 Woponesa mweya wangu
Nokundifambisa
Panzira dzokururama
Naro zita rake.

3 Kunyanguva ndikafamba
Mumvuri worufu
Chakaipa handichatyi
Nokuti muneni.

4 Tsvimbo yenyu nomudonzvo
Zvinondinyaradza
Handichatyi mumipata
Nokuti muneni.

5 Munogadzira tafura
Navavengi vangu
Mozodza musoro wangu
M’kombe wopfachuka.

6 Zvirokwazvo ‘nyoro nyasha
Mazuva ngu ose
Zvichanditevera ndiri
Mumba maJehovha.

## Pisarema 24. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Nyika ndeya YeJehovha
Nokuzara kwayo
Nyika yose navo vose
Vagere mairi.

2 Nokuti wakaiteya
Ipo pamakomo
Akabva aisimbisa
Pam’soro penzizi

3 Ko ndiani ungakwira
Gomo raJehovha
Napanzvimbo yake tsvene
Pangamira ani.

4 Unamavoko machena
Moyo wakachena
Singasimudziri moyo
Zvisina maturo.

5 Komborero uchapiwa
NaIye Jehovha
Nokururamiswa Naye
Mwari muponesi.

6 Urwu ndirwo rudzi rwavo
Rwavanomutsvaka
Vanotsvaka chiso chenyu
Mwari waJakobo

7 Simudza misoro yenyu
Mose mwi masuvo
Musimudzwe imwi mose
Magonhi ekare.

8 Ndiani ko uyu Mambo?
Mambo wokuhwinya
Ndiye Jehovha wesimba
Nemhare pakurwa.

9 Simudza misoro yenyu
Mose mwi masuvo
Musimudzwe imwi mose
Magonhi ekare.

10 Ndiani ko uyu Mambo?
Mambo wokuhwinya
Ndiye Jehovha wesimba
Nemhare pakurwa.

## Pisarema 25. S.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndinosimudzira
Wo meso kwamuri
Jehovha womoyo wangu
Unovimba nemwi.

2 Mwari wangu imwi
Ndirego nyadziswa
Vavengi vangu varege
Kundikunda ini.

3 Zvirokwazv' hapana
Unokumirirai
Ungazonyadziswa iye
Asi vanyengeri.

4 Ndiratidzei nzira
Dzenyu Mwi Jehovha
Ndidzidzise Imwi Mwari
Muponesi wangu.

5 Ndiperekedzei
Muchokwadi chenyu
Mundidzidzisei Mwari
Muponesi wangu.

6 Ndinokutarirai
Zuva rose imwi
Rangarirai nyasha dzenyu
Nokunaka kwenyu.

7 Kudarika kwangu
Musarangarira
Novunyoro mundifunge
Nokunaka kwenyu.

8 Wakanaka Iye
Woraira vatadzi
Woperekedza vanyoro
Muzvakarurama.

9 Nzira dzaJehovha
Vunyoro chokwadi
Vanochengeta sungano
Nezvipupuriro.

10 Nokuda kwezita
Renyu Mwi Jehovha
Kangamwirai kuipa
Kwedu ko kukuru.

11 Munhu ndoupiko
Unotya Jehovha
Ndiye waachadzidzisa
Nzira yaanoda.

12 Mweya wake uyo
Uchagara kwazvo
Navana vake vogara
Yo nhaka yenyika.

13 Zvakavanzwa zvake
Ndezvavanomutya
Vacharatidzwa sungano
Yake Ye Jehovha.

14 Meso angu ano
Tarira Jehovha
Ndiye unobvisa tsoka
Dzangu pamumbure.

15 Ringira kwandiri
Mundinzwire nyasha
Nokuti ndiri ndoga ni
Ndinotambudzika.

16 Madambudzo moyo
Wangu akawanda
Ndibudisei Jehovha
Po panjodzi dzangu.

17 Kutambura kwangu
Kurwadza tarirai
Mundikangamwire zvivi
Zvivi zvangu zvose.

18 Vavengi tarisai
Nokuti vazhinji
Vanondivenga nehasha
Nehasha dzembengo.

19 Chengetai Mweya
Wangu mundirwire
Ndirege kuzonyadziswa
Ndinovimba nemwi.

20 Kusanyengera ko
Nako kururama
Ini ngazvindichengete
Ndinokumirirai.

21 Mwari wangu Mwari
Chidzikunurai
‘Sraeri po panjodzi
Njodzi dzake dzose.

## Pisarema 26. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Nditongeivo Jehovha
Kuti ndakafamba
Muvimbo nokutendeka
Ndisinganyunyuti

2 Ndinzvereivo Jehovha
Mugo zondiidza
Mugonatsa itsvo dzangu
Nawo moyo wangu.

3 Nokuti unyoro hwenyu
Hwuri mberi kwangu
Nokuti ndakasifamba
Muzvokwadi yenyu.

4 Ini handina kugara
Navanhu venhema
Zve handimbofambidzani
Navo vanyengeri.

5 Ndinoivenga vungano
Yavo vakaipa
Zve handingatongogari
Naivo vatadzi.

6 Ndichashambidza mavoko
Ndisina nemhosva
Ndipotedze Aritari
Yenyu saizvozvo.

7 Kuti ndigozoparidza
Inzwi rokuvonga
Ndivavudze basa renyu
Rinozoshamisa.

8 Mwari ndinoda vugaro
Hwayo imba yenyu
Nayo nzvimbo inogara
Mukubwinya kwenyu.

9 Regai kusanganisa
Iwo mweya wangu
Noupenyu navatadzi
Voteura ropa.

10 Vakabata zvakashata
Pamavoko avo
Ruvoko rwavo rworudyi
Ruzere fufuro.

11 Asi ini ndichafamba
Nokusanyengera
Imwi mundidzukunure
Mundinzwire tsitsi.

12 Rutsoka rwangu rumire
Pakagadzikana
Ndicharumbidza Jehovha
Ipo pavungano.

## Pisarema 27. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha ndiye chiedza
Nomponesi wangu
Ndiani wandingagotya
Ari simba rangu.

2 Vaiti vezvakaipa
Vavuya kundidya
Vadzivisi navavengi
Vakawira pasi.

3 Kana hondo dzandikomba
Moyo haungatyi
Nyange ndawirwa nokurwa
Ndovimba Jehovha.

4 Chinhu chandakakumbira
KunaYe Jehovha
Ndicho chandichazotsvaka
Kugara maari.

Mumba make ndigogara
Paupenyu hwangu
Kunaka kwake ndivone
Ndifunge tembere.

5 Nokuti musi weNjodzi
Uchandiviga mo
Uchandivanza patente
Padombo ndikwire.

6 Musoro uchasimudzwa
Pavavengi vangu
Pamusoro pavo vose
Vakakomberedza.

Ndichabaya zvibairo
Zvomufaro apo
Zvirokwazvo ndichaimba
Ndichimurumbidza.

7 Ndinzweivo kaJehovha
Kana ndichidana
Ndinzwirei tsitsi Imwi
Mugondipindura.

8 Pane nguva yamakati
Tsvaka chiso changu
Moyo wangu wakatenda
Ndichasichitsvaka.

9 Chiso chenyu musavanza
Pakutsamwa kwenyu
Manga muchindibatsira
Rega kundisiya.

10 Baba vangu mai vangu
Vakatondirasha
Asi Iyemwi Jehovha
Mondigamuchira.

11 Ndidzidzise nzira yenyu
Yati chechetere
Nokuda kwavavandiri
Mugondifambisa.

12 Musandiisa kwavari
Vadzivisi vangu
Nokuti zvandimukira
Zvapupu zvenhema.

13 Ndingadai ndafa hangu
Kusiri kutenda
Kuti ndichavona iyo
Nyika yavapenyu.

14 Iwe rindira Jehovha
Moyo ngautsunge
Iwe ivavo nesimba
Rindira Jehovha.

## Pisarema 28. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndichasidana kwamuri
Iyemwi Jehovha
Imwi ndimwi dombo rangu
Musazonyarara.

Mwi mukandinyararira
Ndingazofanana
Navanoburukirako
Ikoko kugomba.

2 Inzwa inzwi rokuchema
Kana ndichidana
Nayo mikumbiro yangu
Kana ndichidana

Kana ndichisimudzira
Wo mavoko angu
Kunzvimbo yamo mukati
Imba yenyu tsvene.

3 Musabvuta pamwe chete
Navo vakaipa
Vanotaura rugare
Kuna vamwe vavo.

Vanotaura rugare
Kuvagere navo
Zvo zvakashata zvirimo
Mo mumoyo mavo.

4 Muvape zvakaenzana
Nokubata kwavo
Naizvo zvakafanira
Ko kuipa kwavo.

5 Zvavasinga rangariri
Basa raJehovha
Iye uchazovaputsa
Akasava vaka.

6 YeJehovha ngaavongwe
Nokuti wakanzwa
Ro inzwi rokukumbira
Kukumbira kwangu.

7 Jehovha isimba rangu
Nayo nhovo yangu
Iwo moyo wangu uyu
Unovimba naye.

Saka iwo moyo wangu
Unofara kwazvo
Ndichamurumbidza ini
Narwo rwiyo rwangu.

8 Jehovha isimba ravo
Nayo nhare yavo
Yako kuponeswa kwake
Muzodziwa wake.

9 Ponesai vanhu venyu
Muvaropafadze
Muvafudze mutakure
Nokusingaperi.

## Pisarema 29. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Vanakomana vaMwari
Ipai Jehovha
Kudzo yaakafanira
Namata Jehovha.

2 Inzwi raJehovha riri
Pamsoro pemvura
Watinhira Iye Mwari
Pamsoro pemvura.

3 Rine simba inzwi rake
Inzwi raJehovha
Rakazara novumambo
Inzwi raJehovha.

4 Musidhari rinovhuna
Inzwi raJehovha
Zvirokwazvo wovhunyana
Sidha Rebhanoni.

5 Unoriita semhuru
Inopembereswa
Rebhanoni Sirioni
Semhuru yenyati.

6 Mirazvo rinopamura
Inzwi raJehovha
Rinodederesa renje
Renje reKadheshi.

7 Rinoberekesa nhondo
Miti rosvuvura
Mutembere yake zvose
Zvinoti kuhwinya.

8 Jehovha wakatogara
Chigaro chovushe
Zvirokwazvo ndiye mambo
Nokusingaperi.

9 Jehovha uchapa vanhu
Vanhu vake simba
Vuye ucharopafadza
Vanhu norugare.

## Pisarema 30. C.M.

*Pisarema norwiyo pakutsaurwa kweimba yaDhavhidhi.*

1 Ndichakukudza zvikuru
Hamuna kutenda
Vavengi vangu vafare
Nako kuda kwangu.

2 Mwi Jehovha Mwari wangu
Makandiponesa
Pandakachema kwamuri
Makandiponesa.

3 Mabudisa mweya wangu
Ipo paSheori
Mweya makauchengeta
Ndisaburukira.

4 Imbira Jehovha nziyo
Dzokumurumbidza
Muvonge murangarire
Zita rake dzvene.

5 Kutsamwa kwake kuripo
Chinguva chiduku
Asi idzo ngoni dzake
Ndedzenguva dzose.

Kuchema kungangovapo
Po pamadekwana
Asi mufaro nosvika
Ari mangwanani.

6 Kana ndirini ndakati
Pakufara kwangu
Handimbotenderi kuti
Ndimbozungunuswa.

7 Imwi Jehovha nengoni
Makamisa gomo
Makavanza chiso chenyu
Ndikatambudzika.

8 Ndakachemavo kwamuri
Iyemwi Jehovha
Ndikakumbira kwamuri
Iyemwi Jehovha.

9 Ko ringabatsira nei
Iro ropa rangu
Ndoburukira mugomba
Richabatsirei?

Ko ringakurumbidzai
Iro roguruva
Ringagona kududzira
Cho chokwadi chenyu.

10 Inzwai Imwi Jehovha
Mundinzwire tsitsi
Mwi Jehovha mugozova
Mubatsiri wangu.

11 Makashandura kuchema
Kukava kufara
Makandisunga chivuno
Naiwo mufaro.

12 Kuti ndigokurumbidzai
Ndisambonyarara
Ndichakuvonga Jehovha
Nokusingaperi.

## Pisarema 31. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndinovimba naJehovha
Ndirego nyadziswa
Pakururama kwenyu ku
Ndirwirei Imwi.

2 Rerekai nzeve dzenyu
Kwandiri kozvino
Mugozova dombo rangu
Rokundiponesa.

3 Dombo rangu nayo nhare
NdiYemwi Jehovha
Nditungamirire imwi
Naro zita renyu.

4 Pamumbure ndibvutei
Wavandidzikira
Pakavanda nokutimwi
Ndimwi nhare yangu.

5 Ndinoisa mweya wangu
Muruvoko rwenyu
Mwari wazvokwadi Imwi
Mandidzikunura.

6 Ndinovenga vanokudza
Zvisina maturo
Asi ndichavimba nemwi
Iyemwi Jehovha.

7 Ndicharara nokufara
Nadzo tsitsi dzenyu
Manikidzo nedambudzo
Zvangu makaziva.

8 Muruvoko rwomuvengi
Hamuna kundisa
Panzvimbo yakafanira
Ma'sa tsoka dzangu.

9 Ndinzwirei tsitsi Imwi
Zvandiri panjodzi
Ziso rangu nomuviri
Zvapera kuchema.

10 Vupenyu nawo makore
Zvapera kuchema
Simba rangu namafupa
Zvava kusakara.

11 Ndava chinhu chinozvidzwa
Navo vadzivisi
Zvirokwazvo novokwangu
Vachazonditiza.

12 Ndakangamwa sowakafa
Usata chafunga
Ini ndava somudziyo
Wakatoputsika.

13 Ndanzwa vachindipomera
Zvinotyisa chose
Vorangana nokufunga
Zvokundivuraya.

14 Asi ndakavimba nemwi
Iyemwi Jehovha
Ndichiti Iyemwi moga
Ndimwi Mwari wangu.

15 Nguva dziri muruvoko
Muruvoko rwenyu
Ndirwirei pavavengi
Navonditambudza.

16 Chiso chenyu musavanza
Pamuranda wenyu
Ndiponese Imwi Mwari
Novunyoro hwenyu.

17 Ngandirege kunyadziswa
Ndakadana Imwi
Vanyadziswe vakaipa
Apo paGehena.

18 Miromo ngainyarare
Inoreva nhema
Yotaura ichizvidza
Vo vakarurama.

19 Zvakanaka nokukura
Zvamachengetera
Vanovimba nokumutya
Pakati pavanhu.

20 Pakavanda muchavanza
Kumano avanhu
Patente movachengeta
Panharo dzendimi.

21 Ye Jehovha ngaavongwe
Wakandiratidza
Vunyoro hwake paguta
Guta rakasimba.

22 Ndakati pakukaruka
Ndakabviswa mberi
Asi Imi manzwa inzwi
Rokuchema kwangu.

23 Ida Jehovha vatsvene
Unomuchengeta
Vozvikudza unotsiva
Asi vatendeka.

24 Iva nesimba pamoyo
Musimba mutsunge
Imwi mose makarinda
Makarinda Mwari.

## Pisarema 32. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi. Maschil.*

1 Wakakomborerwa uyo
Wakakanganwirwa
Kudarika kwake kose
Kwakafukidzirwa.

2 Wakakomborerwa munhu
Singaverengerwi
Zvakaipa zvake zvose
Usinganyengeri.

3 Panguva yandakaramba
Ndakangonyarara
Mapfupa akasakara
Nako kuvuvura.

4 Ruvoko rwandiremera
Siku nesikati
Vunyoro hwakashandurwa
Kukava kuwoma.

5 Ndakakuzivisai Mwi
Chivi changu ichi
Handina kukuvanzirai
Chakaipa changu.

6 Ndati ndicharevurura
Kudarika kwangu
Imwi mandikanganwira
Ko kuipa kwangu.

7 Mwari vose vanomutya
Ngavanyengetere
Nyange mvura yokukura
Haivasvikiri.

8 Ndimwi nzvimbo yokuvanda
Muchandichengeta
Kutambura ndisawira
Mondikomborera.

9 Ndichakudzidzisa nzira
Nayo ugofamba
Ziso njere ndichakupa
Pamusoro wako.

10 Rega kuita sebhiza
Risinganzwisisi
Namatomu namakashu
Rinongofambiswa.

11 Njodzi ichagara pedo
Pano wakaipa
Vanovimba naJehovha
Vogara mutsitsi.

12 Farai mufarisise
MunaYe Jehovha
Pururudza nomufaro
Mi vakarurama.

## Pisarema 33. C.M.

1 Farai muna Jehovha
Mi vakarurama
Kurumbidzwa mafanira
Imi varurami.

2 Vonga Jehovha nembira
Muimbire nziyo
Murumbidze Ye Jehovha
Nemi-tengeranwa.

3 Muimbire rumbo rutsva
Ridza zvakanaka
4 Rakarurama roshoko
Ye wakatendeka.

5 Kururama unokuda
Nokururamisa
Nyika yose yakazara
Novunyoro hwake.

6 Denga rakaitwa naro
Shoko raJehovha
Nehondo nako kufema
Komuromo wake.

7 Unovunganidza mvura
Nokuichengeta
Mvura zhinji dzakadzika
Imo mumatura.

8 Nyika ngaimutye Iye
Itye Ye Jehovha
Navose vagere pasi
Vadedere Iye.

9 Nokuti wakataura
Zvikazoitika
Waraira zvikamira
Zvakasimbisisa.

10 Jehovha unoparadza.
Zano rav'hedeni
Mifungo yendudzi dzose
Woshaisa simba.

11 Zano rake rakasimba
Nokusingaperi
Nefungwa dzomoyo wake
Nosvika kundudzi.

12 Rwakakomborerwa rudzi
Runaye Jehovha
Rudzi rwaakatsaura
Kuva nhaka yake.

13 Jehovha unotarira
Ariko kudenga
14 Unovona vanhu vose
Vagere panyika.

15 Iye unovumba moyo
Yavo vanhu vose
Unocherekedza basa
Basa ravo rose.

16 Hapana ungaponeswa
Nokuda kwehondo
Mhare haingazorwirwi
Nokuda kwesimba.

17 Bhiza haringakurwiri
Pakukunda hondo
Harigoni kubatsira
Naro simba raro.

18 Ziso rake Ye Jehovha
Rinovatarira
Vanomutya nokurinda
Idzo nyasha dzake.

19 Kurwira mweya parufu
Panguva yenzara
20 Mweya yakamurindira
Ndiye mubatsiri.

21 Moyo yedu ichafara
Naro zita rake
22 Tsitsi dzenyu dzive nesu
Zvatamurindira.

## Pisarema 34. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi, panguva yaakazviita benzi pamberi paAbimereki, akadzingwa naye, akaenda hake.*

1 Mweya wangu m'na Jehovha
Nguva yangu yose
Mumuromo ichagara
Yo rumbidzo yake.

2 Mweya wangu m'na Jehovha
Uchazvirumbidza
Navanyoro vachazvinzwa
Vakafarisisa.

3 Pamwe chete timukudze
Wakandipindura
Wakazondisunungura
Po pakutya kwangu.

4 Vakatarira kwaari
Vopenya mufaro
Nazvo zviso zvavo zvose
Hazvinganyadziswi.

5 Nomurombo wakachema
Jehovha wamunzwa
Zvino wakamuporesa
Po panjodzi dzake.

6 Nomutumwa waJehovha
Unokomberedza
Vose vaya vanomutya
Nokuzovarwira.

7 Ravira henyu muvone
Kuti wakanaka
Wakakomborerwa munhu
Unovimba naye.

8 Ityai Jehovha mose
Mi vatsvene vake
Nokuti vanotya Iye
Havangashaiwi.

9 Nyange shumba dzoshaiwa
Dzikafa nenzara
Asi avo vomutsvaka
Havangashaiwi.

10 Vuyai vana m'terere
Ndigokudzidzisai
Mugodzidza imwi vana
Kuti mutye Mwari.

11 Ndiani woda vupenyu?
Mazuva mazhinji
Kuti mahwuri avone
Zvakanaka zvoga.

12 Rurimi rwako chidzora
Pane zvakaipa
Nemiromo yako iyo
Panokunyengera.

13 Ibva pane zvakaipa
Ita zvakanaka
Iwe tsvaka gorugare
Ugorutevera.

14 Meso ake otarira
Vo vakarurama
Vuye nzeve dzake idzo
Dzinonzwa kuchema.

15 Chiso chake chinovenga
Vo'ta zvakaipa
Uchabvisa chochiedza
Chavo pano pasi.

16 Varurami vakadana
Jehovha akanzwa
Wavarwira po panjodzi
Njodzi dzavo dzose.

17 Jehovha uripo pedo
Moyo yakaputswa
Noponesa vanemweya
Yakangopwanyika.

18 Mapfupa unochengeta
Haangavhuniki
Zvakaipa zvichavuya
Vachapiwa mhosva.

19 Madambudzo vo vanawo
Vo vakarurama
Asi Ye unovarwira
Vabude maari.

20 Jehovha nodzikunura
Mweya yavaranda
Hapana nomumwe wavo
Uchapiwa mhosva.

## Pisarema 35. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Kakavadzanai navo
Vondikakavadza
Imwi mugozorwa navo
Vo vanorwa neni.

2 Nhovo huru nayo duku
Imwi chitorai
Simuka mundibatsire
Kuzondibatsira.

3 Chirivhomorai pfumo
Mudzivire nzira
Yavanonditeverera
Muvadzivirire.

Kunawovo mweya wangu
Chidotaurai
Muti ndini mubatsiri
Mubatsiri wako.

4 Vanotsvaka mweya wangu
Vo ngavanyadziswe
Vakanganiswe vazvidzwe
Vadzoserwe shure.

5 Ngavafanane nehundi
Inopepereswa
Nomutumwa waJehovha
Avatandanise.

6 Nzira yavo ngaitedze
Ngaive nerima
Nomutumwa waJehovha
Avateverere.

7 Nokuti ndisine mhosva
Vakachera hunza
Vandivanzira mumbure
Imomo muhunza.

8 Kuparadzwa kumuwire
Achingosifara
Nomumbure waateya
Ngaabatwe nawo.

9 Mweya wangu chafarira
Iyemwi Jehovha
Iko kuponeswa kwenyu
Ndichakufarira.

10 Mafupa angu achati
Jehovha ndiani?
Ungambofanana nemwi
Iyemwi Jehovha.

Munomurwira murombo
Panavanesimba
Vanomukurira iye
Navanomupamba.

11 Izvo zvapupu zvenhema
Zvinongosimuka
Zvinondibvunzavo zvinhu
Zvandisingazivi.

12 Izvo zvakanaka zvangu
Vanozvitsiva ne
Zvakaipa vachibira
Iwo mweya wangu.

13 Asi kana ndiri ini
Pakurwara kwavo
Ndakazvitambudza mweya
Ndafuka magumbu.

Ndakazvinyima zvokudya
Pakurwara kwavo
Nomunyengetero wangu
Wadzoka kwandiri.

14 Kunge seshamwari dzangu
Ndakazova chema
Ndakakotamira pasi
Sendochema mai.

15 Popakugumburwa kwangu
Ivo vakafara
Vavungana pamwe chete
Vanhu vakashata.

Vakavungana kuzorwa
Nokundibvambura
Navandisingambozivi
Vasingandiregi.

16 Savadadi vakaipa
Vari pamitambo
Vakandigedera meno
Ivo vakaipa.

17 Muchatarira izvozvo
Kusvikira rini?
Dorwirai mweya wangu
Ipapo pashumba.

18 Ipo pavungano huru
Ndichakuvongai
Ndichazokurumbidzai
Pavanhu vazhinji.

19 Ivo vanongondivenga
Ndisina nemhosva
Vasatongofara zvavo
Pamusoro pangu.

Ivo vanongondivenga
Ndisina nemhosva
Ngavarege kubwaira
Namaziso avo.

20 Havatauri rugare
Vanongofungira
Vakanyarara panyika
Zvisakarurama.

21 Vakatondishamisira
Yo miromo yavo
Vachiti hekani waro
Takatozvivona.

22 Makazvivona Jehovha
Rega kunyarara
Ishe musazogarazve
Iko kure neni.

23 Chisimukai Jehovha
Tambe mhaka yangu
Mwari wangu Ishe wangu
Ndiruramisire.

24 Nditongerei Jehovha
Nako kururama
Ngavarege kuzofara
Pamusoro pangu.

25 Varege kuti mumoyo
Zvatanga tichida
Hekani zvazoitika
Iye tamumedza.

26 Ngavanyadziswe vazvidzwe
Vanongofarira
Pamwe chete vachifara
Nokuzvidzwa kwangu.

Ngavafukidzwe nenyadzi
Vazvidzwe ivavo
Ivavo vanozvikudza
Pamusoro pangu.

27 Vadanidzire mufaro
Ivo ngavafare
Vanoda kururamiswa
Kwayo mhaka yangu.

Ngavarambe vachingoti
Jehovha akudzwe
Iye unoda kufara
Komuranda wake.

28 Ipapo rurimi rwangu
Ruchazotaura
Kurumbidzwa kururuma
Kwenyu zuva rose.

## Pisarema 36. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi muranda waJehovha.*

1 Kutadza kwowakaipa
Kunoti mumoyo
Mangu, haambotyi Mwari
Po pameso ake.

2 Iye unozvinyengera
Kuti zvakaipa
Zvake hazvingazikanwi
Zvikavengwa kwazvo.

3 Mashoko muromo wake
Ndiko kunyengera
Wakasiya kuchenjera
Nazvo zvakanaka.

4 Unofunga zvakaipa
Po panhovo dzake
Nenzira isakanaka
Unofamba nayo.

5 Vunyoro hwenyu Jehovha
Hwakasvika iko
Kudenga nokutendeka
Iko kumakore.

6 Iko kururama kwenyu
Kwakazofanana
Nawo makomo makuru
Nokutonga kwenyu.

Iko kwakagadzikana
Iyemwi Jehovha
Ndimwi munovachengeta
Vo vanhu nemhuka.

7 Hwakanaka-naka sei?
Hwo vunyoro hwenyu
Vana vavanhu vovanda
Pamumvuri wenyu.

8 Ivo vachaguta kwazvo
Zvakakora zvenyu
Vachamwiswa parwizirwe
Zvinofadza zvenyu.

9 Nokuti iko kwamuri
Ndiko kunetsime
Rovupenyu zveikoko
Tovona chiedza.

10 Rambai muchiitira
Vanokuzivai
Vunyoro nokururama
Kuna varurami.

11 Rutsoka rwowakaipa
Rusanditevera
Ruvoko rwowakaipa
Rurego ndidzinga.

12 Ndopavakawira pasi
Ivo vakaipa
Vakawa havangamuki
Ivo vakaipa.

## Pisarema 37. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Sava neshungu navano
Ita zvakaipa
Usavagodora avo
Vasakarurama.

2 Ivo vachakurumidza
Kudzurwa sovuswa
Vachawoma somuriwo
Muriwo mutema.

3 Iwe vimba naJehovha
Ita zvakanaka
Gara ushingairire
Iko kutendeka.

4 Muna Jehovha ufare
Iye uchakupa
Izvozvo zvinodikamwa
Nawo moyo wako.

5 Isa iyo nzira yako
KunaYe Jehovha
Ugovimba naye Iye
Achakuitira.

6 Sechiedza kururama
Uchakubudisa
Kururamisirwa kwako
Kunge masikati.

7 Iwe mirira Jehovha
Usava neshungu
Navanoita vomano
Mano akaipa.

8 Iwe kutsamwa chirega
Nokuzvitambudza
Zvinongokokera munhu
Kune zvakaipa.

9 Vanoita zvakaipa
Ivo vachagurwa
Vanorindira Jehovha
Vachawana nhaka.

10 Kwangosara nguva duku
Kunowakaipa
Uchazomucherekedza
Asi haachipo.

11 Vanyoro vachazogara
Yo nhaka yenyika
Ndivavo vachazofara
Naigo rugare.

12 Wakaipa nofungira
Varurami mano
Akaipa chigedera
Varurami meno.

13 Ishe uchazomuseka
Kuti unovona
Zuva rake rinovuya
Uchazomuseka.

14 Vaipi vakavhomora
Yo minondo yavo
Vakahwemburavo vuta
Kuti vaparadze.

Kuti vawisirwe pasi
Ivavo varombo
Kuti vovakarurama
Vawisire pasi.

15 Minondo yavo chapinda
Mo mumoyo yavo
Naihwovo vuta hwavo
Vuchazovhuniwa.

16 Zvishoma zvo zvakanaka
Zvowakarurama
Zvinopfuvura zvizhinji
Zvaye wakaipa.

17 Mavoko avakaipa
Achazovhuniwa
YeJehovha wotsigira
Vovakarurama.

18 Jehovha unotoziva
Namazuva avo
Vakarurama nenhaka
Nokusingaperi.

19 Havangatongonyadziswi
Nguva yakaipa
Ivo nemisi yenzara
Vachangogutiswa.

20 Vakaipa vacharova
Vachazoparara
Vachafanana mafuta
Mafuta novutsi.

21 Wakaipa nokwereta
Asingazodzosi
Wakarurama unopa
Kuti unengoni.

22 Vanokomborerwa naYe
Vachagara nhaka
Asi vanotukwa naye
Vachazoparadzwa.

23 Kufamba kowakanaka
NdokwaYe Jehovha
Unodzifarira nzira
Dzowakarurama.

24 Kunyanguva akambowa
Uchazomukazve
Mwari unomutsigira
Noruvoko rwake.

25 Ndakanga ndiri muduku
Zvino ndakwegura
Wakarurama ndizati
Ndavona achiwa.

Kunyange navana vake
Vo wakarurama
Ndichigere kumbovona
Ivo vachipemha.

26 Zuva rose unengoni
Unongokwereta
Naivovo vana vake
Vakakomborerwa.

27 Ibva pane zvakaipa
Ita zvakanaka
Ugogara zvakanaka
Nokusingaperi.

28 Iye Jehovha unoda
Zvakangorurama
Vatsvene unochengeta
Nokusingaperi.

29 Vakarurama vogara
Nhaka yapanyika
Ivo vachazogaramo
Nokusingaperi.

30 Muromo wakarurama
Wotaura njere
Rurimi runotaura
Zvakangorurama.

31 Womurairo waMwari
Ri mumoyo make
Napo pakutsika kwake
Haatedzemuki.

32 Wakaipa novandira
Ye wakarurama
Achitsvaka kuvuraya
Ye wakarurama.

33 Jehovha haamuregi
Muruvoko rwake
Kana kumbomupa mhosva
Kana achitongwa.

34 Iwe rindira Jehovha
Rambira munzira
Iye uchazokukudza
Ugare panyika.

35 Ndakavona wakaipa
Anesimba guru
Otandavara somuti
Munyoro panyika.

36 Mumwe wakapfuvurazve
Haachawanikwi
Ndakamutsvakazve asi
Iye haachipo.

37 Chicherekedza yemunhu
Iye wakakwana
Ndiye wakaruramira
Mugumo rugare.

38 Kana vari vadariki
Vachazoparadzwa
Pakuguma kwavo ivo
Vachazoparadzwa.

39 Asi kuponeswa kwavo
Kwavakarurama
Kunobva kuna Jehovha
Ndiye nhare yawo.

40 Jehovha unovarwira
Nokuvaponesa
Kuna vakaipa kuti
Ndovuvando hwavo.

## Pisarema 38. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi, rokuyevudzira.*

1 Jehovha musandirova
Pakutsamwa kwenyu
Musandiranga pakusa
Fara kokukuru.

2 Nokuti miseve yenyu
Yakatondibaya
Naigo ruvoko rwenyu
Rwanditsikirira.

3 Hapachina vukukutu
Po panyama yangu
Nokuda kwehasha dzenyu
Nazvo zvivi zvangu.

4 Kuti zvakaipa zvangu
Fukidza musoro
Zvinorema somutoro
Uyo unorema.

5 Nawo maronda anguvo
Anonhuwa chose
Akavoravo nokuda
Ko vupenzi hwangu.

6 Ini ndakakombamiswa
Ndakakotamiswa
Ndinofamba ndichichema
Iro zuva rose.

7 Nokuti chivuno changu
Icho chinopisa
Akuchino vukukutu
Po panyama yangu.

8 Ini ndakati rukutu
Ndavhunika kwazvo
Ndagomera kutambura
Kwawo moyo wangu.

9 She zvinoda moyo wangu
Zviri mberi kwangu
Hamuna kumbovanzirwa
Kugomera kwangu.

10 Moyo wangu unopfura
Ndatopera simba
Nacho chiedza chameso
Chakabva kwandiri.

11 Vanondida neshamwari
Nadzo hama dzangu
Vamire kure nokuda
Ko kugwara kwangu.

12 Vonditeyera misungo
Votsvaka vupenyu
Vanoda kundikuvadza
Nokundiparadza.

13 Ndakafanana nematsi
Iyo isinganzwi
Ndakafana nembeveve
Isingatauri.

14 Ndakafanana nomunhu
Usingatongonzwi
Usina kana mhinduro
Pamuromo wake.

15 Ndimwi wandinotarira
Iyemwi Jehovha
Ndimwi muchandipindura
Imwi Mwari wangu.

16 Mundinzwei Imwi Mwari
Vagosazofara
Kana ndichitedzemuka
Vasazozvikudza.

17 Ndakatozvigadzirira
Iko kugumburwa
Naiyovo njodzi yangu
Iri mberi kwangu.

18 Ini ndicharevurura
Zvakaipa zvangu
Ini ndichasingochema
Izvo zvivi zvangu.

19 Asi vovavengi vangu
Ivo vanesimba
Vanondivenga vawanda
Ndisina nemhosva.

20 Vanotsiva zvakaipa
Nazvo zvakanaka
Ndivo vadzivisi vangu
Ndota zvakanaka.

21 Kundisiya chiregai
Iyemwi Jehovha
Kuvakure chiregai
Kuva kure neni.

22 Chimbidza kundibatsira
Muponesi wangu
Imwi chikurumidzai
Muponesi wangu.

## Pisarema 39. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. KunaJeduthun. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndati ndichachenjerera
Idzo nzira dzangu
Kuti ndirege kutadza
Norurimi rwangu.

Netomu ndichachengeta
Womuromo wangu
Wakaipa ari pedo
Po pamberi pangu.

2 Ndanyarara sembeveve
Ndisingatauri
Kunyange nezvakanaka
Ndakangogomera.

3 Moyo wangu wakapisa
Mo mukati mangu
Ndichifunga nokupfuta
Ipapo ndakati

4 Ndizivisei kuguma
Kuti kwakadini
Namazuva angu kuti
Ndinongopfuvura.

5 Tarira mazuva angu
Zvamakaaita
Sokufara kwacho chanza
Sechinhu chisipo.

Ko kururama komunhu
Nyange akasimba
Unongova mweya bedzi
Unongopfuvura.

6 Munhu mumwe vonomumwe
Unofamba-famba
Achisingoita bope
Hazvina maturo.

Unovunganidza fuma
Asingambozivi
Kuti ndianiko uyo
Iye achaidya.

7 Ishe ndakarindirei
Chandakarindira
Tariro yangu iriko
Ikoko kwamuri.

8 Ndirwirei Imwi Mwari
Panokudarika
Kuti ndirege kusekwa
Naiwo mapenzi.

9 Ndakanga ndiri mbeveve
Ndakangonyarara
Nokuti ndimwi Jehovha
Makambozviita.

10 Shamhu yenyu chibvisai
Ipapo pandiri
Ndatopera nokurohwa
Noruvoko rwenyu.

11 Kana muchiranga munhu
Muchimuraira
Pane zvakaipa zvake
Munozomupedza.

Mopedza fuma yake
Sacho chivundudzi
Zvirokwazvo iye munhu
Unongova mweya.

12 Inzwai munyengetero
Wangu nokuchema
Rerekai nzeve dzenyu
Musangonyarara.

Nokuti ni ndiri mweni
Mutorwa kwamuri
Sezvakanga zvakaita
Madzibaba angu.

13 Regai kunditarira
Ndimbo naya hangu
Ndisati ndambobva pano
Ndikasazovapo.

## Pisarema 40. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndakarindira Jehovha
Nomoyo murefu
Wandirerekera nzeve
Akanzwa kuchema.

2 Wandibudisa pagomba
Ro rokuparadzwa
Nomudziva ramatope
Wakandibudisa.

3 Wakamisa tsoka dzangu
Pamsoro pedombo
Akazondisimbise ni
Pakufamba kwangu.

4 Rumbo rutsva wakaisa
Mumuromo mangu
Rwokumurumbidza narwo
Iye Mwari wangu.

5 Vazhinji vachazvivona
Vazhinji vachatya
Vagovimba naye ivo
NaIye Jehovha.

6 Wakakomborerwa uyo
Woita Jehovha
Kuti ave nzvimbo yake
Iyo yokuvanda.

7 Usisina hanya navo
Navanozvikudza
Navanotsaukirako
Ikoko kunhema.

8 Mabasa enyu Jehovha
Imi Mwari wangu
Anoshamisa mazhinji
Amakaita wo.

9 Nemifungo yenyu Imwi
Kwatiri hapana
Ungaenzaniswa nemwi
Pakufunga kwenyu.

10 Ndikada kuzvidudzira
Kana kuzvireva
Hazvingaverengwi izvo
Nokuwanda kwazvo.

11 Zvibairo zvipiriso
Hazvingamufadzi
Mandidzivurira nzeve
Zvinopiswa mudi.

12 Tarira zvino ndauya
Ipapo ndakati
Murugwaro makanyorwa
Pamusoro pangu.

13 Ndinofarira kuita
Kuda kwenyu Mwari
Zvirokwazvo murairo
Ri mumoyo mangu.

14 Ndakaparidza mufaro
Pavungano huru
Munoziva handidzori
Wo muromo wangu.

15 Handina kuvanza chinhu
Mo mumoyo mangu
Kutendeka ndadudzira
Ruponeso rwenyu.

16 Handina kumbovanzira
Yo vungano huru
Vunyoro nokururama
Nechokwadi chenyu.

17 Jehovha musandinyima
Idzo ngoni dzenyu
Vunyoro chokwadi chenyu
Zvindichengete ni.

18 Nokuti matambudziko
Asingaverengwi
Akangondikomberedza
Ndatopera moyo.

19 Zvakaipa zvandibata
Zvakawandisisa
Kupfuura iro vhudzi
Ro musoro wangu.

20 Ngavaparadzwe vazvidzwe
Vanotsvaka kuti
Mweya wangu uparadzwe
Vadzoserwe shure.

21 Ngavavhunduswe nenyadzi
Vanoti kwandiri
Hekani, Hekani waro
Vanyadziswe ivo.

22 Zvikufadzei Jehovha
Kuti mundirwire
Kurumidzai Jehovha
Kuzondibatsira.

23 Vafare vokutsvakai
Voda ruponeso
Ngavarambe vachingoti
Jehovha akudzwe.

24 Asi ni ndiri murombo
Nounoshaiwa
Kunyanguva zvakadaro
She unondifunga.

25 Muri mubatsiri wangu
Nomurwiri wangu
Chiregai kunonoka
Imwi Mwari wangu.

## Pisarema 41. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Wakakomborerwa uyo
Wofunga varombo
Jehovha uchamurwira
Musi wakaipa.

2 Iye womuraramisa
Nokumuchengeta
Iye uchakomborerwa
NaIye Jehovha.

3 Wokomborerwa panyika
NaIye Jehovha
Haangatongomusiyi
Pavavengi vake.

Iye uchamutsigira
Pakurwara kwake
Moshandura nhovo dzake
Pakurwara kwake.

4 Ini ndakati Jehovha
Ndinzwirei tsitsi
Poresai mweya wangu
Ndakakutadzira.

5 Vavengi vanotaura
Izvo zvakaipa
Ndirinhi kwaachagofa
Zita rigorova.

6 Kana vachizondivona
Zvisina maturo
Vanozvivunganidzira
Nokuzviparidza.

7 Ivavo vanondivenga
Vanozevezera
Vachirangana zvokuti
Vagondikuvadza.

8 Chakaipa chamubata
Ndo zvavanoreva
Zvino zvaavata pasi
Haachamuki zve.

9 Kunyange shamwari yangu
Ndinovimba naye
Waidya zvokudya zvangu
Wava kurwa neni.

10 Asi Iyemwi Jehovha
Ndinzwirei tsitsi
Mundisimudzire Imwi
Kuti ndivatsive.

11 Izvi zvinondizivisa
Munofadzwa neni
Nokuti muvengi wangu
Haambondikundi.

12 Ini munonditsigira
Kururama kwangu
Munondiisa pamuri
Nokusingaperi.

13 Iye Mwari waSraeri
Iye ngaavongwe
Kubva pakusingaperi
Nokusingaperi.

# Pisarema 42. C.M.

*Kumutungamiririri wokuimba. Maschil, yavanakomana vaKora.*

1 Nondo notakwairira
Dzo hova dzemvura
Saizvozvo mweya uno
Takwairire Mwi.

2 Mweya wangu unenyota
Kuna Iye Mwari
Ndichagosvika riniko
Ndivonekwe naYe.

3 Misodzi yangu yakanga
Iri zvozvokudya
Masikati novusiku
Vachingotaura.

Vakataura vachiti
Iro zuva rose
Mwari wako uripiko
Vachingotaura.

4 Ndinosingorangarira
Zvinhu izvi zvose
Ndichisingoudurura
Iwo mweya wangu.

Navazhinji taienda
Kuimba yaMwari
Ndichitungamira uko
Kuimba yaMwari.

Navazhinji taifara
Tichimurumbidza
Tichitamba mumba make
Nenzwi rokufara.

5 Ko unosuwireiko
Iwe mweya wangu
Unoshaiwa rugare
Seiko mandiri?

Tarira kuna Jehovha
Ndichamurumbidza
Nokuda kokuponesa
Kwacho chiso chake.

6 Mweya wangu unosuwa
Mo mukati mangu
Ndichikurangarirai
Ndiri Jorodani.

7 Pakadzika panodana
Ipo pakadzika
Napakutinhira kwawo
Mapopopo enyu.

Iwo mapoporodzi vo
Naiwo mafungu
Zvose zvakangopfuvura
Pamusoro pangu.

8 Vunyoro ucharaira
Hwake masikati
Vusiku ndoimba rwiyo
Somunyengetero.

9 Ndichati kunaYe Mwari
Imwi dombo rangu
Makandikangamwirei
Imwi Mwari wangu.

Ndinofamba ndichichema
Ndichimanikidzwa
Naiye muvengi wangu
Nemhaka yeiko?

10 Zvakafana nomunondo
Pamafupa angu
Vavengi vangu vanoti
Mwari uripiko?

11 Ko unosuwireiko
Iwe mweya wangu
Unoshaiwa rugare
Seiko mandiri.

Tarira kunaJehovha
Ndichamurumbidza
Nokuda kokuponesa
Kwacho chiso chake.

## Pisarema 43. C.M.

1 Nditongereivo Mwari
Mundireverere
Mhosva yanguvo parudzi
Rusina netsitsi.

Ndirwireivo Jehovha
Imwi ndirwirei
Pamunhu unonyengera
Usakarurama.

2 Imwi ndimwi simba rangu
Mondirashirei
Ndinofamba ndichichema
Navamanikidzi.

3 Zvokwadi nacho chiedza
Zvinditungamire
Ndisvitswe pagomo renyu
NeTabernakeri.

4 Ipapo ndichazosvika
Aritari yenyu
Ndicharumbidza nembira
Mwi mufaro wangu.

5 Ko unosuwireiko
Iwe mweya wangu
Unoshaiwa rugare
Seiko mandiri.

Tarira kuna Jehovha
Ndichamurumbidza
Nokuda kokuponesa
Kwacho chiso chake.

## Pisarema 44. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema ravanakomana vaKora. Maschil.*

1 Takanzwa nenzeve dzedu
Imwi Mwari wedu
Nawo madzibaba edu
Akasitivudza.

Basa ramakambobata
Imwi Mwari wedu
Ipapo pamisi yavo
Nemisi yekare.

2 Makadzinga vahedheni
Noruvoko rwenyu
Nokuvatambudza avo
Nokuparadzira.

3 Havana kuzviwanira
Nyika nomunondo
Ruvoko rwavo haruna
Kumbovaponesa.

Chanza chenyuvo chorudyi
Chakavaponesa
Naicho chiedza chenyu
Maivafarira.

4 Imwi ndimi Mwari wangu
Chidorairai
Kuti Jakobo akunde
Imwi Mwari wangu.

5 Nemwi towisira pasi
Vadzivisi vedu
Nezita renyu totsika
Vanotimukira.

6 Nokuti handingavimbi
Nahwo vuta hwangu
Naiwo munondo wangu
Haundibatsiri.

7 Imi makatiponesa
Po pavadzivisi
Makazonyadzisa avo
Vanongotivenga.

8 Isu takazvirumbidza
Muna Mwari wedu
Tichavonga zita renyu
Nokusingaperi.

9 Asi zvino matirasha
Makatinyadzisa
Hamuchafambi nehondo
Idzo hondo dzedu.

10 Munotitizisa isu
Pavavengi vedu
Vanopamba pfuma yedu
Vachizvitorera.

11 Takaita samakwai
Anondobaiwa
Matiparadzira isu
Muna vahedheni.

12 Vanhu venyu matengesa
Musingaripiwi
Hamumbowedzeri fuma
Wo mutengo wavo.

13 Matiita vanhu vano
Sekwa nokuzvidzwa
Navo vatigere navo
Vatikomberedza.

14 Makatiitavo shumo
Yapavahedheni
Vanodzungudza misoro
Ivo vahedheni.

15 Kuzvidzwa kwangu kuripo
Po pamberi pangu
Kunyara kwechiso changu
Kwakandifukidza.

16 Nokuda kwairo inzwi
Raiye muvengi
Nomutuki nomutsivi
Naiye muzvidzi.

17 Nyange zvose zvatiwira
Hatimbokangamwi
Hatina kumbonyengera
Pasungano yenyu.

18 Naiyovo moyo yedu
Haina kudzoka
Tsoka hadzimbotsauki
Pane nzira yenyu.

19 Nyange matipwanya-pwanya
Ipo pazvikara
Tikafukidzwa mumvuri
Mumvuri worufu.

20 Kana tikarikangamwa
Zita raJehovha
Tandavadzai ruvoko
Kumwari wendudzi.

21 Ko Mwari haanganzveri
Izvo zvose here?
Kuti Iye unoziva
Zvakazovanzika.

22 Zvirokwazvo kuda kwenyu
Tinongovurawa
Tinoita samakwai
Okungobaiwa.

23 Muka Munovatirei
Mukai Jehovha
Musambotirasha Imwi
Nokusingaperi.

24 Munovanzirei chiso
Muchingokangamwa
Kutambura kwedu uku
Nokumanikidzwa.

25 Mweya wakakotamira
Kuna roguruva
Dumbu rinonamatira
Paguruva revhu.

26 Simuka mutibatsire
Iyemi Jehovha
Mutidzikunure isu
Sovunyoro hwenyu

## Pisarema 45. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba; neShoshannim, ravanakomana vaKora, Maschil, rwiyo rworudo.*

1 Moyo wangu notutuma
Manzwi akanaka
Pane zvandakamboita
Zvinoreva mambo.

Rurimi rwangu ipeni
Peni yomunyori
Iye unonyora kwazvo
Achikurumidza.

2 Imwi makanaka-naka
Nokupfuvurisa
Ivavo vanakomana
Vavanhu ivavo.

Nyasha dzakadururirwa
Pamiromo yenyu
Saka wakuropafadza
Nokusingaperi.

3 Sungira munondo wenyu
Po pachidzva chenyu
Vumambo nahwo vukuru
Imwi wamasimba.

4 Fambai muchingokunda
Novumambo hwenyu
Nokuda kwayo zvokwadi
Naihwo vunyoro.

5 Naikovo kururama
Ruvoko rworudyi
Rwenyu rukudzidzisei
Izvo zvinotyisa.

Miseve yenyu nopinza
Vanokundwa neMwi
Inondobaya pamoyo
Yavovenga mambo.

6 Chigaro chenyu chovushe
Nokusingaperi
Tsvimbo yovushe hwenyuvo
Ndeyakarurama.

7 Imwi ndiYemwi makada
Iko kururama
Mukavenga nokuvenga
Zvisakarurama.

Naizvozvo Iye Mwari
Iye Mwari wedu
Wakazokuzodza Imwi
Iye Mwari wedu.

Namafuta okufara
Nokupfuvurisa
Kukunda shamwari dzenyu
Wakakuzodzai.

8 Idzo nguvo dzenyu dzose
Dzinozonhuhwira
Nemura nearoisi
Nayo yokasia.

Madimbwa akufadzai
Iwo anoridzwa
Imo mudzimba dzamambo
Dzenyanga dzenzou.

9 Vakunda vamadzimambo
Varipo pakati
Pakati pavo vakadzi
Ivo vanokudzwa.

Ruvoko rwenyu rworudyi
Vamire vahosi
Vakashongedzwa ndarama
Inobva Ofiri.

10 Terera urangarire
Iwe mukundawe
Rerekera nzeve yako
Uterere unzwe.

Chikangamwa ivo vanhu
Navanhu vokwako
Neimba yababa vako
Chikangamwa zvose.

11 Ipapo mambo uchada
Ko kunaka kwako
Ndiye Ishe wako uyo
Unamate Iye.

12 Iye mukunda weTire
Naye uchavapo
Akabata chipo chake
Paruvoko rwake.

Naivo vari vapfumi
Pakati pavanhu
Naivo vachazotsvaka
Go rugare newe.

13 Iye mukunda wamambo
Nezvishongo zvake
Zvakarukwa nendarama
Zvakaisvonaka.

14 Uchaiswa kuna mambo
Nezvishongo zvake
Zvakarukwa nenariti
Zvakaisvonaka.

Mhandara shamwari dzake
Vanoperekedza
Naivo vachaiswavo
Kwamuri ikoko.

15 Vachavuya nomufaro
Nokufarisisa.
Vagoiswavo mukati
Muzinda wamambo.

16 Panzvimbo yamadzibaba
Vachavepo vana
Vauchaita machinda
Po panyika yose.

17 Ndichariyevudza zita
Kumarudzi ose
Marudzi achakukudza
Nokusingaperi.

## Pisarema 46. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba, kuvanakomana vaKora - Rwiyo Alamoth.*

1 Mwari ndiye vutiziro
Naro simba redu
Nomubatsiri panguva
Dzokumanikidzwa.

2 Saka hatingatyi nyika
Nyange yoshanduka
Nemakomo akabviswa
Aiswe mugungwa.

3 Nyange mvura yotinhira
Yoita mafungu
Namakomo odedera
Kana kupupuma.

4 Rwizi ruripo nehova
Dzinofadza guta
RaMwari naiyo nzvimbo
Yowokumusoro.

5 Mwari urimo mariri
Harizungunuswi
Mwari ucharibatsira
Vutonga hwotsvuka.

6 Vahedheni vota bope
Vakazungunuswa
Rakataura nzwi rake
Nyika kanyauka.

7 Jehovha wehond'unesu
Ndiye nhare yedu
Vuyai muvone basa
Zvishamiso zvake.

8 Ndiye wogumisa kurwa
Nokupisa vuta
Unovhuna womapfumo
Nengoro dzokurwa.

9 Nyarara muzive kuti
Ini ndini Mwari
Ndichava mukuru pasi
Napavahedheni.

10 Jehovha wehondo nesu
Mwari waJakobo
Ndiye uri nhare yedu
Jehovha wehondo.

## Pisarema 47. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema ravanakomana vaKora.*

1 Imwi vanhu vuchirai
Muchipururudza
Kuna Mwari nairo nzwi
Iro romufaro.

2 Jehovha wokumusoro
Iye unotyisa
Ndiyevo mambo mukuru
Pane nyika yose.

3 Ndiye unotikundisa
Idzo ndudzi dzose
Nokudziisavo pasi
Padzo tsoka dzedu.

4 Uchazotitsaurira
Iyo nhaka yedu
Iyo pfuma yaJakobo
Iye waanoda.

5 Iye Mwari wakakwira
Unodanidzira
Nokurira kwehwamanda
Unodanidzira.

6 Imbirai Mwari nziyo
Dzokumurumbidza
Muimbire mambo nziyo
Dzokumurumbidza.

7 Kuti Mwari ndiye mambo
Pano pasi pose
Mumuimbirevo rwiyo
Rwokumurumbidza.

8 Mwari unobata vushe
Napavahedheni
Unogara pachigaro
Chovushe chitsvene.

9 Machinda akavungana
Navanhu vaMwari
Nhovo dzapasi ndedzake
Ndiyevo mukuru.

## Pisarema 48. C.M.

*Rwiyo nePisarema ravanakomana vaKora.*

1 Jehovha ndiye mukuru
Unozorumbidzwa
Muguta raMwari wedu
Nomugomo dzvene.

2 Panokukwirira kwaro
Rakanaka kwazvo
Iro gomo reZioni
Guta rake guru.

3 Naipo padzimba dzaro
Padzimba dzamambo
Mwari wakazviratidza
Kuti ndiye nhare.

4 Tarirai madzimambo
Akazovungana
Iwo ndokuzopfuvura
Iwo pamwe chete.

5 Ivo ndokungorivona
Vakazoshamiswa
Vakavhundukavo vaka
Chimbidza kutiza.

6 Vakabatwavo ipapo
Nako kudedera
Vorwadziwa somukadzi
Iye unopona.

7 Zvikepe munozviputsa
Izvo zvetarshishi
Nayo mhepo inobuda
Napamabvazuva.

8 Saizvozvo zvatakanzwa
Ndozvatakavona
Paguta raMwari wedu
Ucharisimbisa.

9 Takafungavo vunyoro
Hwenyu Imwi Mwari
Momukati metembere
Mutembere yenyu.

10 Zvakaita zita renyu
Kurumbidzwa kwaro
Ndizvovo zvamakaita
Kunoguma nyika.

Ruvoko rwenyu rorudyi
Iyemwi Jehovha
Irwo rwakazara nako
Nako kururama.

11 Gomo ngarifarisise
Gomo reZioni
Navakunda vokwaJudha
Nezvamakatonga.

12 Poteredzai Zioni
Mumbopota naro
Muverenge shogwe dzaro
Muchipota naro.

13 Cherekedza nhare dzaro
Nadzo dzimba dzaro
Vazukuru mugovudza
Vanozotevera.

14 Uyu ndiye Mwari wedu
Nokusingaperi
Uchazotiperekedza
Kusvika parufu.

## Pisarema 49. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema ravanakomana vaKora.*

1 Inzwa chinhu ichi Imwi
Mugere panyika
Muterere imwi mose
Mugere panyika.

2 Iyemwi vaduku mose
Nemwi vanokudzwa
Vafumi nemwi varombo
Mose pamwe chete.

3 Muromo uchataura
Ihwo vuchenjeri
Kufunga komoyo wangu
Kuchava nenjere.

4 Ndichirerekera nzeve
Kumifananidzo
Zvakavanzwa ndichadudza
Namanzwi embira.

5 Ini ndichagotyirei
Misi yakaipa
Zvakaipa zvondivinga
Nokuzondikomba.

6 Ivo vanovimba pfuma
Vanozozvikudza
Pamusoro pokuwanda
Kwayo pfuma yavo.

7 Hapan'ungadzikinura
Iyo hama yake
Kana kupa iye Mwari
Dzukunuro yayo.

8 Rudzikunuro rwomweya
Yavo runokosha
Nokuti runozoguma
Nokusingaperi.

9 Arambe ari mupenyu
Nayo misi yose
Aregovona kuvora
Nayo misi yose.

10 Nokuti vose vanofa
Vachisiya pfuma
Benzi nowakachenjera
Vose pamwe chete.

11 Pamoyo yavo ivavo
Vanofunga kuti
Dzimba dzavo dzichagara
Nokusingaperi.

Vugaro hwavo ihwohwu
Svika kumarudzi
Nyika vanodzitumidza
Namazita avo.

12 Asi munhu haagari
Achisingokudzwa
Iye wakafanana ne
Mhuka dzinopera.

13 Ndiyo nzira yamapenzi
Nyange zvakadaro
Vanhu vanovatevera
Vachitenda izvo.

14 Vakatarirwa Sheori
Saiwo makwai
Rufu ndirwo ruchazova
Iyeyu mufudzi.

Muguva vakaradzikwa
Kunge samakwai
Nairwovo rufu rwavo
Ruchazovamedza.

Ipapo vakarurama
Vachazovatonga
Guva richazoparadza
Vokunaka kwavo.

15 Mwari uchadzikunura
Iwo mweya wangu
Pane simba romuguva
Andidzikunure.

16 Iwe usazotya hako
Mumwe achifuma
Kana fuma yemba yake
Ichingowedzerwa.

17 Nokuti kana ozofa
Haangazvitori
Nomukurumbira wake
Haumuteveri.

18 Kunyanguva paupenyu
Wazviropafadza
Vanhu vachikurumbidza
Pane zvakanaka.

19 Kuna madzibaba ake
Iye uchaenda
Havangavoni chiedza
Nokusingaperi.

20 Iye munhu unokudzwa
Asina nenjere
Wakafanana nemhuka
Dzinongopfuvura.

## Pisarema 50. C.M.

*Pisarema raAsafa.*

1 Mwari Iye Mwari wedu
Wakadana nyika
Kubva zuva richibuda
Kusvika madeko.

2 Iye Mwari wakapenya
Ari paZioni
Rakanaka-naka kwazvo
Irori Zioni.

3 Mwari wedu unovuya
Haanganyarari
Iye moto noparadza
Saro dutu guru.

4 Unodanavo kudenga
Kumusoro-soro
Kuti agotonga vanhu
Vake pano pasi.

5 Vunganidzai vatsvene
Ivavo kwandiri
Vakatoita sungano
Nazvo zvibairo.

6 Kudenga kunodudzira
Kururama kwake
Kuti Iye Mwari ndiye
Mutongi amene.

7 Inzwa imi vanhu vangu
Ndichangotaura
Ndichikupupurirai
Ndini Mwari wenyu.

8 Handingambokutukiyi
Pane zvibairo
Zvipiriso zvinopiswa
Zviri mberi kwangu.

9 Nzombe handingambotori
Yapaimba yako
Kana nhongo pazvirugu
Zvadzo mbudzi dzako.

10 Nokuti mhuka ndedzangu
Dziri mumasango
Nadzo mombe mumakomo
Ane zvuru zvawo.

11 Shiri dzose ndinoziva
Dziri mumakomo
Nemhuka dzose ndedzangu
Dziri mumasango.

12 Kana ndikava nenzara
Handivudzi iwe
Nokuti nyika ndeyangu
Nezvose zvirimo.

13 Ko ini ndingadya here
Nyama yadzo hando
Ko ini ndingamwa here
Ropa radzo mbudzi.

14 Zvibairo mubaire
Izvo zvokuvonga
Uripire wokumsoro
Idzo mhiko dzako.

15 Iwe udane kwandiri
Pakutambudzika
Ini ndichasikurwira
Ugondirumbidza.

16 Asi kunowakaipa
Jehovha unoti
Haunei nomurawo
Wangu nesungano.

17 Unovenga kurairwa
NaIye Jehovha
Unorashavo mashoko
Angu shure kwako.

18 Wati achivona mbavha
Wakaifarira
Naiyo mhombwevo naye
Vanofambidzana.

19 Muromo unotendera
Izvo zvakaipa
Norurimivo kureva
Idzo nhema dzoga.

20 Hama unosipomera
Iyo hama yako
Makuhwa uchiitira
Nomwana wamai.

21 Wakaita zvinhu izvi
Ndikangonyarara
Newe ukafunga kuti
Ndafanana newe.

Asi ndichakuraira
Ndichirongedzera
Zvinhu izvozvi pameso
Napameso ako.

22 Funga chinhu ichi imwi
Vokumukangamwa
Ndigosakubvamburai
Pasino murwiri.

23 Munhu unondirumbidza
Achiigadzira
Nzira yake zvakanaka
Ndichamuponesa.

## Pisarema 51. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi, panguva yakaswika muprofita Natani kwaari, iye apinda kunaBati-sheba.*

1 Mwari ndinzwirei tsitsi
Sovunyoro hwenyu
Kudarika kwangu kose
Chidzimai zvino.

2 Ndisukei Mwari wangu
Pakuipa kwangu
Ndinatsei kwazvo Imwi
Muchitadzo changu.

3 Kudarika kwangu uku
Ndokuzivisisa
Chivi changu chinogara
Chiri mberi kwangu.

4 Imwi moga Imwi moga
Ndakamutadzira
Ndakaita zvakaipa
Mberi kwenyu Mwari.

5 Kuti kutaura kwenyu
Munzi marurama
Vuye pakutonga kwenyu
Musava nemhosva.

6 Tarira ndaberekerwa
Mune zvakaipa
Mai vakanditambira
Ndirimo muzvivi.

7 Tarira moda chokwadi
Chokwadi pamoyo
Munoda kundidzidzisa
Njere pakavanda.

8 Ndinatsei nehisopi
Ndive wakanaka
Ndishambidzei ndichene
Kupfuvura chando.

9 Ndiravidzei mufaro
Nomoyo muchena
Kuti mapfupa mavhuna
Awane rufaro.

10 Zvivanzei chiso chenyu
Po pazvivi zvangu
Mudzimei zvakaipa
Ishe Mwari wangu.

11 Dosikai zve mandiri
Moyo wakachena
Chivandudza mweya wangu
Kuti ururame.

12 Pamberi pechiso chenyu
Murego ndirasha
Musabvisa mweya wenyu
Mutsvene kwandiri.

13 Dodzosera zve kwandiri
M'faro woruponeso
Munditsigire nomweya
Mweya wokutenda.

14 Ipapo ndichadzidzisa
Vadariki nzira
Navatadzi vachatenda
Vavuye kwamuri.

15 Pamhosva yeropa Mwari
Ndirwirei Imwi
Ipapo rurimi rwangu
Ruchamuimbira.

16 Ishe zarura miromo
Ndiparidze Imwi
Kurumbidzwa kwenyu kose
Ndigokutaura.

17 Zvibairo hamuzvidi
Dai ndokupai
Zvipiriso hamuzvidi
Izvo zvinopiswa.

18 Zvibairo zvamunoda
Mweya wakaputswa
Nawo moyo wakapwanywa
Hamungashovori.

19 Vaitire zvakanaka
Ivo veZioni
Mugovakavo masvingo
PaJerusarema.

20 Ipapo muchafarira
Zvibairo zvose
Zvarurama zvipiriso
Zvose zvakanaka.

21 Ipapo vachabayira
Naidzovo nzombe
PaAritari yaMwari
Dzive chibairo.

## Pisarema 52. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Maschil. Pisarema raDhavhidhi; panguva yakasika Doegi muEdomi akavudza Sauro, aciti: Dhavhidhi wasika paimba yaAhimereki.*

1 Mhare nozvikudzirei
Nazvo zvakashata
Tsitsi dzaMwari dziripo
Nayo misi yose.

2 Rurimi rwako nofunga
Zvisakarurama
Sechisvo chinozopinza
Ruchikunyengera.

3 Iwe woda zvakaipa
Kune zvakanaka
Nokungorevavo nhema
Kukunda chokwadi.

4 Mashoko okuparadza
Ndiwo awunoda
Iwe rurimi nhaiwe
Runozonyengera.

5 Mwari uchakuparadza
Nokusingaperi
Uchakubvisa patente
Nokukudzuravo.

6 Varurami vachavona
Vuyezve vachatya
Vagomuseka iyeyo
Vaseke vachiti.

7 Uyu munhu, uyu munhu
Usina kuita
Iye Mwari kuti ave
Iyo nhare yake.

Wakavimba nokuwanda
Kwayo pfuma yake
Iye akazvisimbisa
Pane zvakaipa.

8 Asi kana ndiri ini
Ndakangofanana
Nomunyoro muorivhi
Muimba yaMwari.

Ini ndichasingovimba
Netsitsi dzaMwari
Nokusingaperi-peri
Netsitsi dzaMwari.

9 Imwi ndichakuvongai
Nokusingaperi
Nokuti Imwi ndiyemwi
Makandiitira.

Ndicharimirira zita
Iro zita renyu
Napamberi pavatsvene
Kuti rakanaka.

## Pisarema 53. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. PaMahalath. Maschil. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Benzi rakati mumoyo
Hakuna YeMwari
Vakavora vakabata
Basa ronyangadza.

2 Mwari ariko kudenga
Watarira pasi
Kuvona kana aripo
Unotsvaka Mwari.

3 Mumwe nomumwevo wavo
Wadzokera shure
Unoita zvakanaka
Hakuna nomumwe.

4 Ko vakaipa vazivi
Vodya vanhu vangu
Sezvo vachidya zvokudya
Vasingandivongi.

5 Ipapo vaitya kwazvo
Pakanga pasina
Chinotyisa asiMwari
Wakamuparadza.

Mwari wakamuparadza
Wanga amukomba
Iwe wakavanyadzisa
Mwari wavarasha.

6 Dai kuponeswa kwake
Iye Siraeri
Dai kukabva Zioni
Kukabva Zioni.

Kana Mwari achidzosa
Vanhu pakutapwa
Siraeri uchafara
Naiye Jakobo.

## Pisarema 54. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. PaNeginoth. Maschil. Pisarema raDhavhidhi, panguva yakasvika vaZifi kunaSauro, vakati: Dhavhidhi haazinovanda kwatiri here?*

1 Ndiponese Imwi Mwari
Naro zita renyu
Munditonge Imwi Mwari
Naro simba renyu.

2 Inzwai munyengetero
Imwi Mwari wangu
Rerekai nzeve yenyu
Munzwe shoko rangu.

3 Vatorwa vandimukira
Navamanikidzi
Vakatsvaka mweya wangu
Havatsvaki mwari.

4 Tarirai Iye Mwari
Mubatsiri wangu
Ndiye uri pakati pa
Vanonditsigira.

5 Uchatsiva zvakaipa
Kuvavengi vangu
Mugovaparadza Imwi
Nako kutendeka.

6 Ndichabaya chipiriso
Chokungozvidira
Ndichavonga zita renyu
Kuti rakanaka.

7 Kuti wakazondirwira
Pakutambudzika
Kukundwa ndikazovona
Kwavavengi vangu.

## Pisarema 55. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. PaNeginoth. Maschil. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Rerekai nzeve yenyu
Kumunyengetero
Mwari musambozvivanza
Kukumbira kwangu.

2 Nditerere mupindure
Pakuchema kwangu
Ndinoshaiwa zororo
Ndichingovuvura.

3 Kuda kwenzwi romuvengi
Nokumanikidza
Kwaivavo vakaipa
Vanondipomera.

Kuti vanondipomera
Izvo zvakaipa
Ivo vanonditambudza
Nokutsamwa kwavo.

4 Moyo wangu norwadziwa
Imomo mukati
Naro garudzo rorufu
Rakatondiwira.

5 Iko kutya nokubvunda
Zvakazondiwira
Naiko kutya kukuru
Kwakandifukidza.

6 Dai ndina mapapiro
Kuita senjiva
Dai ndaibhururuka
Ndikandozorora.

7 Tarirai ndingadai
Ndatizira kure
Ndikandogara kurenje
Ndatizira kure

8 Dai ndakakurumidza
Iko kundovanda
Ndichitiza iyo mhepo
Ine dutu guru

9 Paradza mukanganise
Idzo ndimi dzavo
Ndakavona manikidzo
Nokurwa muguta.

10 Masikati novusiku
Voripoteredza
Zvakaipa nokusuwa
Zvirimo mukati.

11 Kushata kuri pakati
Nokumanikidza
Kusanyengera naiko
Mo munzira dzavo.

12 Wakanga asi muvengi
Waindishovora
Ipapo ndaizogona
Kumbotsunga hangu.

Wakanga asi muvengi
Waingozvikudza
Ipapo ndingangodaro
Ndakangomuvanda.

13 Asi wakanga uriwe
Wakaita seni
Iwewe shamwari yangu
Naye muzikamwi.

14 Taisimbosirangana
Zvakanakisisa
Taifamba mumba make
Navanhu vazhinji.

15 Dai rufu rwavawira
Vasingafungiri
Vaburukire kuguva
Vachiri vapenyu.

Kuti kushata kuripo
Pavugaro hwavo
Imomo mukati mavo
Pavugaro hwavo.

16 Asi kana ndiri ini
Ndichadana Mwari
Mwari uchandiponesa
Ndichadana Mwari.

17 Madekwana mangwanani
Nawo masikati
Ndichadana ndichichema
Iye uchandinzwa.

18 Wakadzikunura mweya
Wangu norugare
Kukasazova nomumwe
Wakandibatsira.

Wakaswedera kwandiri
Hakuna nomumwe
Nokuti vairwa neni
Vaive vazhinji.

19 Mwari uchavapindura
Wakanga aripo
Nokuti havashanduki
Havambotyi Mwari.

20 Watambanudza ruvoko
Kunavo rugare
Sungano akashovora
Yo sungano yake.

21 Mashoko muromo wake
Tedza samafuta
Asi kurwa kwaivapo
Kwaiva pamoyo.

Mashoko ake manyoro
Kukunda mafuta
Kunyange zvadaro hazvo
Yaiva minondo.

22 Kandira mutoro wako
Kunaye Jehovha
Haatendi varurami
Vambozungunuswa.

23 Muchavaisa kugomba
Ro rokuparadzwa
Ivo vanongokarira
Kutevura ropa.

24 Naivo vanonyengera
Havangambogari
Asi ini ndichavimba
Iyemi Jehovha.

## Pisarema 56. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. PaJonati-elemi-rekokimi. Michtam yaDhavhidhi. Panguva yaakabatwa navaFiristia paGati.*

1 Mwari ndinzwirei tsitsi
Voda kundimedza
Voswera vachirwa neni
Nokumanikidza.

2 Vavengi vangu vanoda
Kuti vandimedze
Vanozvikudza vachirwa
Neni vakawanda.

3 Kana nguva ichisvika
Nguva yandinotya
Ini ndichavimba nemwi
Panguva yokutya.

4 Ndicharirumbidza shoko
Ndivimbe naMwari
Handingatongotyi nyama
Ingandiitei.

5 Zuva rose voshandura
Mashoko anguvo
Ivo vanondifungira
Izvo zvakaipa.

6 Ivo vanongovungana.
Vachindivandira
Vanongonditarisisa
Kuparadza mweya.

7 Ko vangazopukunyuka
Nenzira dzenhema
Imwi muchavaparadza
Pakutsamwa kwenyu.

8 Madzungairiro angu
Munoaverenga
Iwo madzungairiro
Angu moverenga.

Misodzi yangu isai
Mumudziyo wenyu
Ko handizvo zvakanyorwa
Murugwaro rwenyu.

9 Ipapo vavengi vangu
Vodzokera shure
Ndichidana ndinoziva
Muripo pandiri.

10 Muna Mwari ndichakudza
Iro shoko rake
Ndichasingorirumbidza
Iro shoko rake.

11 Ndakavimba naYe Mwari
Handingatongotyi
Vanhu vangandiitei
Handingatongotyi.

12 Ini ndinosungwa nazvo
Zvandakupikira
Zvipiriso zvokuvonga
Ndichakuvigira.

13 Mweya wangu makarwira
Ipapo parufu
Namakumbo makarwira
Po pakugumburwa.

Kuti ndigone kufamba
Pamberi paMwari
Muchiedza chovupenyu
Ndigone kufamba.

## Pisarema 57. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Altaschith. Michtam yaDhavhidhi. Panguva yaakatiza Sauro pabako.*

1 Ndinzwirei tsitsi Mwari
Ndinzwirei tsitsi
Mweya wangu notizira
Ikoko kwamuri.

Ndotizira kumumvuri
Wawo mapapiro
Enyu kusvikira njodzi
Dzichingopfuvura.

2 Ndodanidzira kwaari
Wokumsoro-soro
Kuno unondiitira
Izvo zvinhu zvose.

3 Mubatsiri uchatuma
Ariko kudenga
Kuti azondiponesa
Uchazomutuma.

Kana vanomanikidza
Vachindishovora
Iye Mwari uchatuma
Tsitsi nezvokwadi.

4 Mweya wanguri pakati
Pakati peshumba
Pakati pavo ndovata
Vopfuta somoto.

Vanakomana vavanhu
Meno samapfumo
Rurimi rwavo munondo
Iwo unopinza.

5 Imi ngamukudzwe Mwari
Iko kumusoro
Nako kurumbidzwa kwenyu
Kuve kumusoro.

6 Vakadziteyera tsoka
Dzangu womumbure
Mweya vakakotamisa
Naiwo mumbure.

7 Hunza vakandicherera
Iko mberi kwangu
Asi ivo vakawira
Mukati vamene.

8 Moyo wangu wakasimba
Wakasimba Mwari
Ndichasingoimba nziyo
Dzokumurumbidza

9 Muka iwe moyo wangu
Nemitengeramwa
Ndichamuka mangwanani
Iyeni ndimene.

9 Ndichakuvongai Ishe
Pakati pendudzi
Ndichakuimbira nziyo
Po pavahedheni.

10 Kuti ngoni dzenyu huru
Kusvika kudenga
Naiyo zvokwadi yenyu
Yosvika kudenga.

11 Imi mugokudzwa Mwari
Ikoko kudenga
Nako kurumbidzwa kwenyu
Kuve kumusoro.

## Pisarema 58. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Altaschith. Michtam yaDhavhidhi.*

1 Nhai imi vanesimba
Munombotaura
Zvakaruramavo here
Pamunovatonga?

2 Munoita zvakaipa
Muchivaerera
Muchingovamanikidza
Namavoko enyu.

3 Ivo vakava vatorwa
Kubva pakuzvarwa
Vakaipa votsauka
Vachireva nhema.

4 Vakafanana vuturu
Hwavo sohwenyoka
Sechiva chisingambonzwi
Chinovhara nzeve.

5 Chisingatongotereri
Nzwi ravachengeti
Kunyange vachitaura
Nahwo vuchenjeri.

6 Imwi dovhunai meno
Imo mumuromo
Mugure meno makuru
Avana veshumba.

7 Ivo ngavapwe semvura
Inongoerera
Kana ‘chipfura miseve
Seyakagurika.

8 Sehomba vanyunguruka
Sowakaberekwa
Nguva isina kukwana
Vasavona zuva.

9 Hari dzisati dzambonzwa
Womoto weminzwa
Uchadzibvisa nedutu
Pakutsamwa kwake.

10 Varurami vachafara
Vovona kutsiva
Tsoka uchadzishambidza
Mo muropa rake.

11 Naizvozvo ivo vanhu
Vanhu vachazoti
Wo mubairo uripo
Wowakarurama.

Vachativo zvirokwazvo
Ye Mwari uripo
Ndiye hake unotonga
Ipo pasi pose.

## Pisarema 59. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Altaschith. Mikitami yaDhavhidhi. Panguva Sauro yaakatuma vanhu, vakarindira imba yake kuti vamuvuraye.*

1 Ndirwirei pavavengi
Imwi Mwari wangu
Mugozondiisa kure
Navondimukira.

2 Pavaiti zvakaipa
Ndirwirei Imwi
Mugozondiponesavo
Pavanhu veropa.

3 Tarira vanovandira
Iwo mweya wangu
Vane simba vavungana
Kuti varwe neni.

Hakusati kuri kuda
Kwazvo zvivi zvangu
Kana iko kudarika
Kudarika kwangu.

4 Vachimhanya vogadzira
Ndisina nemhosva
Mukai mundibatsire
Kuti mugovona.

5 Mukai muvashanyire
Vahedheni vose
Musatongonzwira tsitsi
Ivo vadariki.

6 Vanodzoka madekwana
Vachingohuhudza
Seimbwa vanopotavo
Nairovo guta.

7 Vanodzvova nemiromo
Varuma minondo
Nokuti vanoti ivo
Ndiani unganzwa?

8 Asi Iyemi Jehovha
Muchazovaseka
Nokuzovadadirazve
Vahedheni vose.

9 Imwi ndimwi simba rangu
Ndichakumirira
Mwari ndiye nhare yangu
Yakazokwirira.

10 Mwari uchandichingura
Nadzo tsitsi dzake
Kukundwa kwavo vavengi
Ndichazokuvona.

11 Imwi musavavuraya
Tikazokangamwa
Muparadzire nesimba
Imwi nhovo yedu.

12 Nokuda kwechivi chavo
Namashoko avo
Ivo ngavabatwe ivo
Kuzvikudza kwavo.

Nokuda kwako kutuka
Nokutuka kwavo
Naidzovo nhema dzavo
Dzavanotaura.

13 Muchavapedza nehasha
Kuti vagoziva
Mwari unobata vushe
Panaye Jakobo.

14 Ngavadzoke madekwana
Vahuhudze sembwa
Vapote-pote neguta
Nguva yamadeko.

15 Ivo vachadzungaira
Vachitsvaka kudya
Vagare vusiku hwose
Vasingamboguti.

16 Asi ini ndichaimba
Ndichireva simba
Ndichadzirumbidza tsitsi
Dzenyu mangwanani.

Manga muri nhare yangu
Yakazokwirira
Nahwo vutiziro hwangu
Pakutambudzika.

17 Ndichakuimbira nziyo
Imwi simba rangu
Imwi ndimwi nhare yangu
Mondinzwira tsitsi.

## Pisarema 60. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeShushan Eduth. Mikitami yaDhavhidhi yokukudzidzisa. Panguva yaakarwa naAram-naharaim naAram-zobah, Joabi paakadzoka akavuraya pamupata womunyu vaEdomi vanezvuru zvinegumi neziviri.*

1 Mwari makatotirasha
Mukatiparadza
Manga makatitsamwira
Muchazotidzosa.

2 Nyika makaibvundisa
Mukaitsemura
Muchazozvigadzira zve
Isa zungunuka.

3 Vanhu makavaratidza
Zvinhu zvinorema
Makati mwisa waini
Iyo inobata.

4 Vakakutya makavapa
Mavapa mureza
Uratidzwevo nokuda
Kwaiyo zvokwadi.

5 Vamakada ngavarwirwe
Mugotiponesa
Nago ruvoko rworudyi
Mugotipindura.

6 Iye Mwari wataura
Pavutsvene hwake
Wati ndichafara kwazvo
Pavutsvene hwake.

Wati ndichaiganhura
Iyoyo Shekemi
Ndichaeravo mupata
Waiyo Sukoti.

7 Yo Gireadi ndeyangu
Naiye Manase
Efraimi inhaviro
Judha ndiyo tsvimbo.

8 Moabi mudziyo wangu
Wokushambidzira
NeEdomi ndiyo nzvimbo
Ndokandire shangu.

Newevo Firisitia
Chingopururudza
Nokuda kwagu newevo
Chingopururudza.

9 Ndiani uchandiisa
Guta rakasimba
Ndichaperekedzwa nani
Ndiende Edomi.

10 Ko hamuna kutirasha
Here Imwi Mwari
Imwi humuchambobudi
Nadzo hondo dzedu.

11 Imwi dotibatsirai
Po pamudzivisi
Kubatsira kwavo vanhu
Hakuna maturo.

12 Novumhare tichaita
Muna Iye Mwari
Kuti ndiye uchatsika
Vadzivisi vedu.

## Pisarema 61. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeNeginoth.*
*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Inzwai kuchema kwangu
Iyemwi Jehovha
Nomunyengetero wangu
Muuteerere.

2 Ndichadana ndiri pasi
Moyo wamboziya
Ndiperekedze kudombo
Ndisingasvikiri.

3 Nokuti makanga muri
Vutiziro hwangu
Shongwe yangu yakasimba
Kwandingatizira.

4 Tente renyu ndichagara
Nokusingaperi
Ndichavanda munyasi ma
Mapapiro enyu.

5 Nokuti Imwi makanzwa
Idzo mhiko dzangu
Makadzosa iyo nhaka
Yavanotya zita.

6 Mazuva muchawedzera
Vupenyu hwamambo
Makore achaenzana
Marudzi mazhinji.

7 Uchagara mberi kwenyu
Nokusingaperi
Vunyoro nazvo zvokwadi
Zvigomuchengeta.

8 Ipapo ndichaimbira
Zita renyu rwiyo
Irwo rwokumurumbidza
Nokusingaperi.

Kuti ndigozodziita
Mhiko dzangu idzo
Zuva rimwe nerimwevo
Nokusingaperi.

## Pisarema 62. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeJeduthun. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Mweya wangu worindira
Iyemwi Jehovha
Kwamuri ndiko kunobva
Kuponeswa kwangu.

2 Ndiye woga dombo rangu
Nomponesi wangu
Shongwe yakazokwirira
Handizungunuswi.

3 Muchavavarira munhu
Kusvikira rini?
Kuti mugomuvuraya
Imwi mose vanhu.

Kuita sarwo rusvingo
Runongoda kuwa
Kuita sarwo ruzhowa
Runongotsveyama.

4 Vanongorangana kuti
Vasundire pasi
Vachiti Iye agobva
Pavukuru hwake.

Vanozofarira nhema
Vachiropafadza
Nemiromo asi moyo
Yavo ichituka.

5 Mweya wangu chirindira
Chirindira Mwari
Kuti ndinomutarira
Nawo moyo wangu.

6 Ndiye woga dombo rangu
Nomponesi wangu
Shongwe yakazokwirira
Handizungunuswi.

7 Iko kuna Mwari ndiko
Kuno kuponeswa
Dombo rangu simba rangu
Nahwo vutiziro.

8 Vimba naYe Imwi vanhu
Vutiziro hwedu
Dururai moyo yenyu
Iko mberi kwake.

9 Ivavo vasingakudzwi
Havana maturo
Naivavo vanokudzwa
Dzinongova nhema.

Pakuerwa havaremi
Havana maturo
Vose vose pamwe chete
Havana maturo.

10 Regai kuvimba nako
Ko kumanikidza
Imwi musazozvikudza
Nako kupambara.

Kana fuma ichiwanda
Musanamatira
Naiyovo moyo yenyu
Isanamatira.

11 Mwari wakadotaura
Iko kamwe chete
Ndakazvinzwavo kaviri
Simba nderaMwari.

12 Nadzo tsitsivo ndedzenyu
Munomuitira
Munhu mumwe nomumwevo
Sezvaakabata

## Pisarema 63. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi, panguva yokugara kwake parenje raJuda.*

1 Mwari muri Mwari wangu
Ndinokutsvakai
Mweya wangu unenyota
Ndinokushuvai.

Po panyika yakawoma
Inonzwisa nyota
Isina kana nemvura
Inonzwisa nyota.

2 Ndakatarira kwamuri
Panzvimbo tsvene po
Ndivone rosimba renyu
Nokubwinya kwenyu.

3 Nokuti vunyoro hwenyu
Hwokunda vupenyu
Naiyo miromo yangu
Ichakurumbidza.

4 Ipapo ndichakuvonga
Ndichiri mupenyu
Ndichasimudza mavoko
Naro zita renyu.

5 Mweya wangu uchaguta
Nezvinenge mongo
Muromo'chakurumbidza
Ndichifara kwazvo.

6 Ndichikurangarirai
Ndiripo panhovo
Ndichikufunga panguva
Idzo dzovusiku.

7 Nokuti makanga muri
Mubatsiri wangu
Pamapapiro enyupo
Ndichafara kwazvo.

8 Mweya unonamatira
Naro simba rose
Ruvoko rwenyu rworudyi
Runonditsigira.

9 Vanotsvaka kuparadza
Iwo mweya wangu
Vachapindavo panzvimbo
Dzapasi dzenyika.

10 Vachaiswavo pasimba
Simba romunondo
Vachazovavo mugove
Iwo wamakava.

11 Asi mambo uchafara
Iko kuna Mwari
Vose vanopika naYe
Vachafara kwazvo.

Nokuti muromo wavo
Vanoreva nhema
Uchadzivirwa muromo
Vanoreva nhema.

## Pisarema 64. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Inzwa inzwi rangu Mwari
Pakuchema kwangu
Chengeta vupenyu hwangu
Ndirege kutyiswa.

2 Ndivanzei Imwi Mwari
Po pakurangana
Kwavo ivo vanoita
Zvisakarurama

3 Vakarurodza rurimi
Rwavo somunondo
Vakagovavo miseve
Mashoko ovava.

4 Vapfure wakarurama.
Vakavanda ivo
Kamwe kamwe vasingatyi
Vakavanda ivo.

5 Vanotsungirira ivo
Zano rakaipa
Pakavanda varangana
Kuteya misungo.

Vanoti vachirangana
Ndianiko iye
Ungazvivona izvozvo
Ipo pakavanda.

6 Vanofunga zvakaipa
Vanoti tapedza
Kurifungisisa zano
Iro zano guru.

Ikoko kufunga kwavo
Ikoko mukati
Mumwe nomumwe mumoyo
Izvo zvakadzika.

7 YeMwari uchavafura
Vachazokuvadzwa
Kamwe kamwe nomuseve
Vachazokuvadzwa.

8 Idzo dzichavadzokera
Idzo ndimi dzavo
Navanovavona vose
Vachazovatiza.

9 Navanhu vose vachatya
Vagozoparidza
Basa vachicherekedza
Zvaakamboita.

10 Varurami vachafara
Vachavimba naye
Vakarurama pamoyo
Vachafara kwazvo.

## Pisarema 65. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema norwiyo rwaDhavhidhi.*

1 Kurumbidzwa mafanira
Ipo paZioni
Kuti muitirwe mhiko
Iyemwi Jehovha.

2 Imwi Jehovha wokunzwa
Yo minyengetero
Vanhu vanotofanira
Kuvuya kwamuri.

3 Namashoko akaipa
Avakundikunda
Kana kuri kudarika
Imwi muchadzima.

4 Wakaropafadzwa munhu
Wamasanangura
Mukazomuswededzavo
Padzivazhe dzenyu.

Zvakanaka zvemba yenyu
Nazvo tigoguta
Iyo nzvimbo yenyu tsvene
YeTembere yenyu.

5 Imwi munotipindura
Nako kururama
Munopindura nezvinhu
Zvinhu zvinotyisa.

Imwi muponesi wedu
Nechivimbo chedu
Chamativi ose pasi
Navari pagungwa.

6 Yeunoteya makomo
Naro simba rake
Wakasungavo chivuno
Naro simba rake.

7 Ndiyevo unonyaradza
Iko kutinhira
Kwamakungwa namafungu
Nako kupopota.

8 Navagere kumugumo
Votya zviratidzo
Munofadza mabudiro
Mangwana madeko.

9 Muno shanyiravo pasi
Muchipadiridza
Munopapfumisa kwazvo
Muchipadiridza.

Rwizi rwaMwari ruzere
Ruzere nemvura
Munogadzirira zviyo
Magadzira pasi.

10 Munozadza mihoronga
Naiyovo mvura
Moenzanisa mipanje
Mipanje yapasi.

Monyorovesa nemvura
Mvura ichipfunha
Mozviropafadza izvo
Zvinomera zvapo.

11 Munoshongedzavo mwaka
Naiyo korona
Yovunaki hwenyu uhwu
Munoushongedza.

12 Pamafuro anodonha
Mafuro erenje
Zvikomo zvinozvisunga
Naiwo mufaro.

13 Mafuro akafukidzwa
Mapok'ezvipfuwo
Nemipatavo nezviyo
Zvinopururudza.

## Pisarema 66. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Rwiyo kanaPisarema.*

1 Imwi chipururudzai
Kuna Iye Mwari
Iyemwivo nyika dzose
Chipururudzai.

2 Imbira mukurumbira
Waro zita rake
Muirumbidzevo iyo
Iyo kudzo yake.

3 Taurai kunaMwari
Muti basa renyu
Rinotyisa navavengi
Vozviisa pasi.

Vavengi vachazviisa
Ipo pasi penyu
Mhaka yovukuru hwenyu
Naro simba renyu.

4 Pasi pachazonamata
Ikoko kwamuri
Vachakuimbira Imwi
Iro zita renyu.

5 Vuyai muvone basa
Basa rinotyisa
Pane zvaavaitira
Vo vana vavanhu.

6 Wakashanduravo gungwa
Rikava senyika
Vakayambuka netsoka
Tikafara kwazvo.

7 Iye unobata vushe
Naro simba rake
Unocherekedza ndudzi
Nokusingaperi.

Ivo vanomumukira
Ivo ngavarege
Kumboidza kuzvikudza
Ivo ngavarege.

8 Vonga Mwari imwi vanhu
Imwi vanhu vake
Inzwi rokumurumbidza
Iro ngarinzwike.

9 Ndiye unopavo mweya
Ihwohwo vupenyu
Usingatenderi tsoka
Dzimbotedzemuka.

10 Nokuti Iyemwi Mwari
Makatotiidza
Makaita zvinoitwa
Iyo Siriveri.

11 Makatotipunza apo
Ipo pamumbure
Zvinorema matakudza
Pazvivuno zvedu.

12 Makavafambisa vanhu
Pamisoro yedu
Pinda mumoto nemvura
Makatibudisa.

13 Ndichapinda mumba menyu
Ndine zvipiriso
Ndigozokuripirai
Idzo mhiko dzangu.

14 Dzakarehwa nomuromo
Nomuromo wangu
Pakutambudzika kwangu
Pandakadziita.

15 Ndichazokubayirai
Izvo zvipiriso
Zvakakora zvinopiswa
Nezvinonhuwira.

Ndichabaya idzo nzombe
Ndichikubayira
Pamwe chete nadzo mbudzi
Ndichakubayira.

16 Imwi mose vuya munzwe
Munotya Jehovha
Ndigokududzira zvose
Zvaandiitira.

17 Ndakachemavo kwamuri
Nomuromo wangu
Ndakarumbidza zvikuru
Norurimi rwangu.

18 Kana ndikarangarira
Izvo zvakaipa
Imomo mumoyo mangu
Ishe haandinzwi.

19 Asi zvirokwazvo Mwari
Iye wakatonzwa
Wakateerera inzwi
Rokuchema kwangu.

Iye Mwari ngaavongwe
Usina kuramba
Kuchema kana kubvisa
Idzo tsitsi dzake.

## Pisarema 67. S.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. PaNeginoth. Pisarema kanarwiyo.*

1 Mwari nga've netsitsi
Atiropafadze
Avhenekere nechiso
Chake isu tose.

2 Kuti nzira yake
Izikanwe pasi
Nago ruponeso rwake
Pamarudzi ose.

3 Vakuvongei vanhu
Mwari vakuvongei
Marudzi afarisise
Sezvinofanira.

4 Vakuvongei vanhu
Mwari vakuvongei
Marudzi ose enyika
Arumbidze Imwi.

5 Vakuvongei vanhu
Varumbidze Imwi
Munopa nyika michero
Sezvinofanira.

6 Mwari Mwari wedu
Motiropafadza
Nemigumovo yenyika
Yomutyai Imwi.

## Pisarema 68. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema kanarwiyo rwaDhavhidhi.*

1 Iye Mwari asimuke
Ngavaparadzirwe
Vanomuvenga vatize
Po pamberi pake.

2 Kunge vutsi Muvadzinge
Nyauke senamo
Vakaipa ngavapere
Pamberi paMwari.

3 Asi vovakarurama
Ngavafare kwazvo
Ipo pamberi paMwari
Ngavafare kwazvo.

4 Imbirai Iye Mwari
Muchimurumbidza
Imbirai zita rake
Muchimurumbidza.

Mugadzirire mugwagwa
Iwo wakanaka
Unofambavo nengoro
Imo mumarenje.

5 Ndivo baba venherera
Naiye mutongi
Wemhaka dzechirikadzi
NdiMwari mutsvene.

6 Vakanga vanovushoma
Unovagarisa
Pamhuri nokubudisa
Ivavo vasungwa.

Avo vanomumukira
Unovagarisa
Panyika yakatowoma
Unovagarisa.

7 Pamakavatungamira
Ivo vanhu venyu
Nguva yavakambofamba
Imo mumarenje.

8 Ipo pasi pakabvunda
Denga rakadonha
NeSinai rakabvunda
Mwari waSraeri.

9 Imwi Mwari makamisa
Iyo mvura zhinji
Pakuneta masimbisa
Iyo nhaka yenyu.

10 Vungano yakagaramo
Makagadzirira
Ivavo vari varombo
Zvakanaka zvenyu.

11 Ishe wakavapa shoko
Boka rakakura
Ravo vakariparidza
Iro shoko rake.

12 Madzimambo akatiza
Madzishe ehondo
Mai vasara vagova
Izvo zvakapambwa.

13 Kunyange movata pasi
Mofana nenjiva
Bapiro rine sirivha
Munhenga ndarama.

14 Panguva yaaparadza
Iwo madzimambo
Zvakafanana nokuwa
Chando paZarmoni.

15 Iro gomo reBashani
Igomo raMwari
Iro gomo reBashani
Gomo refu-refu.

16 Imwi makomo marefu
Munorigodora
Raasarudza kugara
Nokusingaperi.

17 Idzo ngoro dzake Mwari
Dzinosvika zvuru
Zvezvuru zvina mazana
Makumi maviri.

She uri pakati padzo
Sezvaakaita
Ipapo paSinai zve
Iro gomo dzvene.

18 Makakwira kumusoro
Mukazovatapa
Ivavo vatapwa venyu
Mukazovatapa.

Makagamuchira zvipo
Pakati pavanhu
Ivo vakakumukira
Mugogara navo.

19 Iye Ishe ngaavongwe
Unongotakura
Misi yose yomitoro
Muponesi wedu.

20 Mwari ndiye notirwira.
Unaidzo nzira
Dzokuti tigozobuda
Imomo murufu.

21 Asi Mwari uchatema
Womusoro wake
Waivo vanorambira
Pakutadza kwavo.

22 Ishe wakazotaura
Ndichavadzosazve
PaBashani napagungwa
Iro rakadzika.

23 Rutsoka rwako unyike
Mukati meropa
Rurimi rwadzo mbwa dzako
Ruve nomugove.

24 Vakavona mafambiro
Enyu Imwi Mwari
Mambo wangu muchipinda
Po panzvimbo tsvene.

25 Vaimbi vatungamira
Tevere varidzi
Vasikana vachiridza
Iwo makandira.

26 Rumbidzai Iye Ishe
Ipo pavungano
Iye Ishe kubvira pa
Tsime ra'Sraeri.

27 Muduku ndiBenjamini
Naiye uripo
Nawo machinda aJudha
Navazhinji vavo.

Naiwovo machindawo
Ava Zeburoni
Naiwovo machindawo
Ava Nafitari.

28 Mwari wako waraira
Iro simba rake
Imwi Mwari simbisai
Zvamatiitira.

29 Kuda kwetembere yenyu
PaJerusarema
Madzimambo achazoku
Vigirai zvipo.

30 Tukai ivavo varwi
Varwi vamapfumo
Namapoka adzo hando
Nemhuru dzendudzi.

Kusvika vawira pasi
Nesirivha yavo
Muvaparadzire vanhu
Vofarira kurwa.

31 Machinda achazobuda
Iko Egipita
Itopia tandavadze
Ruvoko kwamuri.

32 Imbirai Iye Mwari
Vushe hwapanyika
Muchimuimbira nziyo
Dzokumurumbidza.

33 Iye unotasva denga
Rakare nakare
Inzwa wobudisa inzwi
Iro rine simba.

34 Ipa Iye Mwari simba
Mukuru kwaJudha
Nairovo simba rake
Riri mumakore.

35 Imwi Mwari munotyisa
Nzvimbo dzenyu tsvene
Iye Mwari ndounopa
Simba nahwo vushe.

## Pisarema 69. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. PaShoshannim. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndiponese Imwi Mwari
Nokuti yomvura
Mvura zhinji yosvikira
Po pamweya wangu.

2 Ndavakunyura munhope
Ndigoni kumira
Ndasvika pamvura zhinji
Inondifukidza.

3 Ndaneta nako kuchema
Huro dzatooma
Meso angu anovava
Ndichirinda Mwari.

4 Vanongondivenga ini
Ndisina nemhosva
Vakawanda kupfuura
Iro vhudzi rangu.

Vanoda kundiparadza
Vanesimba kwazvo
Ndakafanira kuripa
Chandisakatora.

5 Imwi Mwari munoziva
Hwo upenzi hwangu
Handina kukuvanzira
Idzo mhosva dzangu.

6 Imwi Jehovha wehondo
Vanokumirira
Ngavarege kunyadziswa
Nayo mhosva yangu.

Imwi Jehovha wehondo
Vanokutsvakai
Ngavarege kunyadziswa
Nayo mhosva yangu.

7 Nokuda kokuda kwenyu
Ndinozoshovorwa
Nadzo nyadzi dzofukidza
Icho chiso changu.

8 Ini ndakava mutorwa
Nokuhama dzangu
Nomuenzi kokuvana
Vavo mai vangu.

9 Kushingairira imba
Yenyu kwandipedza
Kushovorwa kwakawira
Pamusoro pangu.

10 Ndichizvinyima zvokudya
Nokuzvitambudza
Ndichichema nokuchema
Ndakazoshovorwa.

11 Pandakafuka magumbu
Akava senguvo
Pakati pavo ipapo
Ndakava seshumo.

12 Vanogara pamasuvo
Vanongondireva
Ini ndatovavo rumbo
Rwavo vakabatwa.

13 Asi kana ndiri ini
Mukumbiro wangu
Nenguva yakafanira
Uriko kwamuri.

Nadzo tsitsi dzenyu zhinji
Chindipindurai
Nako kuponeswa kwenyu
Ko kwakatendeka.

14 Munhope ndirwireivo
Kunyura ndirege
Nokuna vanondivenga
Nokumvura zhinji.

15 Maboporodzi emvura
Arego ndikunda
Nayo mvura yakadzika
Irego ndimedza.

Iro gombavo rirege
Kuzondizarira
Iwo muromo warowo
Pamusoro wangu.

16 Jehovha ndipindurei
Sezvetsitsi dzenyu
Nokuda kwetsitsi dzenyu
Ringira kwandiri.

17 Chiso chenyu musavanza
Ndinotambudzika
Kurumidza kupindura
Ndinotambudzika.

18 Swedera kumweya wangu
Mundidzikunure
Nokuda kwavo vavengi
Mundidzikunure.

19 Kunyadziswa kushovorwa
Kwangu munoziva
Vadzivisi vangu vose
Vari mberi kwangu.

20 Kushovorwa kwangu uku
Kwakaputsa moyo
Ini ndaremerwa kwazvo
Nako kushovorwa.

Vangandinzwiravo tsitsi.
Ndakatovatsvaka
Asi kwakanga kusina
Kunyange nomumwe.

Naivo vavaraidzi
Ndakatovatsvaka
Asi handina kuwana
Kunyange nomumwe.

21 Vakandipa iyo nduru
Kuti ndidye iyo
Napakunzwa nyota kwangu
Vandipa vinega.

22 Naiyo tafura yavo
Ngaive musungo
Neriva pamberi payo
Kana vagarika.

23 Meso ngaapofumadzwe
Varege kuvona
Naizvo zvivuno zvavo
Zvinoguda-guda.

24 Kutsamwa kwenyu dururai
Pamusoro pavo
Nadzo hasha dzinopfuta
Dzenyu dzivabate.

25 Naibwo vugaro bwavo
Ngabwuparadziwe
Kushaiwe unogara
Pamatente avo.

26 Nokuti vanotambudza
Uyo womarova
Vanorwadzisavo uyo
Wamakakuvadza.

27 Wedzerai zvakaipa
Pane zvakaipa
Vasavona kururama
Kururama kwenyu.

28 Parugwaro rwovupenyu
Ivo ngavadzimwe
Vasanyorwa pamwe chete
Navakarurama.

29 Asi ni ndiri murombo
Nounogwadziwa
Kuponesa kwenyu uku
Kundikwiridzire.

30 Ndicharirumbidza zita
RaMwari norwiyo
Ini ndichasimukudza
Nokumuvongavo.

31 Izvo zvichazomufadza
Iyeyu Jehovha
Kupfuvura hando ine
Nyanga namahwanda.

32 Vanyoro vachazvivona
Vakafarisisa
Imwi munotsvaka Mwari
Moyo irarame.

33 Nokuti Iye unonzwa
Vo vanoshaiwa
Naivo vasungwa vake
Haangashovori.

34 Iko kudenga napasi
Ngazvimurumbidze
Makungwa nazvo zvirimo
Ngazvimurumbidze.

35 Uchaponesa Zioni
Avake maguta
AJudha mavachagara
Ive nhaka yavo.

36 Iyo ichazova nhaka
Yavaranda vake
Navana vanoda zita
Ndimo vachagara.

## Pisarema 70. S.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi rokuyevudzira.*

1 Kurumidzai Mwari
Mugozondirwira
Jehovha chikurumidzai
Kuzondibatsira.

2 Vanyadziswe ivo
Ngavazvidzwe ivo
Vanotsvaka mweya wangu
Vadzoserwe shure.

Vadzoserwe shure
Vashovorwe ivo
Vanosingofariravo
Kuzondikuvadza.

3 Vadzoserwe shure
Nokuda kwenyadzi
Vanoti kwandiri ini
He Hekani waro!

4 Vose vokutsvakai
Ivo ngavafare
Vave nomufaro ivo
Imomo mamuri.

Ivavo vanoda
Kuponesa kwenyu
Ngavarambe vachingoti
Mwari ngaakudzwe.

5 Asi ni ndiri murombo
Nounoshaiwa
Chikurumidzai Mwari
Kuvuya kwandiri.

Mubatsiri wangu
Nomurwiri wangu
Rega kunonoka Imwi
Iyemwi Jehovha.

## Pisarema 71. C.M.

1 Ini ndinovimba nemi
Iyemi Jehovha
Ngandirege kunyadziswa
Ndinovimba nemi.

2 Ndirwire nokururama
Mundisunungure
Rerekerai nzeve dzenyu
Mugondiponesa.

3 Iva nzvimbo yangu imwi
Mandingazogara
Kondoramba ndichienda
Ndichingotizira
Imwi makatoraira
Kuti ndiponeswe
Kuti muri dombo rangu
Nayo nhare yangu.

4 Ndisunungurei Mwari
Panowakaipa
Iye usakarurama
Unomanikidza.

5 She ndimwi tariro yangu
Ndinovimba nemwi
Kubva pavuduku hwangu
Ndinovimba nemwi.

6 Ndakasitsigirwa nemwi
Kubva pachizvaro
Mandibudisa mudumbu
Ndichakurumbidza.

7 Ndiri chishamiso ini
Kwavari vazhinji
Ndimwi vutiziro hwangu
Hwakasimbisisa.

8 Muromo wangu uzadzwe
Nerumbidzo yenyu
Naiyovo kudzo yenyu
Iro zuva rose.

9 Rega kundirasha ini
Kana ndakwegura
Musazondirasha ini
Ndazopera simba

10 Nokuti vavengi vangu
Vanongondireva
Mweya wangu vogarira
Vachingorangana.

11 Vachiti ndakasiiwa
Naye Mwari wake
Teverai mumubate
Haana murwiri.

12 Mwari rega kuva kure
Kuzondibatsira
Kurumidza Mwari wangu
Kuzondibatsira.

13 Vodzivisa Mweya wangu
Ngavanyadziswevo
Kundikuvadza votsvaka
Ngavashovorwevo.

14 Asi ini ndicharamba
Ndichingotarira
Ndichasiwedzera chose
Kukurumbidzai.

15 Muromo wangu chareva
Poneso kunaka
Kwenyu zvandisingazivi
Kokuwanda kwazvo.

16 Ndichavuya namabasa
AyeShe Jehovha
Ndiparidze kururama
Iko kwenyu koga.

17 Mwari makandidzidzisa
Kubva pavujaya
Zvino ndadudzira basa
Renyu roshamisa.

18 Kusvika ndazokwegura
Rega kundisiya
Ndadudzira simba renyu
Rudzi runovuya.

19 Kururama kwenyu Mwari
Kurikumusoro
Maita zvose ndiani
Wofanana nemwi.

20 Mandiratidza dambudzo
Zhinji rakaipa
Mutikwidzezve tibvepa
Kudzika kwapasi.

21 Dondidzoserai vozve
Bgo vukuru bgangu
Mugozodzoka kwandiri
Kuzondinyaradza.

22 Ndichasikurumbidzai
Nemitengeramwa
Naiyo zvokwadi yenyu
Imwi Mwari wangu.

Ndichakuimbira nziyo
Dzokumurumbidza
Nembira imwi mutsvene
WaSiraeri mwi.

23 Ichasifara miromo
Ndichikurumbidza
Naiwovo mweya wangu
Wamadzikunura.

24 Nokuti rurimi rwangu
Iro zuva rose
Irwo rwuchasitaura
Kururama kwenyu

Nokuti vanositsvaka
Kuzondikuvadza
Ivo vakatonyadziswa
Vuye vakazvidzwa.

# Pisarema 72. C.M.

*Pisarema kunaSoromoni.*

1 Mwari ipai yeMambo
Ko kutonga kwenyu
NoMwanakomana wake
Kururama kwenyu

2 Uchatonga vanhu venyu
Nako kururama
Naivo varombo venyu
Charuramisira.

3 Makomo achavigira
Vanhu runyararo
Naizvo vo zvozvikomo
Nako kururama.

4 Varombo uchatongera
Aponese vana
Vavarombo nokupwanya
Yemumanikidzi.

5 Vachakutya kana mwedzi
Nezuva zviripo
Kusvikira kmarudzi
Nemarudzi ose.

6 Naiye uchaburuka
Semvura pavuswa
Sedova rinodiridza
Hwakachekererwa.

7 Uchakura misi yake
Ye wakarurama
Norugare ruchavapo
Uchiripo Mwedzi.

8 Iye uchabata vushe
Kubvira pagungwa
Kusvikira kumigumo
Kune rimwe gungwa.

9 Vomurenje vachagova
Po pamberi pake
Naivo vavengi vake
Vachadya guruva.

10 Madzimambo eTashishi
Nazvo zviwi zvose
Nave Sheba nave Sebha
Vachamupa zvipo.

11 Zvirokwazvo madzimambo
Chamugwadamira
Naidzovo ndudzi dzose
Dzichamushumira.

12 Nokuti Ye ucharwira
Unodanidzira
Nomurombo vo usina
Ungamubatsira.

13 Murombo nomushaiwi
Uchanzwira nyasha
Nokuponesavo mweya
Yaivo varombo.

14 Uchadzikunura mweya
Pakumanikidzwa
Naro ropa ravo richa
Koshavo kwaari

15 Uchararama chapiwa
Ndarama yeSheba
Uchavongwa zuva rose
Nako kukumbirwa.

16 Kuchava zviyo zvizhinji
Pamakomo pasi
Zvibereko zvichaunga
Kunge Rebanoni.

17 Zita rake richavapo
Nokusingaperi
Richagara nguva dzose
Zuva richiripo.

Vanhu vacharopafadzwa
Imomo maari
Nendudzi dzose dzichati
Wakaropafadzwa.

18 Rumbidza iye Jehovha
Mwari waS'rairi
Iye woga unoita
Zvishamiso zvose.

19 Zita rake rinobwinya
Ngarirumbidzwe ro
Pasi pose ngapazare
Nokubwinya kwake.

*Minyengetero yaDhavhidhi mnanakomana waJese yaphera.*

## Pisarema 73. C.M.

*Pisarema raAsaph.*

1 Mwari unovaitira
VaIsraeri
Zvakanaka vano moyo
Moyo yakachena.

2 Asi kana ndiri ini
Ndangandotsauka
Naidzovo tsoka dzangu
Dzakatedzemuka.

3 Nokuti ndakagodora
Vo vanamanyawi
Ndichivona vakaipa
Vachibudirira.

4 Kuti havatambudziki
Po pakufa kwavo
Asi Yo miviri yavo
Iyo inesimba.

5 Ivavo havane njodzi
Savamwevo vanhu
Havana matambudziko
Savamwevo vanhu.

6 Kuzvikudza kwavakomba
Kunge ruketani
Manikidzo vakafuka
Kuita senguvo.

8 Vanoseka vachireva
Pakuipa kwavo
Vanomanikidza vamwe
Vachingozvikudza

9 Vanopesana nedenga
Kutaura kwavo
Ndimi dzavo dzinofamba
Famba pano pasi.

10 Saka ivo vanhu vake
Vanodzokerako
Vachaimwa mvura zhinji
Izere mukombe.

11 Voti ungaziva sei?
Iye Mwari iye
Ko wokumusorosoro
Ungava nezivo.

12 Tarirai vakaipa
Vanobudirira
Vachingowedzera fuma
Yavo pano pasi.

13 Moyo wangu ndakanatsa
Ndanatsa pasina
Mavoko ndikashambidza
Ndisina nemhosva.

14 Nokuti ndakatambudzwa
Zuva rose ini
Vuye ndakasingorangwa
Mangwanani ose.

15 Ndikati ndichataura
Saizvozvo ini
Vuye ndakasingorangwa
Mangwanani ose.

16 Ndakaramba ndichifunga
Kuti ndinzwisise
Asi tarirai ini
Zvakandiremera.

17 Kusvikira ndazoenda
Po panzvimbo tsvene
Ndopandakazonzwisisa
Ko kuguma kwavo.

18 Zviro kwazvo mavaisa
Apo panotedza
Nokuvawisira pasi
Kuti vaparadzwe.

19 Ivo vakatovapinza
Mumatambudziko
Kamwekamwe vakapedzwa
Nazvo zvinotyisa.

20 Sadzo hope dzinorotwa
Kana apepuka
Nemivo makazvidza mu
Fananidzo wavo.

21 Nokuti womoyo wangu
Iwo wakachena
Nokuti ndakabaiwa
Ipo patsvo dzangu.

22 Ini ndanga ndiri benzi
Ndisingambozivi
Ndakafanana nemhuka
Po pamberi penyu.

23 Kunyanguva zvakadaro
Ndinongova nemi
Ruvoko rwangu rworudyi
Imwi makabata.

24 Muchazondiperekedza
Naro zano renyu
Mugozondigamuchira
Imo mukubwinya.

25 Ndiyani ko kudengako?
Kana musiri mi
Napasi ndingada ani
Kunze kwenyu imwi.

26 Nyama yangu moyo wangu
Zvose zvinopera
Muri dombo nomugove
Nokusingaperi.

27 Varikure vachapera
Muchivaparadza
Vose vanongotevera
Hwo vupombwe hwavo.

28 Asi kana ndiri ini
Zvakandinakira
Kuti ndiswedere pedo
Nemi Mwari wangu

Asi Imwi Mwari wangu
Ndinovimba nemwi
Kuti ini ndiparidze
Basa renyu rose.

## Pisarema 74. C.M.

*Maschil yaAsaph.*

1 Makatirashireiko?
Iyemwi Jehovha
Imwi matirashirei
Nokusingaperi.

Munopfungairirei?
Nadzo hasha dzenyu
Pamusoro pamakwai
Amafuro enyu.

2 Dorangarirai Mwari
Yo vungano yenyu
Iyo yamakambotenga
Yamatenga kare.

Ndiyo yamadzikinura
Ive nhaka yenyu
Iro gomo reZion
Pamangamugere.

3 Simudza makumbo enyu
Kuti mugovona
Izvo zvinongoparadzwa
Nokusingaperi.

Izvo zvakaipa zvose
Izvo zvakaitwa
Navavengi po panzvimbo
Nzvimbo yenyu tsvene.

4 Vanduruma vadzivisi
Pavungano yenyu
Vakamisavo mireza
Zvive zviratidzo.

5 Munhu wakakurumbira
Nokutema kwake
Achisimudza masanhu
Pamiti mikuru.

6 Nezviya zvavakaveza
Vanozozviputsa
Namasanhu nadzo nyundo
Vanozviputsanya.

7 Nayo nzvimbo yenyu tsvene
Vakatoipisa
Vugaro bwezita renyu
Vaputsira pasi.

8 Vakati mumoyo mavo
Ngativaparadze
Ndokupisa nzvimbo dzose
Namasinagoge.

9 Zviratidzo ‘tichavoni
Nomuporofita
Hapana nounoziva
Kwazvichaperera.

10 Mudzivisi ‘chashovorwa
Kusvikira riini?
Ucharamba chingozvidzwa
Nokusingaperi.

11 Munorudzosereiko?
Ruvoko rorudyi
Ruvoko tambanudzai
Pachifuva chenyu.

12 Mwari ndiye mambo wangu
Wekare nekare
Ndiye unobata basa
Ro rokuponeswa.

13 Makaripamura gungwa
Naro simba renyu
Nemisoro yezvikara
Makaiputsanya.

14 Makaiputsanya imi
Misoro yengwena
Mukapa vari murenje
Ive nyama yavo.

15 Matsime makapamura
Namaboporodzi
Nzizi huru makapwisa
Namaboporodzi.

16 Namasikati ndeenyu
Vusiku ndohwenyu
Chiedza makagadzira
Zuva nairovo.

17 Miganhu yose yapasi
Ndimwi makatara
Ndimwivo makazviita
Zhezha nacho chando.

18 Tonderai chinhu ichi
Wakakuzvidzai
Narwo rudzi rwamapenzi
Rwashovora zita.

19 Njiva yenyu musaisa
Kuna vakaipa
Vupenyu musakanganwa
Wavarombo venyu.

20 Sungano musakanganwa
Nokuti dzo nzvimbo
Dzerima dzakatozara
Navamanikidzi.

21 Ivo vanomanikidza
Varegonyadziswa
Varumbidze zita renyu
Ivavo varombo.

22 Simukai imwi Mwari
Muzvireverere
Rangarirai kuzvidzwa
Kwenyu sokwebenzi.

23 Chiregai kukangamwa
Vadzivisi venyu
Bope ravavengi venyu
Rinongokwirira.

## Pisarema 75. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Altaschith. Pisarema kanarwiyo rwaAsaph.*

1 Mwari tinokuvongai
Zita riri pedo
Mabasa anoshamisa
Wo anoparidza.

2 Kana ndichiwana nguva
Yoyo kuvungana
Ipapo ndichazotonga
Nako kururama.

3 Pasi pose panyauka
Navo vagerepo
Ndini ndakadzitakura
Idzo mbiru dzapo.

4 Ndakasiti kumapenzi
Vupenzi regai
Kunavakaipa musa
Simudza runyanga.

5 Musasimudza runyanga
Kumusorosoro
Murego taura nemwi
Tsipa mikukutu.

6 Nokuti kukudzwa kubvi
Kumabuda zuva
Kana nokumavirira
Kana kuchamembe.

7 Asi iye Mwari ndiye
Ndiye unotonga
Unoninipisa mumwe
Achikudza mumwe.

8 Nokuti muchanza chake
Urimo mukombe
Wakazara newaini
Yakavhenganiswa.

Unodurura mauri
Kuna vakaipa
Zvirokwazvo vachasvina
Nokumwa masese.

9 Asini ndichaparidza
Nokusingaperi
Ndichimuimbira nziyo
Dzokumurumbidza.

10 Ndichagura nyanga dzavo
Ivo vakaipa
Asi dzavakarurama
Dzichasimudzirwa.

## Pisarema 76. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. NeNeginoth. Pisarema kanarwiyo rwaAsaph.*

1 Unozikanwa ye Mwari
Pakati paJuda
Nezita rake iguru
Pava Siraeri.

2 Yo Tabernakeri yake
Iri paSaremu
Naibwo vugaro bwake
Hwuri paZion.

3 Ndipapo paakavhuna
Miseve yovuta
Nhovo naiwo munondo
Ndokudzima kurwa.

4 Imwi munako kubwinya
Makanakanaka
Nokupfuvura makomo
Azvo zvakapambwa.

5 Vo vakatsunga pamoyo
Vakavata hope
Vakashaiwa mavoko
Ivo vanesimba.

6 Imwi Mwari waJakobe
Kana muchituka
Zvose ngoro naro bhiza
Zvinovata hope.

7 Makafanira kutyiwa
Iyemwi Jehovha
Ndianiko ungamira
Kana makatsamwa.

8 Vakanzwa kutonga kwenyu
Kuchibva kudenga
Naipo pasi pakatya
Pakazonyarara.

9 Paakasimuka Mwari
Kuti azotonga
Avaponese vanyoro
Vanyoro vapasi

10 Iko kutsamwa kwavanhu
Kuchakurumidza
Nokutsamwa kwakasara
Muchazokudzora

11 Pikai muripe mhiko
Kunaye Jehovha
Navo vose vanomutya
Muvigire zvipo.

12 Iye uchagura mweya
Mweya yamachinda
Iye unotyisa kwazvo
Iwo madzimambo

## Pisarema 77. C.M.

*Kumutungamiririri wokuimba, kunaJeduthun. Pisarema raAsaph.*

1 Ndakadana kuna Mwari
Naro inzwi rangu
Iye wandirerekera
Idzo nzeve dzake.

2 Pazuva rokutambura
Ndakatsvaga Ishe
Naigo ruvoko rwangu
Rwakatambanudzwa.

Kunyanguva novusiku
Handina kurega
Mweya wangu wakaramba
Kuti unyaradzwe.

3 Ndinorangarira Mwari
Nokutambudzika
Ndinogunun'una ini
Moyo ndokuziya.

4 Hamumbotenderi meso
Angu kutsinzina
Handigoni kutaura
Nokutambudzika.

5 Ndakasimbofungisisa
Mazuva akare
Nawo makore enguva
Adzo nguva dzake.

6 Ndinombo zviyevudzira
Irwo rumbo rwangu
Napakati povusiku
Ndinoyevudzirwa
Ndinombotaurirana
Nawo moyo wangu
Mweya unotsvakisisa
Nokufungisisa.

7 Ko iye She ungarasha
Nokusingaperi
Asingazonzwiri ngoni
Nokusingaperi?

8 Ko tsitsi dzake dzaenda
Nokusinga peri
Ko chipikirwa chakona
Nokusingaperi?

9 Ko Mwari wakakangamwa
Kuitira nyasha
Wapfigira tsitsi dzake
Pakutsamwa kwake.

10 Ipapo ini ndakati
Novutera hwangu
Ndichifungisisa nguva
Dzakatopfuvura.

Ndichirangarira nguva
Nguva dzamakore
Ago ruvoko rworudyi
Gowokomusoro.

11 Ndichareva zvakaitwa
Na Iye Jehovha
Ndichafunga zvishamiso
Izvozvo zvekare.

12 Ndichafungisisa basa
Basa renyu rose
Nokurangarira zvose
Zvamakamboita.

13 Nzira yenyu Mwari iri
Po panzvimbo tsvene
Ndiani wakafanana
Na Iyemwi Mwari.

14 Ndimwi Mwari munoita
Zvishamiso zvose
Maratidza simba renyu
Pakati pavanhu.

15 Makadzikunura venyu
Noruvoko rwenyu
Ivo vanakomana va
Jakove Josefa.

16 Mvura yakakuvonai
Iyo mvura zhinji
Ikatya napakadzika
Ipo pakabvunda.

17 Makore 'durura mvura
Denga ratinhira
Miseve ikavonekwa
Ichifamba kwose.

18 Inzwi rako kutinhira
Ririko kudenga
Mheni yakavhenekera
Nyika ndokubvunda.

19 Kufamba kwenyu mugungwa
Nenzira mumvura
Naiwo makwara enyu
Ha'ngazvikangamwi.

20 Mafambisa vanhu venyu
Kunge samakwai
Noruvoko rwaMosisi
Norwaye Aroni.

# Pisarema 78. C.M.

*Maschil yaAsaph.*

1 Inzwa murairo wangu
Imwi vanhu vangu
Nzeve dzenyu murereke
Kumashoko angu.

2 Ndichashamisa muromo
Nemifananidzo
Nditaure zvakavanzwa
Nemifananidzo

3 Ndizvozvovo zvatakanzwa
Nezvatakaziva
Nazvo Zvatakavudzwa na
Madzibaba edu.

4 Hatingambo zvivanziri
Ivo vana vavo
Asi tichavavudza rudzi
Runozotevera

Basa rake simba rake
Zvo zvinorumbidzwa
Zvose zvaakamboita
Zvinozoshamisa.

5 Nokuti wakazomisa
Icho chipupuro
Pakati pake Jakobo
Navo vana vake

Ye akazozviraira
Madzibaba edu
Kuti vagozivisavo
Ivo vana vavo.

6 Kuti rudzi notevera
Nairwo ruzive
Ivo vagozovudzavo
Ivo vana vavo.

7 Kutiyo tariro yavo
Ive kuna Mwari
Varego kangamwa basa
Chengeta murawo.

8 Varego fanana navo
Madzibaba avo
Vakanga vari rudzi ru
Singateereri.

9 Navana vaEfuremu
Nyangwe vakashonga
Nhumbi dzose dzokurwisa
Havana kukunda.

10 Havana kumbochengeta
Sungano yaMwari
Nokufamba vakaramba
Nawo murairo.

11 Vakazokangamwa basa
Raavaitira
Nazvo zvishamiso zvose
Zvaavaitira.

12 Wakaita zvishamiso
Nyika yeGipite
Mberi kwamadzibabavo
Sango reZioni.

13 Gungwa wakazopamura
Akavayambusa
Ndokumisa iyo mvura
Kuita somurwi.

14 Negore wavafambisa
Po pamasikati
Nacho chiedza chomoto
Nguva dzovusiku.

15 Matombo wakapamura
Imomo murenje
Ndokuvapa mvura kwazvo
Kunge mumadziva.

16 Wakabudisavo hova
Dzemvura padombo
Mvura zhinji yaerera
Kuita sorwizi.

17 Kunyanguva zvakadaro
Vakamutadzira
Nokumumukira Iye
Wokumsoro soro.

18 Vakamuidza voMwari
Nokumukumbira
Kudya kwavaida ivo
Pakuchiva kwavo.

19 Vakapopotera Mwari
Vachiti kwaari
Ko ungatigadzirira
Tafura murenje.

20 Tarira warova dombo
Mvura kadzutuka
Nehova dzikaerera
Nayo mvura zhinji.

Ko ungagonavo here?
Kupa vanhu vake
Chingwa imomo murenje
Nenyama yokudya.

21 Saka Jehovha wakanzwa
Saka wakatsamwa
Akamuvesera moto
YeIsiraeri.

22 Havana kutenda Mwari
Nokuvimba naye
Havana kuvimba nako
Kuponeswa kwake.

23 Kunyanguva zvakadaro
Waraira denga
Akazarura mikova
Iyo yokudenga.

24 Iyo mana wakanisa
Pamusoro pavo
Kuti vadye wakavapa
Zviyo zvokudenga.

25 Ivo vanhu vakatodya
Chingwa chavatumwa
Wavatumira zvokudya
Kusvika vaguta.

26 Wakazobudisa mhepo
Kubva mabvazuva
Iyo mhepo ikarira
Ikoko kudenga.

Akazofambisa mhepo
Ichibva kuzasi
Wakaifambisa Iye
Naro simba rake.

27 Wakainisavo nyama
Pamusoro pavo
Seguruva nadzo shiri
Sejecha regungwa.

28 Pamisasa yavo pose
Wakazviwisira
Pose pavanga vagere
Pamisasa yavo.

29 Ipapo ivo vakadya
Vakaguta kwazvo
Zvavanga vachikarira
Wakavapa izvo.

30 Vasati vambonyaradza
Ko kukarakwavo
Zvokudya zvavo zvichimo
Mumiromo yavo.

31 Hasha dzikavamukira
Nokuvavuraya
Vakakora namajaya
Ndokuaparadza.

32 Kunyanguva zvakadaro
Vakamutadzira
Vakarambavo kutenda
Zvishamiso zvake.

33 Mazuva wavapedzera
Zvisina maturo
Namakore avo ose
Pane zvinotyisa.

34 Zvino achivavuraya
Vaka zomutsvaka
Vakashingaira kwazvo
Kuti vamuwane.

35 Vakarangarira kuti
Mwari dombo ravo
Nowokomusorosoro
Ndimudzukunuri.

36 Asi vakamunyengera
Nemiromo yavo
Vakamubata kumeso
Nadzo ndimi dzavo.

37 Nokuda kwemoyo yavo
Isingatendeki
Nokusavimbika kwavo
Ipo pasungano.

38 Nokuda kwenyasha dzake
Wavakangamwira
Ko kuipa kwavo kose
Akasaparadza.

Zvirokwazvo kakawanda
Wadzora kutsamwa
Akaregavo kumutsa
Hasha dzake dzose.

39 Wakarangarira kuti
Vanga vari nyama
Nemhepo inopfuura
Isingazodzoki.

40 Kazhinji vamumukira
Imomo murenje
Nokumunzwisavo shungu
Imo muchiunde.

41 Ivo vakapamhidzazve
Vakaidza Mwari
Nokudzivisa mutsvene
WaIsiraeri.

42 Havana kurangarira
Go ruvoko rwake
Nokudzikunurwa kwavo
Po pamudzivisi.

43 Panguva yaaratidza
Zviratidzo zvake
PaGipita zvishamiso
Zvake paZoari.

44 Akashanduravo nzizi
Dzavo dzive ropa
Nehova vakakoniwa
Kuti vamwe mvura.

45 Akavatumira nhunzi
Kuti dzivarume
Namatafi naiwovo
Akavaparadza.

46 Nazvo zvibereko zvavo
Wakapa mhunduru
Nezvavakabata zvavo
Akazvipa mhashu.

47 Paradza mizambiringa
Nechimvura mabwe
Naiyo mivonde yavo
Naichovo chando.

48 Mombe dzavo wadziisa
Pachimvura mabwe
Nezvipfuwo wakaisa
Ipapo pamheni.

49 Watuma pakati pavo
Kutsamwa kukuru
Hasha shungu rive boka
Razvo zvakaipa.

50 Wakagadzirira nzira
Yokutsamwa kwake
Mweya yavo kokurufu
Haana kubvisa.

Asi hwo vupenyu hwavo
Wakatohwuisa
Wakaisa hwo vupenyu
Iko kuzvigwere.

51 Matangwe wakaarova
Ose paGipite
Vokutanga simba ravo
Patente raHami.

52 Wabudisa vanhu vake
Kunge samakwai
Waperekedza murenje
Kunge sezvipfuwo

53 Vafambiswa vakafara
Vasingatongotyi
Asi gungwa rafukidza
Vo vavengi vavo.

54 Panyika wakavasvitsa
Po pagomo dzvene
Rakatengwa noruoko
Ruoko rworudyi.

55 Ndudzi wakadzidzingavo
Akavapa ivo
VaSraeri vagare
Pamatente avo.

56 Asi vakamumukira
Vakaidza Mwari
Vakaramba kuchengeta
Zvipupuro zvake.

57 Asi vakadzoka shure
Sawo madzibaba
Vakanyengera sovuta
Vakazotsauka.

58 Godo rake vakamutsa
Nezvifananidzo
Namatunhu kukwirira
Nezvivezwa zvavo.

59 Mwari wakati achinzwa
Akatsamwa kwazvo
Akasema Sraeri
Zvikurusa kwazvo.

60 Paterbanekeri wabva
Yaiva paShiro
Iro tente akaiswa
Pakati pavanhu.

61 Simba rake wakaisa
Umo mukutapwa
Naiko kubwinya kwake
Mo muvadzivisi

62 Vanhu vake wakaisa
Iko kumunondo
Akaitsamwira kwazvo
Iyo nhaka yake.

63 Moto wapedza majaya
Navo vasikana
Havana kuimba nziyo
Idzo dzomuchato

64 VaPrista kaurawa
Naiwo munondo
Asi chirikadzi dzavo
Hadzina kuchema.

65 Ishe wakazopepuka
Seanga avete
Semhare noridza mhere
Yakamwa waini

66 Vadzivisi akarova
Vadzokere shure
Iye wakavanyadzisa
Zvisingazoperi.

67 Tente wakarambavo
Iro raJosefa
Akasarudzavo rudzi
Rwave Efraimi

68 Asi wakasanangura
Rwo rudzi rwaJuda
Naro gomo reZioni
Raanga achida.

69 Akavaka nzvimbo tsvene
Kuita senhare
Sepasi paakateya
Nokusingaperi.

70 Wasanangura Davhidhi
Ye muranda wake
Ndokuzomubvisa iye
Mudanga rehwai.

71 Wamutora pakufudza
Womatunzi ake
Agofudza Sraeri
Nenhaka 'Jakobo.

72 Nokururama wafudza
Kwawo moyo wake
Nenjere woperekedza
Namaoko ake.

## Pisarema 79. C.M.

*Pisarema raAsaph.*

1 Ndudzi dzakatopindira
Po panhaka yenyu
Vakaisvibisa nhaka
Iyo nzvimbo yenyu.

2 Zvitunha vakapa shiri
Zvavaranda venyu
Ne nyama yavo vatsvene
Vakapa zvikara.

3 Vatevura ropa ravo
PaJerusarema
Pose pose kunge mvura
Vasingavavigi.

4 Takava chinoshovorwa
Navagere nesu
Chinozvidzwa nokusekwa
Navapoteredzi.

5 Mucharamba makatsamwa
Nokusingaperi
Godo renyu richapfuta
Nokusingaperi.

6 Hasha dzenyu dururai
Pam'soro povushe
Hwavasingadani zita
Zita raJehovha.

7 Vakamupedza Jakobo
Vakamuparadza
Vakaparadza vugaro
Hwovugaro hwake.

8 Musafunga kutirova
Pam'soro pezvivi
Zvivi zvawo madzibaba
Madzibaba edu.

9 Tibatsire imwi Mwari
Muponesi wedu
Idzo ngoni dzenyu nyoro
Tatoneta kwazvo.

10 Vahedheni votaura
Uripiko Mwari
Muvatsivevo paropa
Ravaranda venyu.

11 Kugomera kwavasungwa
Kusvike kwamuri
Muvaponese nesimba
Simba renyu guru.

12 Muvatsive vovagere
Vovagere nesu
Vakakushovora imwi
Imwi Ishe Mwari.

13 Isu vanhu namakwai
Amafuro enyu
Ticharatidza kuvonga
Kumarudzi ose.

## Pisarema 80. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba paShoshannim Eduth. Pisarema raAsaph.*

1 Nenzeve dzenyu terera
Kuna Siraeri
Motungamira Jakobo
Kunge Samakwai.

2 Mutsai simba renyuro
Kuna Furaemu
Bhenjamini naManase
Mugozotirwira.

3 Mutidzosei zve Mwari
Kuti tiponeswe
Penyesai chiso chenyu
Kuti tiponeswe.

4 Jehovha Mwari wehondo
Kusvikira nhinhi
Makatsamwira vovanhu
Neminyengetero.

5 Makavadyisa zvokudya
Zvavo nemisodzi
Makavanwisa misodzi
Yakawanda kwazvo.

6 Makatiita chinhu chi
Icho chinosekwa
Navo vatigere navo
Vanoita nharo.

7 Penyesai chiso chenyu
Isu tiponeswe
Tidzosei imwi Mwari
Jehovha wehondo.

8 Matora muzambiringa
PopaEgipita
Mukadzinga vahedheni
Mukatousima.

9 Maugadzirira nzvimbo
Ukatanda kwazvo
Mukasima midzi yawo
Ukazadza nyika.

10 Makomo akafukidzwa
Nomumvuri wawo
Nemisidhari yaMwari
Namatavi awo.

11 Matavi wakatandisa
Kusvika kugungwa
Naiwo mashizha awo
Kusvika kurwizi.

12 Mhanda dzawo makavhuna
Kuti avo vose
Vanopfuvura nenzira
Vagozoutanha

13 Nadzo nguruve dzedondo
Dzinouparadza
Nadzo mhuka dzomusango
Nadzo dzichaudya.

14 Dodzokai henyu Mwari
Tarira muvone
Muve nehanyavo nawo
Wo muzambiringa.

15 Muchenge chakasimwa
Noruvoko rwenyu
Naiye Mwanakomana
Wamazvirerera.

16 Wakapiswa nawo moto
Wakatemwa temwa
Vanopedzwa nokutuka
Kwacho chiso chenyu.

17 Ruvoko rwenyu ngaruve
Pamusoro pake
Munhu woruvoko rwenyu
Ruvoko rworudyi.

18 Ipapo hatingazobvi
Tiraramisei
Tigodana zita renyu
Tiriko kwamuri.

19 Muti dzoseizve Mwari
Kuti tiponeswe
Penyesai chiso chenyu
Kuti tiponeswe.

## Pisarema 81. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba paGittith. Pisarema raAsaph.*

1 Imbirai Mwari kwazvo
Iye simba redu
Mupururudze Kwaari
Mwari waJakobo.

2 Imbai muridze ngoma
Muimbire nziyo
Muridze mutengeramwa
Inozonakidza.

3 Ridzai hwamanda paku
Kugara komwedzi
Napakuchena komwedzi
Iyo yakatarwa.

4 Nokuti zvakatemerwa
Iye Siraeri
Zvakarairwa naMwari
Mwari waJakobo.

5 Nokuti wakazvitema
Munaye Josefa
Kuti chive chipupuro
Popa Egipita.

6 Ndakabvisa womutoro
Pamafudzi ake
Mavoko akaregedza
Kuregedza dengu.

7 Iwe wakadanidzira
Pakutambudzika
Ndakakuidza uripa
Mvura yeMeriba.

8 Inzwai mi vanhu vangu
Ndikutaurire
Dai wakateerera
Iwe Siraeri.

9 Kusavapo mumwe Mwari
Po pakati penyu
Musanamata vamwari
Mwari wavatorwa.

10 Jehovha ndiMwari wenyu
Wakakubudisa
Shamisa muromo wako
Ndigozouzadza.

11 Asi imwi vanhu vangu
Hamuteereri
Siraeri wakaramba
Wandiramba chose.

12 Saka ndakavaregera
Pakuwoma moyo
Kuti vafambe namano
Iwo mano avo.

13 Dai ivo vanhu vangu
Vanditeerera
Kuti vafambe nenzira
Idzo nzira dzangu.

14 Dai ndakakurumidza
Kurova vavengi
Kurova vavengi vavo
Noruvoko rwangu.

15 Vanovenga YeJehovha
Vave pasi pake
Yavo nguva inogara
Nokusingaperi

16 Dai akavapa zviyo
Zvakaisvo-naka
Nokuvagutsa novuchi
Vunobva padombo.

## Pisarema 82. C.M.

*Pisarema raAsaph.*

1 Pakati pavanesimba
Mwari unomira
Napakati pavamwari
Mwari unotonga.

2 Muchatonga zvakaipa
Kusvika riniko?
Musinga gamuchirivo
Vanhu vakaipa.

3 Tongerai vovarombo
Naidzo nherera
Vanotambudzika navo
Navanoshaiwa

4 Muvarwire paruvoko
Rwaye wakaipa
Muvasunungure pana
Iye wakaipa.

5 Havazivi vanzwisisi
Vofamba murima
Naidzo nheyo dzapasi
Dzinosununguka.

6 Ndakati murivamwari
Mose imwi muri
Vovanakomana vake
Vowokumusoro.

7 Kunyanguva zvakadaro
Muchafa somumwe
Somumwe wawo machinda
Machinda avanhu.

8 Simukai imwi Mwari
Mugotonga nyika
Nokuti dzondudzi dzose
Ndiyo nhaka yenyu.

## Pisarema 83. C.M.

*Rwiyo kanaPisarema raAsaph.*

1 Jehovha musanyarara
Imwi Mwari wangu
Musingatauri Mwari
Musangonyarara.

2 Nokuti vavengi venyu
Vanoita bope
Vovanokuvengai va
Simudza misoro.

3 Vanofunga mano kuti
Vanyengere vanhu
Vanovarangana ivo
Vakavanzwa nemwi.

4 Kuti vagovaparadza
Vasazova rudzi
Kuti zita raSraeri
Risarangarirwa.

5 Nokuti vakarangana
Nawo moyo mumwe
Vakaitavo sungano
Yokuzorwa nemi.

6 Matente avo iwayo
Ivova Edhomi
Naiye Ishumaeri
Navo vaHagari.

7 Gebhari navaAmoni
NavaAmareki
Pamwe naye Firistia
Navagere Tire.

8 Naivo veAsiria
Vakavabatsira
Vasangana pamwe chete
Vo vana vaRoti.

9 Sezvamakamboitira
Midiya Sisera
Jabini poPakishoni
Muvaitirevo.

10 Ivo vakazoparadzwa
PaEndori apo
Vakazova somufudze
Mufudze wapasi.

11 Itai vakuru vavo
Oribi Sisera
Machinda avo osena
Zeba naZamuna.

12 Ivo vakanga vatoti
Ngatizvitorere
Ihwo vugaro hwa Mwari
Kuti hwuve hwedu.

13 Muvaite seguruva
Imwi Mwari wedu
Rinondeya samakoto
Odzingwa nemhepo.

14 Zviite kunge somoto
Unopisa dondo
Somurazvo wawomoto
Wopisa makomo.

15 Saizvozvo vavhunduswe
Nedutu remhepo
Mugozova teverera
Nechamupupuri.

16 Fukidzai zviso zvavo
Nako kunyadziswa
Kuti vagotsvaka zita
Renyu miJehovha.

17 Vanyadziswe vavhunduswe
Nokusingaperi
Zviro kwazvo vanyadziswe
Kusvika parufu.

18 Vazive kuti mwi moga
Mononzi Jehovha
Ndimwi wokumsoro soro
Kum'soro kwenyika.

# Pisarema 84. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba paGittith. Pisarema kuvanakomana vaKora.*

1 Vugaro hwenyu mwiMwari
Imwi Mwari wangu
Imwi Jehovha wehondo
Hwunozodikamwa.

2 Mweya wangu unoshuva
Vazhe dzaJehovha
Zvirokwazvo unopanga
Vazhe dzaJehovha.

Moyo wangu nyama yangu
Zvose zvinodana
Kunaye Mwari mupenyu
Zvose zvinodana.

3 Shiri yakazviwanira
Iyo nyenga nyenga
Yazviwanira dendere
Rokuisa vana.

Po paaritari dzenyu
Jehovha wehondo
Zvirokwazvo Mwari wangu
Naye mambo wangu.

4 Vakaropafadzwa vano
Gara mumba menyu
Vachagara vachingoku
Rumbidzai ivo.

5 Wakaropafadzwa munhu
Murisimba rake
Moyo wake wakazadzwa
Nadzo nzira dzenyu.

6 Vachipfuvura mupata
Iyo yakaoma
Vanoita mo matsime
Ozadzwa nemvura.

7 Vanowedzeravo simba
Pam'soro pesimba
PaZioni vagomira
Pamberi paMwari.

8 Imwi Jehovha weHondo
Inzwai kuchema
Munditerere nenzeve
Mwari waJakobo.

9 Mwari imwi nhovo yedu
Tarirai henyu
Tarira muvone chiso
Chomuzodzwa wenyu.

10 Nokuti rozuva rimwe
Popavazhe dzenyu
Rinokunda mamwe ane
Churu pakunaka.

Ndinoda kuva murindi
Waiwo mukova
Weimba yaMwari wangu
Ndiite murindi.

11 Nokuti Jehovha Mwari
Izuva nenhovo
Jehovha uchapa nyasha
Naikokukudzwa

Hapachina chakanaka
Chaangavanyima
Ivo vaya vanofamba
Nako kururama.

12 Imwi Jehovha wehondo
Wakaropafadzwa
Iye munhu unovimba
Unovimba nemwi.

## Pisarema 85. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema kuvanakomana vaKora.*

1 Jehovha makafarisa
Iyo nyika yenyu
Makadzosa zveJakobo
Pakutapwa kwake.

2 Makangamwira kutadza
kwavo vanhu venyu
Makafukidzavo zvivi
Zvivi zvavo zvose.

3 Kutsamwa kwenyu mabvisa
Nadzo hasha dzenyu
Napahasha dzakanyanya
Imwi mazvidzora.

4 Tidzosei imwi Mwari
Muponesi wedu
Mugumise hasha dzenyu
Dzakananga isu.

5 Mucharamba makatsamwa
Nokusingaperi
Mosvitsa kutsamwa here
Kumarudzi ose.

6 Hamungatiraramisi
Isu vanhu venyu
Kuti tigofara nemwi
Isu vanhu venyu.

7 Tiratidze ngoni dzenyu
Iyemwi Jehovha
Mugotipa ruponeso
Ruponeso rwenyu.

8 Imwi muchazotaura
Rugare kuvanhu
Nokuvatsvene varege
Varege vupenzi.

9 Zvirokwazvo kuponeswa
Kwake kuri pedo
Navo vanhu vanomutya
Vari mukuhwinya.

10 Ngoni naiyo chokwadi
Zvakazosangana
Kururama norugare
Zvakazosvetana.

11 Zvokwadi yomera pasi
Mwari waTarisa
Arikumusoro soro
Watarisa pasi.

12 Jehovha uchapa vanhu
Zvinhu zvakanaka
Nyika igozobereka
Zvibereko zvayo.

13 Kururama kuchatunga
Mirira dzo tsoka
Kuchagadzirira tsoka
Tsoka dzake nzira.

## Pisarema 86. C.M.

*Munyengetero waDhavhidhi.*

1 Rerekai nzeve dzenyu
Kuti mugondinzwa
Nokuti ndiri murombo
Nounoshaiwa.

2 Mweya wangu chengetai
Zvandiri mutsvene
Ponesa muranda wenyu
Ndinovimba nemi.

3 Ishe ngoni ndinzwirei
Kwamuri ndodana
Kuti kwamuri ndochema
Wo mazuva ose.

4 Mweya womuranda wenyu
Dofadzai imwi
Ndinosimudzira mweya
Wangu kwamuri.

5 Nokuti She makanaka
Munokangamwira
Ngoni munovaitira
Vanodana imwi.

6 Kumunyengetero wangu
Rerekai nzeve
Mugoteerera inzwi
Rom'kumbiro wangu.

7 Pazuva ramatambudzo
Kwamuri ndodana
Nokuti iyemwi moga
Muchandipindura.

8 Wakafanana vo nemwi
Hapana nomumwe
Namabasa akaita
Seenyu hapana.

9 Dzondudzi dzamakaita
Idzo dzichauya
Kuzonamata kwamuri
Dzichakurumbidzai.

10 Nokuti muri mukuru
Ndimi munoita
Zvose zvinozoshamisa
Ndimi Mwari moga.

11 Ndidzidzisei nzira yenyu
'Fambe muchokwadi
Moyo wangu batanidzai
Nditye zita renyu.

12 Ndichakurumbidzai Ishe
Imwi Mwari wangu
Zita renyu ndirumbidze
Nokusingaperi

13 Nokuti dzo ngoni dzenyu
Ihuru kwandiri
Marwira mweya wangu mu
Gomba rakadzika.

14 Vanhu vanongozvikudza
Vakandimukira
Vungano yavanhu vose
Vanomanikidza

Vungano yaingotsvaka
Iwo mweya wangu
Havana kukuisai
Imwi mberi kwavo

15 Mwari mune nyasha muno
Nonoka kutsamwa
Imwi mune ngoni zhinji
Naiyo zvokwadi.

16 Ndinzwirei ngoni Mwari
Mugondipa simba
Ponesai Mwanakomana
Womurandakadzi

17 Chiratidzo ndiratidze
Chazvo zvakanaka
Kuti vavengi vavone
Ivo vanyadziswe

Nokuti imwi Jehovha
Makandibatsira
Imwi makandinyaradza
Iyemwi Jehovha.

## Pisarema 87. C.M.

*Pisarema kanarwiyo rwavanakomana vaKora.*

1 Unodzika nheyo dzake
Ipo pamakomo
Iwo makomo matsvene
Paanodzidzika.

2 Mwari unoda misuwo
Iyo yeZion
Kupfuvura bwo vugaro
Bwaiye Jakobo.

3 Zvinhu zvakanakisisa
Zvinozotaurwa
Pamusoro pako iwe
We guta raMwari.

4 Ndichareva Bhabhironi
Naiye Rahabhi
Kunavo vanondiziva
Ndichasingoreva.

Tarira Firistia
Tire Itiopia
Tarira Murume uyu
Wakazvarwa uko.

5 Zvichazonzi paZion
Uyu nouyovo
Wakazvarigwa imomo
Ye uchasimbisa.

6 Jehovha uchaverenga
Pakunyora ndudzi
Achiti murume uyo
Wakazvarigwa ko.

7 Vanoimba navatambi
Vacharidza 'chiti
Ose wa matsime angu
Arimo mauri.

## Pisarema 88. C.M.

*Rwiyo kanaPisarema rwavanakomana vaKora. Kumutungamiriri wokuimba paMahalath Leanoth. Maschil yaHemani muEzra.*

1 Imi Jehovha Mwari wo
Ruponeso rwangu
Ndakachema mberi kwenyu
Siku nesikati.

2 Munyengetero wangu wo
Kwamuri upinde
Rerekai nzeve yenyu
Mugonzwa kuchema.

3 Mweya wangu wakazara
Namatambudziko
Mweya wangu woswedera
Iko kuSheori.

4 Ndinoverengwa pamwena
Vopinda mugomba
Ndakafanana nomunhu
'Sina mubatsiri.

5 Ndakarashirwa pakati
Paivo vakafa
Saivo vakavurawa
Vavete mubwiro

Ivo vamusati zvenyu
Mucharangarira
Vakatogurwa ivavo
Paruvoko rwenyu.

6 Makandiisa mugomba
Rakadzika dzika
Po panzvimbo dzine rima
Makadzika kwazvo.

7 Makaisa hasha dzenyu
Pamusoro pangu
Imwi makanditambudza
Namafungu enyu.

8 Imi makatovaisa
Vazikani vangu
Mavaisa kure neni
Vazikani vangu.

Makandiitavo chinhu
Chinozonyangadza
Kwavari ndakapfigirwa
Ndigoni kubuda.

9 Ziso rangu rinochema
Nokutambudzika
Ndakadanavo kwamuri
Mazuva ngu ose.

10 Mungaitira vakafa
Zvishamiso here
Vaparara vangamuka
Varumbidze here.

11 Vunyoro hwungaparidzwa
Nomubwiro here?
Kana kutendeka kwenyu
Momukuparadzwa?

12 Ko zvishamiso zvenyu zvo
Zikanwa murima?
Nokururama panyika
Vo yokukangamwa?

13 Ndakachema vo kwamuri
Kukumbira kwangu
Mangwanani kuchasvika
Iko mberi kwenyu.

14 Jehovha munorashirei
Iwo mweya wangu
Munovanzirei chiso
Chenyu ko kwandiri.

15 Ndinotambudzika ni
Kusvika pakufa
Ndichivhundudzirwa nemwi
Ndinopera mano.

16 Kutsamwa kwenyu kukuru
pamusoro pangu
Kutyisa kwenyu kukuru
Kwakandiparadza.

17 Zvakandifukidza ini
Kuita semvura
Zvandipoteredza ini
Pamwe chete apo.

18 Shamwari navanodana
Mavaisa kure
Naye muzikani wangu
Urimo murima.

## Pisarema 89. C.M

*Maschil yaEtani muEzra.*

1 Ndichaimba ndichireva
Ngoni dzaJehovha
Idzo ngoni dzaJehovha
Nokusingaperi.

2 Idzo ngoni dzichavakwa
Nokusingaperi
Simbisai kutendeka
Mukudenga-denga.

3 Ndakaita yosungano
Nomusanangurwa
Ndakapinzira Davhidhi
Ndikati kwaari.

4 Ndichamisa vana vako
Nokusingaperi
Chigaro ndokuvakira
Kumarudzi ose.

5 Kudenga kucharumbidza
Zvishamiso zvenyu
Nako kutendeka kwenyu
Ipo pavungano.

6 Iye Mwari unotyiwa
Pavungano yavo
Kutyiwa wakafanira
Kupfuvura vose.

7 Jehovha Mwari wehondo
Imwi munesimba
Ndiani wofana imwi
Kutendeka kwenyu.

8 Ndimi munobata gungwa
Kuzvikudza kwaro
Mafungu akasimuka
Munoanyaradza.

9 Makaputsanya Raabi
Kunge unesimba
Vavengi vakaparadzwa
Noruvoko rwenyu.

10 Kudenga-denga ndokwenyu
Nenyika ndeyenyu
Nezvose zvosevo zvayo
Ndimi makateya.

11 Chamhembe Maodzanyemba
Ndimi makasika
Tabori naro Hermoni
Fara momuzita.

12 Noruvoko runesimba
Chanza chinesimba
Ruvoko rwenyu rworudo
Rwakatosimudzwa.

13 Kururama nokutonga
Ndidzo nheyo dzenyu
Nyasha nechokwadi chenyu
Zvinotungamira.

14 Vakaropafadzwa vano
Ziva nzwi romfaro
Vanofamba muchiedza
Chacho chiso chenyu

15 Vanofara m'zita renyu
Iro zuva rose
Vanosimudzwa naiko
Kururama kwenyu.

16 Nokuti muri kubwinya
Kwaro simba ravo
Nyanga yenyu 'chasimudzwa
Nadzo tsitsi dzenyu

17 Nokuti Yo nhovo yedu
Ndeya YeJehovha
Naiyevo Mambo wedu
Ndowa YeMutsvene.

18 Nguva yamakataura
Navatsvene venyu
Pakuzviratidza kwenyu
Kuvatsvene venyu.

Mukati ndakabatsira
Mhare ndasimudza
Mumwe wavo vakasara
Pavasanangurwa.

19 Ndamuwana yeDhavhidhi
Ye muranda wenyu
Ndakamuzodza mafuta
Angu womatsvene.

20 Changu icho chanza chino
Simbiswa vo naye
Nago ruvoko rwanguvo
Rwuchangosimbiswa.

21 Muvengi nga manikidzi
Nomwanakomana
Wezvakaipa haanga
Zombo mutambudzi.

22 Vadzivisi ndichapedza
Popamberi pake
Ndichavarova ivavo
Vanongomuvenga.

23 Kutendeka ngoni dzangu
Zvichasiva naye
Runyanga rwuchasimudzwa
Naro zita rangu.

24 Ndichaisa ‘voko rwake
Pamsoro pegungwa
Ruvoko rwake rorudyi
Pamsoro penzizi.

25 Ye uchadana kwandiri
Ndimi baba vangu
Mwari wangu dombo rangu
Kuponeswa kwangu.

26 Iye ndichazomuita
Ave dangwe rangu
Mukuru wamadzimambo
Apo pano pasi.

27 Ndicham’chengetera ngoni
Nokusingaperi
Sungano yangu charamba
Yasimba kwaari.

28 Vana ndichavagarisa
Nokusingaperi
Chigaro chake chovushe
Nokusingaperi

29 Kana vana vake vaka
Siya murairo
Mumwe wavo wakasara
Sezvandakatonga.

30 Kana ivo vakazvidza
Izvo zvandatonga
Vakasazoichengeta
Mirairo yangu.

31 Neshamhu ndichavaranga
Kudarika kwavo
Vuye nokuzovarova
Nokuipa kwavo.

32 Asi handimutoreri
Hwo vunyoro hwangu
Handitendi kutendeka
Kwangu kukoneswe.

33 Sungano handingazvidzi
Kana kushandura
Chimwe chinhu chakabuda
Pamusoro wangu.

34 Ndakapika kamwe chete
Novutsvene bwangu
Handingamborevi nhema
Kunaye Dhavhidhi.

35 Vana vake vachavapo
Nokusingaperi
Chigaro chake chovushe
Nokusingaperi.

36 Chichasimbiswa somwedzi
Nokusingaperi
Chigaro chake chovushe
Nokusingaperi.

37 Asi imi makarasha
Vuye makaramba
Iye mukamutsamwira
Ye muzodzwa wenyu.

38 Makasemavo sungano
Yomuranda wenyu
Mukazvidzavo sungano
Nokukanda pasi.

39 Imwi makatoputsanya
Wo madziro ake
Nhare dzake mukaita
Dzive samatongo.

40 Vanopfuura nenzira
Vanopamba nhumbi
Wava chinhu chinosekwa
Navagere naye.

42 Makasimudza ruvoko
Vadzivisi vake
Navavengi vake vose
Makasivafadza.

43 Munodzosavo munondo
Wake pakupinza
Hamuna kuvasimbisa
Ipapo pakurwa.

44 Makagumisa kubwinya
Ko kubwinya kwake
Mukazomufukidzavo
Naiko kubwinya.

45 Jehovha muchazvivanza
Kusvikira rinhi
Hasha dzenyu dzichapfuta
Kusvikira rinhi.

46 Rangarira kuti nguva
Yangu pfupi sei
Makasikirako vanhu
Zvisinamaturo.

47 Ko ndoupi norarama
Singavoni rufu
Wamasungunura mweya
Wake paSheori.

48 Ko Ishe vunyoro hwenyu
Ihwo hwuripiko
Hwamapikira Dhavhidhi
Nako kutendeka.

49 Rangarira kushovorwa
Kwavaranda venyu
Muchifuva ndatakura
Kushovorwa kose.

50 Kwavakashovora nako
Vo vavengi venyu
Vachishovora makwara
Omuzodzwa wenyu.

51 Iye Jehovha ngaavongwe
Nokusingaperi
Zvirokwazvo vo Ameni
Nazvino Ameni.

## Pisarema 90. C.M.

*Munyengetero waMosesi, munhu waMwari.*

1 Ishe manga muri nzvimbo
Yedu yokugara
Pamarudzi namarudzi
Hwo vugaro hwenyu.

2 Makomo asati avapo
Nyika nevhu naro
Musati mambozvisika
Manga muri Mwari.

3 Kubva pasi nokutanga
Nokusingaperi
Makagara muri Mwari
Nokusingaperi.

4 Munhu munomuparadza
Nokumudzosera
Zve kwaakabva kwekare
Dzokai imwi vanhu.

5 Namakore anechuru
Zvinongofanana
Nezuva zvazopfuura
Nezuva razuro.

6 Munokukura semvura
Zvoita sehope
Mangwanani vanomera
Sovuswa vunyoro.

7 Nokuti tinongopedzwa
Nokutsamwa kwenyu
Tinotambudzika nadzo
Idzo hasha dzenyu.

8 Zvivi zvedu makaisa
Iko mberi kwenyu
Izvo zvakanaka zvedu
Pachiedza chenyu.

9 Nokuti mazuva edu
Makatitsamwira
Makore edu opera
Kunge sorungano.

10 Mazuva makore edu
Makumi manomwe
Asi kana tinesimba
Makumi masere.

Asi nyangwe achikudzwa
Kutambura chete
Gare gare anoenda
Nesu tinoenda.

11 Ndiyaniko unoziva
Simba rokutsamwa
Naidzovo hasha dzenyu
Kuti mugotyiwa.

12 Tidzidzise kuverenga
Wo mazuva edu
Tigozviwanira moyo
Wo wakachenjera.

13 Dzokai imwi Jehovha
Kusvikira rini
Muzvidembe pamusoro
Pavaranda venyu.

14 Tigutsei mangwanani
Nadzo ngoni dzenyu
Tifare tifarisise
Mazuvadu ose.

15 Tifadzei kuenzana
Zvatakatambura
Namakore takavona
Zvakaipa zvoga.

16 Zvamaita zvivonekwe
Navaranda venyu
Naiko kubwinya kwenyu
Popavana vavo.

## Pisarema 91. C.M.

1 Wakavanda po panzvimbo
Yowokumusoro
Uchagara pamumvuri
Wamasimba ose.

2 Pamusoro paJehovha
Ndiye nhare yangu
Vutiziro naro simba
Ndinovimba naye.

3 Kuti ye uchakurwira
Ipo parugombe
Rwomuteyi napahosha
Yo inovuraya.

4 Iye uchakufukidza
Neminhenga yake
We uchatizira pasi
Mapapiro ake.

5 Iwe haungatyi chinhu
Chinokuvhundusa
Vusiku kana museve
Wo wamasikati.

6 Kana hosha inofamba
Imomo murima
Kana iko kuparadza
Ko kwamasikati.

7 Rutivi rwako pachawa
Gumi ramazana
Vane zvuru zvamazana
Hazvikusvikiri.

8 Uchazvitarira hako
Nawo meso ako
Uchavona mubairo
Wavo vakaipa.

9 Nokuti imi Jehovha
Vutiziro hwangu
Imwi wokumsoro soro
Hwo vugaro hwangu

10 Hapana cho chakaipa
Chingazokuwira
Nehosha haiswederi
Po patente rako.

11 Kuti ye ucharaira
Vo vatumwa vake
Kuti vagokuchengeta
Po panzira dzako.

12 Ivo vachakusimudza
Pamavoko avo
Usagumbusa rutsoka
Rwako pana mabwe

13 Uchatsika pamusoro
Peshumba nechiva
Mwana weshumba nenyoka
Utsikire pasi.

14 Wakandida ndicharwira
Po pakakwirira
Nokuti ye wakaziva
Iro zita rangu.

15 Ye uchadana kwandiri
Ndigomupindura
Pamatambudziko ake
Ndichasimurwira.

16 Iye ndichasimugutsa
Vupenyu vurefu
Vuye ndichamuratidza
Ruponeso rwangu.

## Pisarema 92. C.M.

*Pisarema kanarwiyo rwezuva resabata.*

1 Zvakanaka kurumbidza
Iyemi Jehovha
Nokumuimbira iye
Wokumsoro soro.

2 Kuparidza nyoro hwenyu
Achimangwanani
Nako kutendeka kwenyu
Pavusiku hwose.

3 Naichocho chinoridzwa
Nehungiso gumi
Mitengeranwa namanzwi
Anobva pambira.

4 Nokuti imi Jehovha
Makasindifadza
Naizvo zvamakaita
Pamabasa enyu.

5 Mabasa enyu Jehovha
Akakura sei
Naiyo mifungo yenyu
Yakadzika kwazvo.

6 Naiye usine njere
Haazivi izvo
Nebenzi harinzwisisi
Zvose izvozvovo.

7 Vachichemavo sovuswa
Vaipi chikura
Zvinoita vaparadzwe
Nokusingaperi.

8 Asi iyemi Jehovha
Wokumsoro-soro
Muri wokumsoro imwi
Nokusingaperi.

9 Kuti tarira Jehovha
Vo vavengi venyu
Vaiti vezvakaipa
Vachaparadzirwa.

10 Asi go runyanga rwangu
Makarusimudza
SorweNyati ndikazodzwa
Namafuta matsva.

11 Ziso rangu rakavona
Zvo zvakaitirwa
Ivavo vanondivenga
Zvavakaitirwa.

Nzeve dzangu dzakatonzwa
Zvavakaitirwa
Vaiti vezvakaipa
Vakandimukira.

12 Wakarurama chamera
Kunge somuchingwe
Uchakura seSidari
Rapa reBanoni.

13 Vakasimwa momuimba
Imba yaJehovha
Vachataura muvazhe
Dzo dzaMwari wedu.

14 Vabereke zvibereko
Nyangwe vakwegura
Vuye vachava vanyoro
Vachavavo vatsva.

15 Vagoparidzavo kuti
Ye wakarurama
Pana chisakarurama
Imomo maari.

## Pisarema 93. C.M.

1 Jehovha wobata vushe
wafuka vumambo
Nesimba wateya nyika
Haizununguswi.

2 Chigaro chenyu chovushe
Chakatosimbiswa
Nemi muripo kubvira
Pasi nokutanga.

3 Jehovha nzizi dzakato
Nzwisa manzwi adzo
Nzizi dzakatosimudza
Wo mafungu adzo.

4 Ye Jehovha unesimba
Kukunda mafungu
Unokunda mvura zhinji
Ndiye unesimba.

5 Zvipupuro zvenyu izvi
Ndezvamazvokwadi
Vutsvene hwakafanira
Iyo imba yenyu.

## Pisarema 94. C.M.

1 Jehovha iyemi Mwari
Muri ye mutsivi
Ndiyemi muri mutsivi
Chizviratidzai.

2 Chizvisimudzai imwi
Mutongi wenyika
Mugopa vanozvikudza
Zvavakafanira.

3 Ishe kusvikira rinhi
Kusvikira rinhi
Vakaipa vachakunda
Kusvikira rinhi.

4 Ishe kusvikira rinhi
Ivo vakaipa
Vachingotaura havo
Nokungozvikudza.

5 Vanopwanya vanhu venyu
Imi Mwari wedu
Vachisingovatambudza
Iyo nhaka yenyu.

6 Vovuraya chirikadzi
Naidzo nherera
Kunyanguva ari mweni
Vanomuvuraya.

7 Asi ivo vanoti vo
Haambozvivoni
Mwari waJakobo iye
Haarangariri.

8 Chimbonzwisisai imwi
Vasakachenjera
Mapenzi kusvika rinhi
Musinavo njere?

9 Iye wakasima nzeve
Haanganzwi here?
Naye wakaumba ziso
Haavoni here?

10 Unoranga vahedheni
Harairi here
Unopavo vanhu zivo
Haazivi zivi here?

11 Iye Jehovha noziva
Kufunga kwavanhu
Iye unoziva kuti
Hazvinamaturo.

12 Wakaropafadzwa munhu
Unorangwa nemwi
Iye wamunodzidzisa
Mirairo yenyu.

13 Kuti mugomuzorodza
Pakutambudzika
Kusvikira vakaipa
Vachererwa gomba.

14 Nokuti iye Jehovha
Hangarashi vana
Vuye haangazosiyi
Iyo nhaka yake.

15 Nokuti iko kutonga
Kucharuramazve
Vane moyo karurama
Vachakutevera.

16 Ndiani uchandirwira
Panavakaipa
Andibatsire pavari
Vanezvakaipa.

17 Dai iye-mwi Jehovha
Musandibatsira
Mweya wangu ungadai
Wakangonyarara.

18 Pandakati tsoka dzangu
Dzinotedzemuka
Ipapo imwi Jehovha
Makandibatsira.

19 Mundangarirovo zhinji
Mo mukati mangu
Kunyaradza kunofadza
Iwo mweya wangu.

20 Ko chigaro chakaipa
Chinganzwana nemwi?
Chinofunga zvakaipa
Nemitemo yazvo.

21 Vanovunganira mweya
Wo wakarurama
Vachiripa mhosva ropa
Risina nemhosva.

22 Asi iyeyu Jehovha
Ndiye nhare yangu
Mwari wangu ndiye dombo
Vutiziro hwangu.

23 Uchadzosera kutadza
Pamusoro pavo
Mwari uchavaparadza
Pakuipa kwavo.

## Pisarema 95. C.M.

1 Vuyai timuimbire
Tipururudzire
Dombo rago ruponeso
Ruponeso rwedu

2 Tisvike pamberi pake
Tichingomuvonga
Ngatimupururudzire
NamaPisarema

3 Kuti Jehovha ndiMwari
Ndimambo mukuru
Mukuru nokupfuvura
Vana mwari vose.

4 Nzvimbo dzakadzika pasi
Muruvoko rwake
Naro simba rezvikomo
Nairo nderake.

5 Naro gungwavo nderake
Ye wakariita
Namavoko wakavumba
Nyika yakawoma.

6 Vuyai ngatinamate
Timufugamire
Pamberi pake Jehovha
Iye Mwari wedu.

7 Nokuti ndiMwari wedu
Tiri vanhu vake
Tiri vanhu vanofudzwa
Vanofudzwa naye.

Isu tiriwo makwai
Oruvoko rwake
Nhasi dai muchirinzwa
Iro izwi rake.

8 Rega kuwomesa moyo
Sapakutsamwisa
Sapazuva kudaidzwa
Imomo murenje.

9 Panguva yandakaidzwa
Madzibaba enyu
Vakaidza vakavona
Basa randaita.

10 Ndakanga ndiine shungu
Norudzi igogu
Kwamakore anosvika
Pamakumi mana.

Ndikati ava ndivanhu
Vakatorashika
Havana kuziva nzira
Idzo nzira dzangu.

11 Sakandavapikira
Pakutsamwa kwangu
Kuti havangazopindi
Muzororo rangu.

## Pisarema 96. C.M.

1 Chiimbirai Jehovha
Igo rumbo rutsva
Mumuimbire mi nyika
Imi nyika yose.

2 Chiimbirai Jehovha
Murumbidze zita
Muparidze ruponeso
Zuva rimwe rimwe.

3 Dudzira kubwinya kwake
Po pavahedheni
Mabasa anoshamisa
Po pandudzi dzose.

4 Kuti Jehovha mukuru
Ngaarumbidzwe ye
Atyiwe nokupfuvura
Vana mwari vose.

5 Nokuti vamwari vose
Ndizvifananidzo
Asi iye wakaita
Kudenga denga ko.

6 Kukudzwa nahwo vumambo
Zviri mberi kwake
Simba kunaka zviri pa
Nzvimbo yake tsvene.

7 Ipai iye Jehovha
Imi ndudzi dzose
Mumupe iye Jehovha
Kukudzwa nesimba.

8 Ipai Jehovha kudzo
Yaakafanira
Vuyai nechipiriso
Mo muvazhe dzake.

9 Namata iye Jehovha
Nayo nguva tsvene
Bvunda imwi pasi pose
Po pamberi pake.

10 Revai kuvahedheni
Unobata vushe
Nenyika yakasimbiswa
Isazungunuswa.

11 Kudenga denga kufare
Pasi ngapafare
Negungwa ngaritinhire
Nezvose zvirimo.

12 Sango ngarifarisise
Nezvose zvirimo
Ipapo miti yedondo
Ichafara kwazvo.

13 Pamberi pake Jehovha
Kuti unovuya
Unovuya kuzotonga
Kuzotonga pasi.

Uchazotongavo pasi
Nako kururama
Ne ndudzi uchadzitonga
Nako kutendeka.

## Pisarema 97. C.M

1 Jehovha nobata ushe
Nyika ngaifare
Naizvo zviwi zvizhinji
Nazvo ngazvifare.

2 Iwo makore nerima
Zvakatomukomba
Kururama ndidzo nheyo
Dzechigaro chake.

4 Mheni dzakavhenekera
Iyo nyika yose
Ipo pasi pakaoma
Pakazovhunduka.

5 Makomo akanyauka
Po pamberi pake
Senamo pamberi paShe
She wapasi pose.

6 Kudenga kunoparidza
Kururama kwake
Ndudzi dzose dzakavona
Vokubwinya kwake.

7 Vanoshumira zvivezwa
Nemifananidzo
Iyo yaka vezwa iyo
Vachazonyadziswa.

Ivo vanozvirumbidza
Nezvifananidzo
Imi namatai kwaari
Vamwari vendudzi.

8 Zioni rakafanira
Navana vaJudha
Nokuda kwezvamatonga
Iyemwi Jehovha.

9 Nokuti imwi Jehovha
Muri kumusoro
Makwirira kupfuvura
Vana mwari vose.

10 Venga zvakaipa imwi
Munoda Jehovha
Nokuti unochengeta
Mweya yavatsvene.

11 Chiedza chinodzvarirwa
Vakaruramavo
Nemufaro vanemoyo
Yo kakarurama.

12 Farai munaJehovha
Mi vakarurama
Mumuvonge muchifunga
Hwo vutsvene hwake.

## Pisarema 98. C.M

*Pisarema.*

1 Imbirai yeJehovha
Irwo rumbo rutsva
Nokuti ye waita
Zvinozoshamisa.

Chanza chake chorudyi no
Ruoko rutsvene
Irwo rwakamukundisa
Ruoko rutsvene.

2 Jehovha wakazivisa
Ruponeso rwake
Kururama waratidza
Po pavahedheni.

3 Ngoni wakarangarira
Nako kutendeka
Kunaiyo imba yake
Iye Isiraeri.

Migumo yose yapasi
Iyo yakaona
Irwo ruponeso rwake
Iye Mwari wedu.

4 Pururudzira Jehovha
Imi pasi pose
Paridzirai muimbe
Muchimurumbidza.

5 Imbirai iye Jehovha
Rumbidza nembira
Nembira mumuimbire
NaMapisarema.

6 Nehwamanda nemimhanzi
Muchimuimbira
Pururudzai pamberi
Pamambo Jehovha.

7 Iro gungwa ngarivombe
Nezvose zvirimo
Nenyika naivo vose
Navanogaramo.

8 Nzizi ngadziuchirevo
Makomo aimbe
Zvose zvose pamwe chete
Zvichifarisisa.

9 Pamberi pake Jehovha
Uchatonga nyika
Uchatonga vanhu vose
Nako kururama.

## Pisarema 99. C.M.

1 Jehovha wobata vushe
Vanhu ngavabvunde
Pakati pamakerubi
Zununguka nyika.

2 Jehovha mukuru kuru
Ipo paZion
Uri kumusoro soro
Kwavo vanhu vose.

3 Ngavarirumbidze zita
Guru rinotyisa
Nokuti iyeJehovha
Ndiye yu mutsvene.

4 Simba ramambo rinoda
kururamisira
Nemiwo munosimbisa
Iko kururama.

Nemivo munosimbisa
Kururamisira
Ipo pakutonga kwenyu
Panaye Jakobo.

5 Kudzai iye Jehovha
Iye Mwari wedu
Munamate pachitsiko
Nokuti mutsvene.

6 Vana Mosisi Aroni
Pavapirisita
Samueri pakativo
Dana zita rake.

Vakazodana ivavo
Iyeyu Jehovha
Iye akavapindura
Iye yu Jehovha.

7 Vakatauravo navo
Mushongwe yegore
Vakachengeta mitemo
Yaakazovapa.

8 Makavapindura imwi
Imi Mwari wedu
Makanga muri Mwari mwi
Munokangamwira.

Kunyange iyemi Mwari
Makasivatsiva
Izvo zvavakamboita
Munokangamwira.

9 Kudzai Jehovha Mwari
Po pagomo dzvene
Nokuti yeMwari wedu
Ndiyeyu mutsvene.

## Pisarema 100. L.M.

*Pisarema rokurumbidza.*

1 Muimbirei nomufaro
Imi nyika dzose dzose
2 Mushumire nomufaro
Mugovuya muchiimba

3 Ziva kuti ndiye Mwari
Isu tiri vanhu vake
Takaita samakwai
Iwo anofudzwa naye

4 Pinda pamasuvo ake
Naipo pavazhe dzake
Mumuvonge murumbidze
Rumbidzai zita rake

5 Nokuti Ye wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nako kutendeka kwake
Kunosvika kumarudzi.

# Pisarema 101. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndichaimba ndichireva
Ngoni kururama
Ndimwi wandichaimbira
Ndichimurumbidza.

2 Ndichaita nokungwara
Muchauya rini
Ndichafamba mumba mangu
Nako kururama.

3 Handishuvi chakaipa
Asi ndinovenga
Zvinoita vatsauki
Handinamatiri.

4 Womoyo wakatsauka
Kwandiri ngaubve
Handidi kuti ndizive
Izvo zvakaipa.

5 Unocheravo wokwake
Ndichamuparadza
Nounoita manyawi
Handinei naye.

6 Meso angu otarira
Vo vakatendeka
Panyika kuti ivavo
Vagogara neni.

7 Unosifamba nenzira
Yo yakarurama
Ndiyeyovo ungazova
Mushumiri wangu.

8 Munyengeri haagari
Imo mumba mangu
Naye murevi wenhema
Abve mumba mangu

# Pisarema 102. C.M.

*Munyengetero wounotambudzika pakumanikidzwa kwake; panguva yaakadurura chichemo chake pamberi pechiso chaJehovha.*

1 Womunyengetero wangu
Jehovha inzwai
Nokuchema kwangu kose
Kusvike kwamuri.

2 Chiso chenyu musavanza
Padambudzo rangu
Rerekai nzeve yenyu
Ikoko kwandiri.

Zuva rokudana kwangu
Chikurumidzai
Mukurumidze Jehovha
Kuzondipindura.

3 Nokuti mazuva angu
Sovutsi apera
Mafupa angu anotsva
Kunge sechiveso.

4 Moyo wangu wakarohwa
Sovuswa wasvava
Ndinokanganwavo kudya
Zvo zvokudya zvangu.

5 Nokuda kweinzwi iro
Kugomera kwangu
Mafupa anamatira
Iyo nyama yangu.

6 Sehukurwizi yerenje
Ndafanana nayo
Nezizi remuchiunde
Ndafanana naro.

7 Ndorara ndakasvinura
Seshiri 'ri yoga
Pamsoro pedenga remba
Handirari ini.

8 Vanondinyadzisa kwazvo
Vo vavengi vangu
Zuva rose vondituka
Vachindipengera.

9 Nokuti dota ndakadya
Sezvokudya zvangu
Ndasanganisa misodzi
Nezvekunwa zvangu.

10 Nokuda kwehasha dzenyu
Nokutsamwa kwenyu
Mandisimudza kudenga
Nokukanda pasi.

11 Mazuva angu 'fanana
Mumvuri wareba
Ini ndasvava sovuswa
Mazuva apera

12 Asi Iyemi Jehovha
Nokusingaperi
Kumarudzi namarudzi
Mucharangarirwa.

13 PaZioni mosimuka
Ngoni murinzwire
Nokuti nguva yasvika
Yamakambotara.

14 Nokuti varanda venyu
Mabwe vofarira
Aro vachida guruva
Raro roZioni.

15 Naizvozvo vahedheni
Zita renyu votya
Namadzimambo apasi
Ko kubwinya kwenyu.

16 Kana Jehovha ovaka
Zioni ovaka
Uchavonekwa Jehovha
Mukubwinya kwake.

17 Munyengetero uchanzwa
Wavanoshaiwa
Ucharemekedza chose
Mikumbiro yavo.

18 Zvichazonyorerwa rudzi
Runouya rudzi
Navanhu vachazosvika
Vachamurumbidza.

19 Nokuti wakaraira
Akacherekedza
Nyika ari kudenga ko
Nzvimbo yake tsvene.

20 Kuti kugomera anzwe
Komusungwa iko
Agosunungura vana
Vovana vorufu.

21 Kuti zita vaparidze
Zita raJehovha
Nako kurumbidzwa kwake
PaJerusarema.

22 Kana vanhu vavungana
Novushe vuzhinji
Pamwe chete kuti vose
Vashumire Mwari.

23 Panzira wakatapudza
Iro simba rangu
Mazuva wakafupisa
Womazuva angu.

24 Ndati rega kundibvisa
Asati asvika
Jehovha mazuva angu
Asati asvika.

Makore enyu Jehovha
Anosvika iko
Kumarudzi namarudzi
Anosvika iko.

25 Makateya nyika kare
Naro denga rose
Ndiro basa renyu rose
Ramavoko enyu.

26 Izvo zvichazoparara
Imwi munogara
Zvose zvichazoparara
Imwi munogara.

Senguvo zvichaparara
Muchazvishandura
Kuita sechisimiro
Zvichazoshanduka.

27 Asi mwi hamushanduki
Hamuna mugumo
Makore enyu osewa
Haana mugumo.

28 Vana vavaranda venyu
Navo vana vavo
Vachagara vasimbiswe
Po pamberi penyu.

## Pisarema 103. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Rumbidza Iye Jehovha
Iwe mweya wangu
Nezvose zviri mandiri
Ngazvimurumbidze.

2 Rumbidza Iye Jehovha
Iwe Mweya wangu
Uregokanganwa zvose
Zvaakuitira.

3 Zvakaipa zvako zvose
Wozviregerera
Pazvirwere zvako zvose
Unokuporesa.

4 Vupenyu wadzikunura
Pakuparadziwa
Unokudzika korona
Yengoni netsitsi.

5 Mweya wake wogutiswa
Nezvakarurama
Kuti avandudze vutsva
Hwako sohwegondo.

6 Zvakarurama woita
Nokururamisa
Achivaitira vose
Vanomanikidzwa.

7 Nzira dzake wazivisa
Kunaye Mosisi
Navose vaIsraeri
Zvaakamboita.

8 Unetsitsi yeJehovha
Unenyasha zhinji
Hakurumidzi kutsamwa
Unengoni zhinji.

9 Haangarambi achirwa
Iye Mwari wedu
Haarambi akatsamwa
Nokusingaperi.

10 Kutiitira haana
Kana kutibata
Sezvakafanira zvivi
Nokuipa kwedu.

11 Sokukwirira kwedenga
Pamsoro pedenga
Dzakadaro ngoni dzake
Kuna vanomutya.

12 Sokuva kure kwamabva
Zuva mavirira
Saizvozvo wakabvisa
Kudarika kwedu.

13 Sokunzwa tsitsi kwababa
Vachinzwira vana
Saizvozvo voJehovha
Kuna vanomutya.

14 Nokuti Ye unoziva
Chataitwa nacho
Unorangarira kuti
Tiri guruva su.

15 Mazuva ake yemunhu
Kaita sovuswa
Seruva resango uno
Kura saizvozvo.

16 Inongopfuura mhepo
Pamusoro paro
Raenda nenzvimbo yaro
Haicharizivi.

17 Asi ngoni dzaJehovha
Kunavanomutya
Dzinoramba dzichigara
Nokusingaperi.

Nako kururama kwake
Kuvana vavana
Dzinoramba dzichigara
Nokusingaperi.

18 Vanochengeta sungano
Nokurangarira
Zvaakaraira Iye
Kuti vazviite.

19 Jehovha wakasimbisa
Chigaro chovushe
Chake kokudenga-denga
Unobata zvose.

20 Rumbidza Iye Jehovha
Mi vatumwa vake
Nemi mhare dzine simba
Rumbidza Jehovha.

Munofarira kuita
Zvaakataura
Nokuterera ro inzwi
Raro shoko rake

21 Rumbidza Iye Jehovha
Imi hondo dzake
Imi vashumiri vake
Vanosimufadza.

22 Rumbidza Iye Jehovha
Imwi basa rake
Paumambo hwake hwose
Rumbidza Jehovha.

## Pisarema 104. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Iwe mweya wangu
Kukudzwa kwamufukidza
Novumambo Mwari.

2 Imwi munozvifukidza
Chiedza sehembe
Munotatamura denga
Sejira retente.

3 Unoteya dzimba dzake
Matanda mumvura
Makore ingoro yake
Wofamba nemhepo.

4 Unoita kuti mhepo
Dzive nhume dzake
Nawo moto unopfuta
Vashumiri vake.

5 Wakateya idzo nheyo
Dzo nheyo dzapasi
Kuti pasazungunuswa
Nokusingaperi

6 Makapapfukidza mvura
Chive chisimiro
Mvura zhinji yakamira
Ipo pamakomo.

7 Makati muchiituka
Ikatiza kwazvo
Yakanzwaro inzwi renyu
Ikabva yaenda.

8 Makomo akakwirira
Kupinda mipata
Ichienda nzvimbo yayo
Yamagadzirira.

9 Makatarira muganhu
Imo mumipata
Kuti mvura iyerere
Namo mumipata.

10 Matsime munoatuma
Imo mumipata
Kuti mvura iyerere
Namo mumipata.

11 Anomwisa mhuka dzose
Mhuka dzomusango
Mbizi nadzo dzinopedza
Nyota yadzo imo.

12 Shiri dzokudenga nadzo
Dzogara paari
Dzichirira popakati
Pamatavi adzo.

13 Unodiridza makomo
Po padzimba dzake
Pasi panotogutiswa
Naro basa rake.

14 Unomeresa hwovuswa
Vuswa hwezvipfuwo
Nemirivo yobatsira
Vanhu pazvokudya.

15 Newaini inofadza
Womoyo womunhu
Namafuta ohwinyisa
Icho chiso chake.

16 Nechingwa chinosimbisa
Womoyo womunhu
Nemiti unoigutsa
Iyo misidhari.

17 Miti inovaka shiri
Matendere adzo
Kana ari mashohori
Ndiyo misha yawo.

18 Namakomo akareba
Inhare dzesoma
Namatombo utiziro
Wadzo idzo mbira.

19 Wakatara iwo mwedzi
Uratidze nguva
Zuva rinoziva nguva
Yokuvira kwaro.

20 Imi munoita rima
Ndokuva vusiku
Mhuka dzose dzomusango
Ndipo dzinobuda.

21 Shumba duku dzovombera
Chadzingauraya
Dzinokumbira zvokudya
Zvadzo kuna Mwari

22 Kana zuva richibuda
Dzinoenda hadzo
Ndokuvata mumapako
Mumapako adzo.

23 Zvino munhu wozobuda
Kumabasa ake
Nemirimo yake yose
Kusvika madeko.

24 Mazhinji mabasa enyu
Kaitwa nenjere
Pasi pazere nefuma
Iyo fuma yenyu.

25 Iguru ibamhi gungwa
Zvipenyu zvirimo
Zvikuru nezvidukuvo
Zvisingaverengwi.

26 Nezvikepe zvinofamba
Imomo mariri
Nayo ngwena yamavumba
Kuti itambemo.

27 Zvinomumirira zvose
Muzvipe zvokudya
Zvokudya zvazvo nenguva
Yoyakafanira.

28 Zvinovunganidza izvo
Zvozvamunozvipa
Motambanudza ruvoko
Izvo ndokuguta.

29 Munozvivanzira chiso
Zvondokuvhunduka
Munozvitorera mweya
Izvo ndokufavo.

30 Munotuma mweya wenyu
Izvo ndokusikwa
Movandudza icho chiso
Icho chisochevhu.

31 Kubwinya kwake kugare
Nokusingaperi
Jehovha ngaafarire
Womabasa ake.

32 Ye unotarira pasi
Ipo ndokubvunda
Unonyangata makomo
Ndokubuda utsi.

33 Ndichaimbira Jehovha
Ndichiri mupenyu
Ndichamurumbidza Iye
Ndichimurumbidza.

34 Rumbo rwangu rwumufadze
Nokurangarira
Nokuti mufaro wangu
Unobva kwaari.

35 Vatadzi ngavaparadzwe
Navo vakaipa
Mweya wangu urumbidze
Rumbidza Jehovha.

## Pisarema 105. C.M.

1 Vonga Jehovha mukudze
Zita rake guru
Muzivise ndudzi dzose
Zvaakaita zvo

2 Rumbidza Iye Jehovha
Taurira ndudzi
Zvose zvo zvaakaita
Zvinozoshamisa

3 Farai muna Jehovha
Vashumiri vake
Navose vanomutsvaka
Ngavafarisise.

4 Tsvaka kubetserwa naye
Naiye Jehovha
Mumushumire Jehovha
Nokusingaperi.

5 Rangarira basa rake
Rinozoshamisa
Nezvose zvaakatonga
Nomuromo wake

6 Imwi vana va'brahama
Vana vaJakobo
Rangarirai basa rake
Nezvaakatonga.

7 Jehovha ndiMwari wedu
Mirairo yake
Nezvose zvaakatonga
Zviri pasi pose.

8 Sungano unochengeta
Nokusingaperi
Iro shoko rake rose
Kumarudzi ose.

9 Sungano uchachengeta
Kuna 'brahama
Nemhiko yaakaita
Kuna yeIsaka.

10 Sungano wakasimbisa
Ndiyevo Jakobo
Igo gara nokugara
Nokusingaperi.

11 Iyo nyika ndicha-kupa
Nyika yeKenani
Kuti ive yako iwe
Wo-mugove wako.

12 Vakanga vari vashoma
Vo vanhu vaMwari
Nava-torwa popanyika
Nyika yeKenani

13 Vakafamba-famba ivo
Kunyika vachibva
Kuneimwe vachienda
Kune vumwe vushe.

14 Kutendera wakaramba
Kuti vachinyirwe
Nokuda kwavo watuka
Iwo madzimambo.

15 Musavagunzva vazodzwa
Navasanangurwa
Musatongova chinyira
Vo varanda vangu.

16 Wakavadanira nzara
Ivepo panyika
Nomudonzvowo wechingwa
Wakazouvhuna.

17 Mberi kwavo vakatuma
Iyeyo murume
Josefa wakatengeswa
Akava muranda.

18 Tsoka dzake vakasunga
Zvisungo zvesimbi
Nemitsipa vakasunga
Naiwo matare.

19 Kusvikira zvaitika
Sezvaakareva
Zvakaratidzwa pachena
Kuti ichokwadi.

20 Ye mambo weEgipita
Wamusunungura
Wendudzi dzose mutongi
Akamuregedza.

21 Wakamuita mubati
Wayo nyika yose
Nomutongi wavo wose
Vagere imomo

22 Kuti ave murairi
Ave mudzidzisi
Wamachinda navakuru
Njere agovapa.

23 Egipita wakasvika
Iye Sraeri
NaJakobo wakagara
Ari mutorwamo.

24 Vanhu vake wavawanza
Simba akavapa
Kuti vapfuure ava
Vadzivisi vavo.

25 Mwoyo yavo vashandura
Kuti vagovenga
Vanhu vake vanyengere
Vo varanda vake.

26 Wakatumavo Mosesi
Yemuranda wake
NaAroni wakagara
Akasanangurwa.

27 Basa guru vakaita
Nokuratidzira
Zvishamiso zvakakura
MomuEgipita.

28 Mwari wakatuma rima
Mo muEgipita
Asi voveEgipita
Vakaramba kunzwa.

29 Washandura mvura yavo
Ikaita ropa
Nehove dziri munzizi
Akadziuraya.

30 Ikazara nyika yavo
Zara namatacha
Nedzimba dzamadzimambo
Zara namatatya.

31 Wakazoraira nhunzi
Dzikazara pose
Neinda dzikasvikawo
Mo munyika yose.

32 Watuma chimvuramabwe
Nemheni panyika
Pachinhambwe chayo mvura
Wakavapa mheni.

33 Mizambiringa mivonde
Wakaiparadza
Nemiti yenyika yavo
Wakaivhunavo.

34 Wakati achiraira
Dzikasvika mhashu
Dzakawandisisa kwazvo
Dzisingaverengwi.

35 Mirivo dzakaipedza
Yomunyika yavo
Nemichero yomunyika
Dzakaiparadza.

36 Wakavuraya matangwe
MomuEgipita
Vokutanga vomunyika
Nyika yavo yose.

37 Wavabudisa 'Gipita
Vane simba kwazvo
Ndarama nesirivheri
Vakanga vanazvo.

38 VeEgipita vaitya
Vakafara kwazvo
Kuvona vachibudiswa
Vakafara kwazvo.

39 Wakatatamura gore
Chive chifukidzo
Nomwoto uvhenekere
Nguva dzousiku.

40 Vakati vachikumbira
Wavapa zvihuta
Nechingwa chobva kudenga
Wakavagutisa.

41 Padombo wakazarura
Mvura'ka dzutuka
Ikayerera murenje
Kuita sorwizi.

42 Nokuti warangarira
Zvivimbiso zvake
Zvaaitira muranda
Wake 'Brahama

43 Nomufaro wabudisa
Vovasanangurwa
Vake vachiimba chose
Nokufara kwazvo.

44 Wakazovapa dzo nyika
Dzo dzavahedheni
Vakazvitorera minda
Yabatwa nevamwe.

45 Kuti vagozochengeta
Zvo zvaakatema
Mirairo vaterere
Rumbidza Jehovha.

## Pisarema 106. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Kuti wakanaka
Rudo rwake runogara
Nokusingaperi.

2 Ndiani ungazvireva
Zvinhu zvinesimba
Zvakaitwa naJehovha
Kana kududzira.

3 Vanoita zvakanaka
Vakaropafadzwa
Zvakarurama voita
Nadzo nguva dzose.

4 Ndirangarire Jehovha
Novunyoro hwenyu
Mundishanyirei ini
Nago ruponeso.

5 Kukomborerwa ndivone
Kwavasanangurwa
Ndifare ndichirumbidza
Nayo nhaka yenyu.

6 Pamwe chete takatadza
Madzibaba edu
Takaita zvakaipa
Zvisakarurama.

7 Madzibaba edu kare
Hana kunzwisisa
Zvishamiso pa'Gipite
Havarangariri.

Ngoni dzenyu zhinji-zhinji
Havarangariri
Asi vakakumukira
Po pagungwa dzvuku.

8 Kunyanguva zvakadaro
Wakavaponesa
Kuti agovazivisa
Simba rake guru.

9 Gungwa dzvuku waraira
Iro rikazopwa
Vafambiswe pakadzika
Kunge sapabani.

10 Paruvoko rwomuvengi
Wakavaponesa
Akazovadzikunura
Pavavengi vavo.

11 Mvura yakavafukidza
Vadzivisi vavo
Hapana kana nomumwe
Wakapukunyuka.

12 Ipapo vakazotenda
Wo mashoko ake
Vakazoimba ipapo
Vachimurumbidza.

13 Kukanganwa vachimbidza
Wo mabasa ake
Havana kuzorindira
Iro zano rake.

14 Kwazvo-kwazvo vakachiva
Imomo murenje
Vakaidza Mwari kwazvo
Imo muchiunde.

15 Chavakumbira wavapa
Asi wakatuma
Ko kuonda momumweya
Iyo mweya yavo.

16 Mosisi vakagodora
Pamisasa yavo
NaAroni vo mutsvene
Tsvene waJehovha.

17 Ipo pasi ndokushama
Kuminya Datani
Nokufukidza roboka
Boka raBirami.

18 Ipapo pakati pavo
Pakapfuta moto
Murazvo wapisa boka
Ravo vakaipa.

19 Vakaitavo chivumbwa
Ipo paHorebu
Chemhuru vakanamata
Womufananidzo.

20 Saizvozvo vatsinhanha
Nokubwinya kwavo
Mufananidzo wemombe
Inochera uswa.

21 Mwari wavo vakanganwa
Muponesi wavo
Wakaita pa'Gipita
Zvinhu zvikurusa.

22 Anoshamisa mabasa
Momunyika yaHami
Nezvinhu zvinozotyisa
Po pagungwa dzvuku.

23 Saka wakafunga kuva
Paradza ipapo
Dai Mosisi asina
Kumira pakati.

Kuti asavaparadza
Yemusanangurwa
Wamira pakati pavo
Adzore kutsamwa.

24 Ivo vakazvidza nyika
Nyika inofadza
Havana kutenda shoko
Iro shoko rake.

25 Asivo vakanyuyuta
Mumantente avo
Inzwi raJehovha ivo
Havana kurinzwa.

26 Ruvoko wakasimudza
Goruvoko rwake
Kuti pakutsamwa kwake
Aparadze vose.

27 Vuye kuti aparadze
Ivo vana vavo
Vaparadzirwe panyika
Idzo nyika dzose.

28 Vakazvibatanidzavo
NaBari-peori
Ndokudya zvakabairwa
Vo vakafa kare.

29 Vakamutsamwisa nazvo
Nezvavakaita
Denda ndokuzopindavo
Po pakati pavo.

30 Ipapo wakasimuka
Iye Pinhiasi
Kuita zvakarurama
Denda ndokuguma.

31 Izvo zvikanzi kwaaari
Ndiko kururama
Kusvikira kumarudzi
Nokusingaperi.

32 Pamvura yapaMeriba
Vakamutsamwisa
Mo'si akavona nhamo
Namabasa avo.

33 Nokuti vakamumutsa
Iye mweya wake
Nehasha akataura
Nemiromo yake.

34 Havana kuzoparadza
Dzo ndudzi dzavanhu
Sezvavanga varairwa
Naiye Jehovha.

35 Asivo vakavhengana
Navo vahedheni
Ndokuzodzidza mabasa
Womabasa avo.

36 Nezvifananidzo zvavo
Vakazvishumira
Izvo zvikava musungo
Musungo kwavari.

37 Navanakomana vavo
Navanasikana
Vakazovabairavo
Mweya yakaipa.

38 Neropa risine mhosva
Vakariteura
Ropa ravanakomana
Navanasikana.

Nokuti vakabaira
Zvifananidzo zve
Kenani nyika iyovo
Ikazosvibiswa.

39 Nazvo vakazosvibiswa
Namabasa avo
Saizvozvo vakapata
Nezvavakaita.

40 Nokutsamwa kwaJehovha
Kwakavamukira
Vanhu vake akasema
Iyo nhaka yake.

41 Wavaisa muruvoko
Rwavo vahedheni
Navavengi vavo ndivo
Vatongi vavovo.

42 Vakavamanikidzavo
Vo vavengi vavo
Vakavaisa vopasi
Poruvoko rwavo.

43 Kazhinji wakavarwira
Vakamumukira
Nokudaro zvakaipa
Zvavo zvavanyudza.

44 Kunyanguva zvakadaro
Wakavatarira
Panguva yavakachema
Nedambudzo ravo.

45 Sungano wa rangarira
Akazozvidemba
Nokuda kwengoni zhinji
Idzo ngoni dzake.

46 Vakavanzwirawo tsitsi
Vo vatapi vavo
Vose vaya vamarudzi
Vanga vavatapa.

Tiponesei Jehovha
Imwi Mwari wedu
Tivunganidzei tibve
Mo muvahedheni.

Kuti zita renyu dzvene
Tirivonge isu
Kuti tiwane mufaro
Tichikurumbidzai.

## Pisarema 107. C.M.

1 Vonga Jehovha nokuti
Iye wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

2 Vakadzikunurwa naye
Ivo ngavadaro
Ivo vaadzikunura
Mo muvadzivisi.

3 Vavunganidzwa panyika
Kumsoro nezasi
Mavirira mabvazuva
Napanyika dzose.

4 Vakafamba nomurenje
Namo muchiunde
Havana kuwana guta
Mavangazogara.

5 Vakafa naiyo nzara
Naiyo vo nyota
Mweya yavo ikaziya
Mo mukati mavo.

6 Ipapo vakachemera
Kunaye Jehovha
Pakutambudzika kwavo
Akazovarwira.

7 Wakavafambisa nzira
Yakaruramira
Kuti vasvike kuguta
Guta rokugara.

8 Dai vachimurumbidza
Nokunaka kwake
Vuye namabasa ake
Anozoshamisa.

9 Nokuti unogutisa
Mweya unenyota
Nawo mweya unenzara
Nazvo zvakanaka.

10 Ndizvo vakanga vagere
Mumvuri worufu
Nerima nokutambura
Zvanga zvavasunga.

11 Nokuti vakamukira
Mashoko aMwari
Vakashovora vo zano
Rowokumusoro.

12 Saka wakaninipisa
Iyo moyo yavo
Kukasazova nomunhu
Unovabatsira.

13 Ipapo vakazochema
Kunaye Jehovha
Panhamo wavaponesa
Napamatambudzo.

14 Wavabudisa parima
No mvuri worufu
Akadambura zvisungo
Zvanga zvavasunga.

15 Vanhu chimurumbidzai
Nokunaka kwake
Vuye namabasa ake
Aatiitira.

16 Wo masuvo endarira
Wakatoavhuna
Nokuguranya matare
Awo mazariro.

17 Mapenzi anotambura
Nako kudarika
Vuye nazvo zvakaipa
Zvavari mazviri.

18 Mweya yavo inochema
Nezvokudya zvose
Vanoswederavo pedo
Nesuvo rorufu.

19 Vochema kuna Jehovha
Po panhamo yavo
Iye unovaponesa
Pamatambudziko.

20 Unotuma shoko rake
Ndokuvaporesa
Pakuparadziwa kwavo
Ndokuzovarwira.

21 Dai vachimurumbidza
Nokunaka kwake
Vuye namabasa ake
Anozoshamisa.

22 Ngavabaye zvibairo
Izvo zvokuvonga
Vagodudzira mabasa
Ake nokuimba.

23 Vanoburuka kugungwa
Vari muzvikepe
Vachishambadzira pose
Mo mumvura zhinji.

24 Ndivo vanosiavona
Mabasa Jehovha
Nezvishamiso zvikuru
Imo makadzika.

25 Nokuti unoraira
Dutu ndokumuka
Dutu guru rinomutsa
Vo mafungu aro.

26 Vanosimudzwa kudenga
Ndokudzoswa pasi
Mweya yavo yonyauka
Nokuda kwenhamo.

27 Ivo vakandeya ndeya
Nokudzedzereka
Somunhu wakabatwavo
Vatopera mano.

28 Ipapo vakazochema
Kunaye Jehovha
Panhamo wavabudisa
Napamatambudzo.

29 Unorinyaradza dutu
Ro dutu remhepo
Naiwo mafungu aro
Ndokunyararavo.

30 Ndipo ivo vanofara
Kuti anyarara
Ye ndokuzovasvitsa pa
Vanga vachienda.

31 Dai vachimurumbidza
Nokunaka kwake
Vuye namabasa ake
Anozoshamisa.

32 Ngavamukudzise iye
Pavungano yavo
Vagomurumbidza Iye
Pamakurukota.

33 Nzizi unodzishandura
Kuti dzive renje
Nawo matsime emvura
Nyika yakaoma.

34 Inobereka michero
Yoitwa sebare
Nokuda kwezvakaipa
Zvavanogaramo.

35 Renje unorishandura
Ndokuita dziva
Nayo nyika yakaoma
Matsime emvura.

36 Ndipo paanogarisa
Ivo vanenzara
Kuti vagomutsa guta
Iro rokugara.

37 Yemizambiringa minda
Kuti vagosima
Zvakawanda zvibereko
Kuti vagowana.

38 Wakavaropafadzavo
Kuti vagowanda
Nezvipfuwo wakaramba
Kuti zvitapudzwe.

39 Asi vakazotapudzwa
Ndokuva vashoma
Kumanikidzwa nenhamo
Nokuzvidya moyo.

40 Kuzvidza unodurura
Panawo machinda
Murenje odzungaidzwa
Musina nemvura.

41 Kunyanguva zvakadaro
Unosimudzira
Mushaiwi kumusoro
Agomupa mhuri.

42 Vakanaka vachavona
Vachafarisisa
Zvakaipa zvichavharwa
Yo miromo yazvo.

43 Aninani wakangwara
Uchacherekedza
Izvozvo agozofunga
'Nyoro hwaJehovha.

## Pisarema 108. C.M.

*Rwiyo kanaPisarema raDhavhidhi.*

1 Moyo wangu wakasimba
Mwari ndichaimba
Zvirokwazvo ndichaimba
Ndichimurumbidza.

2 We mutengeranwa muka
Umuke nembira
Ni ndimene ndichamuka
Muka mangwani

3 Jehovha ndichakuvonga
Pakati pendudzi
Ndichakurumbidza ini
Popavahedheni.

4 Nokuti dzongoni dzenyu
Ihuru kudenga
Nayo zvokwadi yenyuvo
Inosvika pose.

5 Ngamukudzwe Imwi Mwari
Ko kudenga denga
Murumbidzwe Imwi Mwari
Iko kumusoro

6 Ngavarwirwe vamunoda
Tiponese Mwari
Ruvoko rwenyu rworudyi
Tipindure Mwari.

7 Wakataura yeMwari
Pautsvene hwake
Ndichaganhura Shekemi
Ndiyere Sukoti.

8 Giriadi naManase
Ndavangu naJudha
Tsvimbo yangu Efuremu
Ndiro simba rangu.

9 Moabi mudziyo wangu
Wokushambidzira
Edomi ndiyoyi nzvimbo
Yokukanda shangu.

Ndichasingopururudza
Nokukunda kwangu
Ndichivakunda ivavo
VaFirisitia.

10 Uchandiisa ndiani
Guta rakakombwa
Muperekedzi ndiani
Ndiende Edomu.

11 Mwari wedu Imwi Mwari
Rega kutirasha
Asi mubude nehondo
Idzo Hondo dzenyu.

12 Tibatsire Imi Mwari
Pamatambudziko
Rubatsiro rworwavanhu
Haruna maturo.

13 Momuna Mwari tichava
Novumhare kuti
Ndiye uchatsika pasi
Vadzivisi vedu.

## Pisarema 109. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Rega kunyarara Mwari
Kurumbidza kwangu
Muromo wowakaipa
Wandishamisira.

2 Runonyengera rurimi
Rwakatondireva
Nomuromo unenhema
Wakatondireva.

3 Vandikomba naroshoko
Shoko reruvengo
Vakatsvaka kurwa neni
Pasina nemhosva.

4 Kunyanguva ndichivada
Vaya vadzivisi
Asi ini ndazvipira
Kukunyengetera.

5 Zvakaipa vanditsiva
Pane zvakanaka
Neruvengo vanditsiva
Pakuvada kwangu.

6 Isa munhu wakaipa
Ave Ishe wake
Nomudzivisi amire
Ruvoko rworudyi.

7 Pakutongwa ngaapiwe
Ngaapiwe mhosva
Nomunyengetero wake
Ushandurwe zvivi.

8 Naiwo mazuva ake
Ngaave mashoma
Mumwe ngaamutorere
Iro basa rake.

9 Naivo vana vakevo
Ngavave nherera
Naiye mukadzi wake
Ave chirikadzi.

10 Vadzungairi vapemhi
Ivo vana vake
Vatsvake zvokudya kure
Namatongo avo.

11 Une chikwereti naye
Ngaatore zvose
Navatorwa ngavapambe
Zvose zvaanazvo.

12 Ngakushaikwevo munhu
Nomunzwira ngoni
Kusava nounetsitsi
Nenherera dzake.

13 Vana vake ngavarove
Naro zita ravo
Ngaridzimwe pamarudzi
Anovatevera.

14 Zvivi zvamadzibaba'ke
Ngazvirangaririrwe
Nezvivi zvamai vake
Zvirege kudzimwa.

15 Pamberi pake Jehovha
Zvirambe zviripo
Ko kurangaririrwa kwavo
Agokuparadza

16 Haana kunzwira ngoni
Asi watambudza
Murombo nomushaiwi
Kuti aparadze.

17 Kutuka ndokwaakada
Iko kukauya
Komborero wakavenga
Ikavavo kure.

18 Kutuka wazvifukidza
Kukava senguvo
Namafuta zvese mvura
Mumafupa ake.

19 Ngazvive sechisimiro
Chaazvifukidza
Sebhanire muchivuno
Raakazvisunga.

20 Ndino mubairo wavo
Vadzivisi vangu
Navanonditaurira
Zvisakarurama.

21 Asi mundiitireni
Izvo zvakanaka
Nokuda kwezita renyu
Ndirwirei ini.

22 Nokuti ndiri murombo
Nounoshaiwa
Moyo wangu wakuvadzwa
Mo mukati mangu.

23 Somumvuri ndatoenda
Mvuri wakareba
Ndatopepereswa ini
Kuita semhashu.

24 Mabvi oshaiwa simba
Kuzvinyima kudya
Nyama yangu yakawonda
Kushaya mafuta.

25 Ndava chinhu chinozvidzwa
Navo vadzivisi
Vanodzungudza musoro
Pavanondivona.

26 Jehovha ndibatsirei
Imi Mwari wangu
Mundiponesei Imwi
Nadzo ngoni dzenyu.

27 Kuti vagoziva kuti
Ndiruvoko rwenyu
Kuti Iyemi Jehovha
Mi makazviita.

28 Ngavatuke havo ivo.
Mwi muropafadzwe
Vachanyara kusimuka
Ini ndichafara.

29 Ngavafukidzwe kunyara
Vadzivisi vangu
Vazvifukidze kunyara
Kwavo kunge jazi.

30 Ndicharumbidza Jehovha
Nomuromo wangu
Ndichamurumbidza kwazvo
Pavungano huru.

31 NokutiYe uchamira
Ruvoko rworudyi
Aponese mushaiwi
Pavatongi vake.

## Pisarema 110. L.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Mwari wakati kunashe
Wangu gara ko kurudyi
K'svika ndaita vavengi
Vako chitsiko chetsoka.

2 Jehovha watambanudza
Yosvimbo yesimba rako
Kuti bude muZioni
Utonge vavengi vako.

3 Vanhu vako vozvipira
Nawo moyo wavo wose
Zuva rokuvunganidza
Iyo hondo yako yose.

Po pamakomo matsvene
Padumba ramangwanani
Ndipo pane iro dova
Dova rovujaya hwako.

4 Jehovha wakadopika
Zve haangazozvidembi
Uri M'prista zvachose
Worudzi rwaMerkizedeki.

5 She uri kurudyi rwako
Uchaparadza madzishe
Nezuva rokutsamwa ko
Kokutsamwa kwaJehovha.

6 Vahedheni uchatonga
Wozadza nyika zvitunha
Zuva rokutsamwa kwake
Uchaparadza misoro.

7 Parukovapo uchanwa
Rukova ruri panzira
Ipapo uchasimudza
Uchasimudza musoro.

## Pisarema 111. C.M.

1 Ndicharumbidza Jehovha
Mwoyo wangu wose
Po panavakarurama
Ndichamurumbidza.

2 Makuru mabasa ake
Anocherekedzwa
Navose vanofarira
Vanoafarira.

3 Mabasa anoratidza
Kudzo novumambo
Kunogara kururama
Nokusingaperi.

4 Basa rake roshamisa
Rinorangarirwa
Ye Jehovha unenyasha
Vuye unetsitsi.

5 Uchazovapa zvokudya
Vaya vanomutya
Sungano worangarira
Nokusingaperi.

6 Vanhu vake waratidza
Simba rake guru
Zvaakapa vahedheni
Ive nhaka yavo.

7 Basa ramavoko ake
Ichokwadi chete
Mirairo yake yose
Yakazovimbika.

8 Iyo yakazosimbiswa
Nokusingaperi
Nezvokwadi yakaitwa
Nako kururama.

9 Vakadzikunurwa vake
Sungano wavapa
Zita rake rinotyisa
Zita rake dzvene.

10 Kuvamba kwenjere ndiko
Kutya YeJehovha
Vanofunga zvakanaka
Vanomurumbidza.

## Pisarema 112. C.M.

1 Wakaropafadzwa munhu
Unotya Jehovha
Unofarira zvikuru
Mirairo yake.

2 Vachava nesimba pasi
Ivo vana vake
Rudzi rwowakarurama
Rucharopafadzwa.

3 Pfuma nezvizhinji-zhinji
Zviri mumba make
Kururama kuchagara
Nokusingaperi.

4 Uchabudirwa chiedza
Ye wakarurama
Une nyasha nadzo tsitsi
Nako kururama.

5 Ye munhu wakarurama
Nopa chikwereti
Imba yake wofambisa
Nako kuchenjera.

6 Haangazozungunuswi
Ye wakarurama
Asi ucharangarirwa
Nokusingaperi.

7 Haangazotyi mashoko
Zvinhu zvakaipa
Moyo wake wakasimba
Wovimba Jehovha.

8 Moyo wake wakasimba
Haangatongotyi
Kusvika vona kukundwa
Kwavavengi vake.

9 Wakaparadzira Iye
Wapa vashaiwi
Kururama kuchagara
Nokusingaperi

10 Runyanga rwakevo rucha
Kwidzwa nokukudzwa
Wakaipa uchavona
Ndokufa neshungu.

Uchageda-geda meno
Zveuchanyauka
Kokuda kowakaipa
Kuchazoparara.

## Pisarema 113. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Mwi varanda vake
Murumbidze zita rake
Rumbidza Jehovha.

2 Iro zita raJehovha
Zvino ngarikudzwe
Kubva zvino kusvikira
Nokusingaperi.

3 Kubva zuva richibuda
Svika richivira
Zita rake rafanira
Kuti rirumbidzwe.

4 Mwari uri pamusoro
Pamarudzi ose
Nokubginya kwake uku
Kumsoro kwedenga.

5 Ndiani wakafanana
Naye Mwari wedu
Jehovha unogarako
Kumusoro-soro.

6 Ye unozvidukupisa
Kuti agovona
Zviri kudenga napasi
Ariko kudenga.

7 Unosimudza murombo
Abve paguruva
Nounoshaiwa abve
Po padurunhuru.

8 Pamwe agomugarisa
Naiwo machinda
Iwo machinda avanhu
Vo vanhu vokwake.

9 Mukadzi unogarisa
Usingabereki
Vagova mai veimba
Vafare navana.

## Pisarema 114. C.M.

1 Pakubuda kwaSraeri
Vachibva' Gipite
Ipo pakati pavanhu
Vorumwe rurimi.

2 Wakaitwa iye Judha
Imba yake tsvene
Naiyevo S’raeri
Wo vumambo hwake.

3 Rogungwa rakazviona
Gungwa rakatiza
Naiyevo Jorodani
Wakadzoka shure.

4 Makomo akapembera
Kunge makondobwe
Nezvikomo naizvovo
Kunge makwayana.

5 Nhai gungwa unonzwei?
Zvawatiza iwe
Newe Jorodani iwe
Zvawadzoka shure.

6 Munopembera makomo
Kunge makondobwe
Nezvikomo mopembera
Kunge makwayana.

7 Bvunda-bvunda iwepasi
Pamberi paMwari
Pamberi paIye Mwari
Mwari waJakobo.

8 Wakarishandura dombo
Rikazova dziva
Nawo musara-saravo
Ukazova tsime.

## Pisarema 115. C.M.

1 Kwete kwatirisu kwete
Asi ngoni dzenyu
Ngarikudzwe zita renyu
Kutendeka kwenyu.

2 Vacharevei vachiti
Ivo vahedheni
Uripiko Mwari wavo
Iye uripiko?

3 Asi Mwari wedu Iye
Uriko kudenga
Zvose zvose zvaakada
Ndizvo akaita.

4 Zvifananidzo zvavozvo
Ndarama sirivha
Basa ramavoko avo
Mavoko avanhu.

5 Zvine miromovo asi
Hazvingatauri
Nawovo meso zvinawo
Asi hazvivoni.

6 Naidzo nzeve zvinadzo
Asi hazvinganzwi
Naidzo mhino zvinadzo
Bva hazvinhuwidzi.

7 Nawo mavoko zvinawo
Asi hazvibati
Nawo makumbo zvinawo
Asi hazvifambi.

8 Zvine huro-hazvo asi
Hazvingatauri
Vozvita nokuvimba
Nazvo vofanana.

9 Iwe S'raeri iwe
Vimba naJehovha
Ndiye mubatsiri wavo
Nayo nhovo yavo.

10 Iwe imba yaAroni
Vimba naJehovha
Ndiye mubatsiri wavo
Nayo nhovo yavo.

11 Imwi motya YeJehovha
Vimba naJehovha
Ndiye mubatsiri wako
Vimba naJehovha.

12 Mwari watirangarira
Wotiropafadza
S'raeri naAroni
Ucharopafadza.

13 Ivo vanotya Jehovha
Ucharopafadza
Vakuru navadukuvo
Ucharopafadza.

14 Jehovha uchakuwanza
Mwi navana venyu
15 Maropafadwa nowaka'
Ta denga napasi

16 Kudenga denga ndokwake
Asi pano pasi
Wakapa vana vavanhu
Jehovha wavapa.

17 Vakafa havarumbidzi
Rumbidzi Jehovha
Navose voburukira
Ko kwakanyarara.

18 Asisu ticharumbidza
Rumbidza Jehovha
Kubva zvino kusvikira
Nokusingaperi.

## Pisarema 116. C.M.

1 Ndinomuda Ye Jehovha
Mwari wa Sraeri
Nokuti wakanzwa inzwi
Nom'kumbiro wangu.

2 Nokuti wakarereka
Idzo nzeve dzake
Pamazuva angu ose
Ndodana kwaari.

3 Kurwadziwa nemisungo
Zvanga zvandikomba
Namarwadzo egehena
Zvanga zvandibata.

4 Ipapo ndikazodana
Zita raJehovha
Dorwirai mweya wangu
Ndakanyengetera.

5 Ye Jehovha Unetsitsi
Vuye kururama
Zvirokwazvo unenyasha
Iye Mwari wedu.

6 Jehovha unochengeta.
Navasina mano
Ndanga ndashaiwa simba
Akandiponesa.

7 Chidzokera mweya wangu
Kuzororo rako
Nokutizvo zvakanaka
Jehovha wakupa.

8 Nokutiwo mweya wangu
Makauponesa
Namaziso pamisodzi
Netsoka pakuwa.

9 Ndichafamba mberi kwenyu
Ndichiri panyika
Ndakatenda ndikadudza
Ndakamanikidzwa.

10 Ini ndakatenda kwazvo
Po pakutaura
Ndakataura ndichiti
Ndakamanikidzwa.

11 Ndakati pakuvhunduka
Kuvhunduka kwangu
Vanhu vose vanoreva
Vanoreva nhema.

12 Ndichamuvigireiko?
Iyeyu Jehovha
Pamsoro pekomborero
Yake kokwandiri.

13 Mukombe ndichasimudza
Wo wo-kuponeswa
Iro zita ndichidana
Zita raJehovha.

14 Ndicharipira Jehovha
Idzo mhiko dzangu
Pamberi pavanhu vake
Pandichazviita.

15 Rufu rwavatsvene vake
Chinhu chinokosha
Pamberi pake Jehovha
Chinhu chinokosha.

16 Haiwa Jehovha ndiri
Ye muranda wenyu
Zvirokwazvo ini ndiri
Ye muranda wenyu.

Mwana womurandakadzi
Wenyu ndiri Iye
Misungo masunungura
Yo misungo yangu.

17 Zvibayiro ndichabaya
Izvo zvokuvonga
Ndichidana zita renyu
Zita raJehovha.

18 Ndicharipira Jehovha
Mhiko dzangu dzose
Ndichazviita pakati
Pavo vanhu vake.

19 Pavazhe dzake Jehovha
Dzayo imba yake
Imo muJerusarema
Rumbidza Jehovha.

## Pisarema 117. C.M.

1 Rumbidzai Ye Jehovha
Imwi ndudzi dzose
Imwi vanhu vamarudzi
Mumukudze imwi.

2 Nokuti dzo nyasha dzake
Ihuru kwatiri
Kutendeka kwaJehovha
Hakungazoperi.

## Pisarema 118. C.M.

1 Vonga Jehovha nokuti
Iye wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

2 Sraeri zvino ngaati
Iye wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

3 Imba yaAroni ngaiti
Iye wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

4 Avo vanotya Jehovha
Zvino ngavativo
Ngoni dzake dzinogara
Nakusingaperi.

5 Ndakadana YeJehovha
Akandipindura
Pakutambudzika kwangu
Akasindifadza.

6 Jehovha ndiye uneni
Handingatongotyi
Uri kurutivi rwangu
Mungandiitei.

7 Uri kurutivi rwangu
Navondibatsira
Saka kukunda ndovona
Kwavanondivenga.

8 Zvirinani kutizira
Kunaye Jehovha
Panokuvimba nomunhu
Ndovimba Jehovha.

9 Zvirinani kutizira
Kunaye Jehovha
Panokuvimba machinda
Ndovimba Jehovha.

10 Vahedheni vose vose
Vandikomberedza
Ndichavaparadza ini
NaIye Jehovha

11 Vandikomba zvirokwazvo
Vakatondikomba
Ndavaparadza nezita
Zita raJehovha.

12 Senyuchi vakandikomba
Asi vakadzimwa
Kunge somoto weminzwa
Zita raJehovha.

13 We wakandisundidzira
Iwe kuti ndiwe
Asi Iye Jehovha Ye
Wakandibatsira.

14 Simba rangu ndiJehovha
Nago rumbo rwangu
Iye ndiye wakazova
Muponesi wangu.

15 Inzwi rokufara iro
Nerokuponeswa
Munavakaruramamo
Ndimomo mariri.

16 Ruvoko rorudyi urwo
RwaJehovha wedu
Rwasimudzwa runokunda
RwaJehovha wedu.

17 Ini ndichasirarama
Ini handingafi
Ini ndichasidudzira
Basa raJehovha.

18 Jehovha wakandiranga
Nokuranga kwake
Asi hana kundisiya
Ini kuti ndife.

19 Ndizarurewo masuvo
Wookururama
Kuti nawo ndigopinda
Ndivonge Jehovha.

20 Iri ndiro suvo rake
Suvo raJehovha
Vakarurama vopinda
Vachapinda naro.

21 Ndichakuvongai Imwi
Makandipindura
Mukazova Muponesi
Muponesi wangu.

22 Iro ibwe rakarashwa
Naivo vavaki
Ndiro rakazova iro
Musoro wekona.

23 Chakabva kuna Jehovha
Icho chinhu ichi
Izvozvi zvinoshamisa
Kana tichiona.

24 Rino zuva rakaitwa
Naiye Jehovha
Ngatifarisise isu
Tifare mariri.

25 Tiponesei Jehovha
Tinonyengetera
Tipei mafarwa ndizvo
Tinonyengetera.

26 Wakaropafadzwa Iye
Iye unovuya
Takaropafadzwa tiri
Mumba maJehovha.

27 Jehovha ndiyeYe Mwari
Wativhenekera
Musungire chibairo
Po paAritari.

28 Imi muri Mwari wangu
Ndichakuvongai
Imi muri Mwari wangu
Ndichakukudzai.

29 Vongai Jehovha Imwi
Kuti wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

## Pisarema 119. C.M.

*ALEPH* א

1 Vakaropafadzwa avo
Vofamba munzira
Murairo waJehovha
Vachiuchengeta.

2 Zvipupuro zvaJehovha
Vanozvichengeta
Nemimoyo yavo yose
Vachitsvaka iye.

3 Zvirokwazvo havaiti
Chisakarurama
Asi kuti vanofamba
Mo munzira dzake.

4 Imwi makatiraira
Zvo zvirevo zvenyu
Kuti tigozvichengeta
Isu zvakanaka

5 Dai mukadzigadzira
Idzo nzira dzangu
Kuti ndigoichengeta
Yomitemo yenyu.

6 Ipapo handinyadziswi
Ndichirangarira
Mirairo yenyu yose
Nokuichengeta.

7 Nomoyo wakarurama
Ndichazomuvonga
Ndazodzidza zvamatonga
Kururama kwazvo.

8 Ndichaichengeta kwazvo
Yomitemo yenyu
Imi Jehovha She wangu
Regai kundirasha.

*BETH* ב

9 Jaya ringanatsa sei
Iyo nzira yaro
Kana richichenjerera
Iro shoko renyu.

10 Nawo moyo wangu wose
Ndakakutsvakai
Musatenda nditsauke
Pamirawo yenyu.

11 Shoko renyu ndakaviga
Momumoyo wangu
Kuti Ishe ndigorega
Kutadzira imwi.

12 Kukudzwa munofanira
Iyemi Jehovha
Ndidzidziseivo ini
Yo mitemo yenyu

13 Ini ndakazvidudzira
Nomuromo wangu
Izvo zvose zvamatonga
Nomuromo wenyu

14 Ndakafara momunzira
Yezvipupuriro
Sendinofarira fuma
Ndakafara kwazvo.

15 Ndichasingo fungisisa
Zvo zvirevo zvenyu
Vuye ndicharangarira
Idzo nzira dzenyu

16 Ndichasizvifadza ini
Nemitemo yenyu
Uye handingakangamwi
Iro shoko renyu

*GIMEL* ג

17 Zvakanaka ndiitirei
Kuti ndirarame
Ipapo ndichachengeta
Iro shoko renyu.

18 Ndisvinudzei meso angu
Kuti ndigovona
Zvinoshamisa zviripo
Pamirawo yenyu.

19 Nokuti ndirimutorwa
Popanyika ino
Chirega kundivanzira
Mirairo yenyu.

20 Mweya wangu watopera
Naiko kushuva
Ipapo panguva dzose
Zvose zvamakatonga

21 Imwi makamboraira
Vanozvikudzavo
Vatukwe vanotsauka
Pamirawo yenyu

22 Bvisa kwandiri shovoro
Naiko kuzvidzwa
Nokuti ndakachengeta
Zvipupuro zvenyu.

23 Namachinda akagara
Achingondireva
Asi ndakafungisisa
Zvemitemo yenyu.

24 Zvipupuriro zvenyuvo
Zvino zondifadza
Ndizvovo zvinongondipa
Mano andinawo.

*DALETH* ד

25 Mweya wangu paguruva
Unonamatira
Asi naro shoko renyu
Chindiporesai.

26 Ndadudzira nzira dzangu
Mukandipindura
Chindidzidzisai Imwi
Yomitemo yenyu.

27 Ndidzidzisei ndinzwisise
Nzira yezvirevo
Ipapo ndifungisise
Basa roshamisa.

28 Mweya unonyunguruka
Nako kuremerwa
Ndisimbisei zvarehwa
Naro shoko renyu.

29 Nzira dzenhema bvisai
Ipapo pandiri
Nenyasha dzenyu mundipe
Womurawo wenyu.

30 Ndakasanangura nzira
Yo yakatendeka
Ndakaisa zvamatonga
Uko mberi kwenyu.

31 Ini ndinonamatira
Zvipupuro zvenyu
Jehovha chiregaizve
Kundinyadzisavo

32 Nayo nzira ndichamanya
Yomurawo wenyu
Kana imwi makurisa
Iwo moyo wangu

*HE* ה

33 Ndidzidzisei Jehovha
Nzira yemitemo
Ndichachengeta kusvika
Pakuguma kwangu.

34 Ndipei njere ndichengete
Yo mirawo yenyu
Zvirokwazvo ndochengeta
Nawo moyo wose.

35 Ndifambisei munzira
Mirairo yenyu
Nokuti ndinofarira
Mirairo yenyu.

36 Moyo wangu kweverai
Zvipupuro zvenyu
Urege kuzokweverwa
Imo mukuchiva.

37 Dodzorai meso angu
Ndirege kuvona
Zvose zvisina maturo
Mugondiponesa.

38 Simbisai shoko renyu
Kumuranda wenyu
Rakavakwanisa vose
Vanokutyai imi.

39 Bvisa kushovorwa kwangu
Kwandinotya chose
Nokutizvo zvamatonga
Zvakanaka chose.

40 Tarirai ndakasishuva
Zvo zvirevo zvenyu
Mukururama kwenyuku
Chindiponesai.

*VAU* ו

41 Ngoni dzenyu ngadzivuye
Jehovha kwandiri
Nako kuponeswa kwangu
Sezvareva shoko.

42 Naizvozvo ndichagona
Kuvapinduravo
Vaya vanondishovora
Ndichivimba shoko.

43 Regai kubvisa shoko
Pamuromo wangu
Nokuti ndakatarira
Zviya zvamatonga.

44 Naizvozvo ini hangu
Ndichasichengeta
Iwoyu murawo wenyu
Nokusingaperi

45 Ini ndichasingofamba
Ndakasununguka
Nokuti ndakasitsvaka
Zvirevo zvenyuzvi

46 Nditaure zvipupuro
Popamadzimambo
Kunyadziswa ndisavona
Ndichisitaura.

47 Ndichasizvifadza kwazvo
Nemirawo yenyu
Yomirawo yenyu iyo
Yandinoda kwazvo.

48 Ndichasimudza mavoko
Kumirawo yenyu
Ndichasiifungisisa
Ndinoida kwazvo.

*ZAIN* ז

49 Rangarira shoko renyu
Kumuranda wenyu
Nokuti tariro yenyu
Makandimutsira.

50 Ndizvo zvinondinyaradza
Pamatambudziko
Nokuti roshoko renyu
Rakandiponesa.

51 Ivo vakadondiseka
Vaya vozvikudza
Asi ini pamurawo
Handingatsauki.

52 Ndakarangarira zviya
Zvamatonga kare
Nazvo izvi zvamatonga
Ndakazvinyaradza.

53 Kutsamwa kwakandibata
Nokuda kwavaya
Vakaipa vanorasha
M'rawo waJehovha.

54 Mitemo yenyu yaiva
Idzo nziyo dzangu
Mumba movutorwa hwangu
Mandakadziimba.

55 Ndakarangarira zita
Zita raJehovha
Novusiku ndachengeta
Yo mirawo yenyu.

56 Ndizvo zvandanga ndinazvo
Nokuti zvirevo
Zvozvirevo zvenyu zvose
Ndakazvichengeta.

*CHETH ח*

57 Jehovha mugove wangu
Nokuti ndakati
Womashoko enyu ose
Ndichasichengeta.

58 Ndakumbira chiso chenyu
Nomoyo ngu wose
Ndinzwirei nyasha imwi
Sezveshoko renyu.

59 Ndakafunga nzira dzangu
Ndikadzora tsoka
Kuzvipupuriro zvenyu
Ndakadzidzorera.

60 Ndakakurumidza ini
Ndisinganonoki
Kuichengetedza iyo
Mirairo yenyu

61 Mabote avakaipa
Akandimonera
Asi handingakangamwi
Yo mirawo yenyu

62 Ndichamuka novusiku
Kuti ndikuvongei
Pane zvose zvamatonga
Zvo zvakarurama.

63 Ndiri shamwari yavose
Vaya vanokutyai
Navaya vanochengeta
Zvirevo zvenyuzvi.

64 Jehovha pasi pazere
Nadzo nyasha dzenyu
Ini chindidzidzisai
Iro shoko renyu.

*TETH ט*

65 Ndidzidzisei vungwaru
Nenjere chaidzo
Nokuti ndakaitenda
Yo mirawo yenyu.

66 Makaitira muranda
Wenyu zvakanaka
Jehovha sezvinoreva
Iro shoko renyu.

67 Ndichigere kutambura
Ndakamborashika
Asi zvino ndochengeta
Yo mitemo yenyu.

68 Imwi makanaka vuye
Moita zvakanaka
Ndidzidziseivo ini
Yo mitemo yenyu.

69 Vanondipomera nhema
Vaya vozvikudza
Ndichachengeta zvirevo
Nawo moyo wose.

70 Moyo wavo wakaora
Kufana mafuta
Asi ini ndofarira
Yomitemo yenyu.

71 Zvakanga zvakafanira
Kuti nditambure
Kuti yo mitemo yenyu
Ndinyatsoidzidza.

72 Murawo muromo wenyu
Wonaka kwandiri
Kukunda zvuru nezvuru
Ndarama sirivha.

*JOD* י

73 Mavoko akandiita
Akandisimbisa
Ndipeivo kunzwisisa
Mirawo ndidzidze.

74 Vanokutya vondivona
Ndokufara kwazvo
Nokutiro shoko renyu
Ndakaritarira.

75 Ndinoziva zvamatonga
Kururama kwazvo
Vuye makanditambudza
Nako kururama.

76 Ndinomukumbira kuti
Tsitsi dzenyu idzi
Dzindinyaradze muranda
Sezvamakareva.

77 Vunyoro hwenyu hwuvuye
Kuti ndirarame
Nokuti murawo wenyu
Ndinoufarira.

78 Vozvikudza ngavanyare
Voita kuipa
Asi ndichafungisisa
Zvemirawo yenyu.

79 Vadzokere vanokutyai
Kwandiri vazive
Vagoziva zvipupuro
Zvipupuro zvenyu.

80 Moyo wangu ururame
Pamitemo yenyu
Kuti mwana wenyu ini
Ndirego nyadziswa.

*CAPH* כ

81 Mweya wangu unopanga
Ruponeso rwenyu
Asi ndinongofarira
Iro shoko renyu.

82 Meso angu anopera
Nokutsvaka shoko
Ndichiti nderipi zuva
Muchandinyaradza.

83 Nokuti ndava hombodo
Irimo muutsi
Kunyange zvakadarovo
Handimukanganwi.

84 Womazuva omuranda
Wenyu manganiko?
Muchavatonga riniko
Vanonditambudza.

85 Vanozvikudza nehunza
Vanosindichera
Ivo vasingateereri
Womurawo wenyu.

86 Mirairo yaJehovha
Yakazotendeka
Vatambudza sine mhosva
Ndibatsire Imi.

87 Vakanga vondiparadza
Pano pasi asi
Ini handina kusiya
Zvo zvirevo zvenyu.

88 Ndiponese novunyoro
Novunyoro hwenyu
Ini ndichasichengeta
Chipupuro chenyu.

*LAMED* ל

89 Shoko renyu rakasimba
Ikoko kudenga
Rakazosimba Jehovha
Nokusingaperi.

90 Kutendeka kunosvika
Iko kumarudzi
Makasimbisa pasipo
Zvoramba zvigere.

91 Zvinongoramba zvigere
Sezvamakatema
Nokuti zvozvinhu zvose
Varanda venyuvo.

92 Dai womurawo wenyu
Ndisaufarira
Ndingadai ndaparara
Nedambudzo rangu.

93 Handingatongokanganwi
Zvirevo zvenyuzvi
Nokuti nazvo zvirevo
Makandiponesa.

94 Ndiri wenyu ndiponese
Nokuti zvirevo
Ndakasizvitsvakisisa
Zvozvirevo zvenyu.

95 Vakaipa ndigarira
Kuzondiparadza
Asi ini ndichafunga
Zvipupuro zvenyu.

96 Ndakavonavo kuguma
Kwazvo zvakakwana
Asi mirairo yenyu
Yakafara kwazvo.

*MEM* מ

97 Haiwa ndinoda sei
Mirairo yenyu
Ndichochandinosifunga
Zuva rose ini.

98 Mirairo yondiita
Wakangwara kwazvo
Nokuti inozogara
Nokusingaperi.

99 Ndinenjere kupfuura
Vadzidzisi vangu
Nokuti zvipupuriro
Ndinofungisisa.

100 Ndonzwisisa kupfuura
Vakatokwegura
Nokuti ndakachengeta
Zvo zvirevo zvenyu.

101 Ndakadzora tsoka dzangu
Pane zvakaipa
Kuti ndigorichengeta
Iro shoko renyu.

102 Handina kumbotsauka
Pane zvamatonga
Nokuti Iyemwi Mwari
Makandidzidzisa.

103 Shoko renyu rinonaka
Mumuromo mangu
Zvirokwazvo rinokunda
Mazinga ovuchi.

104 Ipo pazvirevo zvenyu
Ndinowana njere
Saka ndinovenga dzose
Dzonzira dzenhema.

*NUN* נ

105 Shoko renyu ndiwo mweje
Wadzo tsoka dzangu
Nechiedza apo pose
Pane nzira dzangu.

106 Ndakapika nokupika
Ndichazvichengeta
Zvose izvo zvamatonga
Vozvakarurama.

107 Ndinotambudzika kwazvo
Ndiponese Imwi
Jehovha mundiponese
Naro shoko renyu.

108 Jehovha dogamuchirai
Zvandinokumbira
Zvipo zvomuromo wangu
Ndinopa ndichida.

109 Mweya wangu unosiya
Muruvoko rwangu
Kunyange zvadero hazvo
Handimukanganwi.

110 Vanditeyera musungo
Vakaipa avo
Asi nyange zvakadaro
Handingatsauki.

111 Zvipupuro zvenyu izvi
Ndazviita nhaka
Yangu nokusingaperi
Zvinofadza moyo.

112 Ndakarerekera moyo
Wangu ndigoita
Yo mitemo yenyu yoga
Nokusingaperi.

*SAMECH* ס

113 Ndinovenga vanomoyo
Vemoyo miviri
Asiwo murawo wenyu
Ndinouda kwazvo.

114 Mwi muri chivando changu
Nayo nhovo yangu
Ndotarira shoko renyu
Imwi nhovo yangu.

115 Ibvai kwandiri Imwi
Imwi vakaipa
Kuti ndinyatsochengeta
Mirairo yake.

116 Nditsigire ndirarame
Sezvareva shoko
Ndirege kuzonyadziswa
Patariro yangu.

117 Nditsigire ndichengetwe
Ndigorangarira
Ndigorangarira chose
Yomitemo yenyu.

118 Makazvidza votsauka
Pamitemo yenyu
Nokuti kokunyengera
Kwavo ndidzo nhema.

119 Vakaipa pano pasi
Munovagumisa
Saka ndoda zvipupuro
Zvipupuro zvenyu.

120 Nyama yangu inobvunda
Nokukutyai Imwi
Ndinotya zvamakatonga
Iyemwi Jehovha.

*AIN ע*

121 Zvakatongwa ndakaita
Nezvakarurama
Kuvamanikidzi vangu
Musachindiisa.

122 Ndiitirwe zvakanaka
Ivai rubatso
Kuti vavo vozvikudza
Vasamanikidza.

123 Ndakadana ndiponesei
Ndakasichengeta
Zvipupuro naro shoko
Ndakazvitarira.

124 Meso angu atangira
M’nguva dzovusiku
Kuti ndigofungisisa
Iro shoko renyu.

125 Ni ndiri muranda wenyu
Mugondipa njere
Kuti ini ndigoziva
Zvipupuro zvenyu.

126 Nguva ndeya YeJehovha
Yokubata nayo
Asi vo vakadarika
Mirairo yenyu.

127 Ndinoida mirairo
Kukunda ndarama
Zvirokwazvo nendarama
Yakaisvonaka.

128 Saka ndinozozvikudza
Zvo zvirevo zvenyu
Ndichita zvakarurama
Ndichivenga nhema.

*PE פ*

129 Zvipupuro zvenyu izvo
Zvinozoshamisa
Saka unozvichengeta
Iwo mweya wangu.

130 Kazarurwa kwamashoko
Kunopa chiedza
Naivo vasina mano
Kunovapa njere.

131 Miromo ndakashamisa
Ndikatakwaira
Nokuti ndakasishuva
Mirairo yenyu.

132 Ringira kwandiri Imwi
Mundinzwire nyasha
Sezvamunovaitira
Voda zita renyu.

133 Muringise tsoka dzangu
Momushoko renyu
Nezvakaipa zvirege
Kuzova nesimba.

134 Pamanikidzo dzavanhu
Ndidzikunurei
Kuti ndigozvichengeta
Zvo zvirevo zvenyu.

135 Chiso chenyu chivheneke
Ye muranda wenyu
Kuti mugondidzidzisa
Yo mitemo yenyu.

136 Nzizi dzemvura dzidire
Po pameso angu
Nokuti havachengeti
Wo murawo wenyu.

*TZADDI צ*

137 Ndiyemwi makarurama
Iyemwi Jehovha
Nezvose zvamakatonga
Zvakazorurama.

138 Maraira zvipupuro
Vuye kururama
Vuye nako kutendeka
Tendeka kukuru.

139 Ko kushingaira kwangu
Kwava kundipedza
Nokuti vovadzivisi
Vakanganwa shoko.

140 Nokutiro shoko renyu
Rakaisvonatswa
Sakaye muranda wenyu
Iye unorida.

141 Ini ndakazvidzwa ini
Zvendiri muduku
Asi handingakanganwi
Zvo zvirevo zvenyu,

142 Kururama kwenyu ndiko
Kusingazoperi
Nomurawu wenyu uyu
Ndiyoyi zvokwadi.

143 Nhamo nokumanikidzwa
Zvakangondibata
Asi mufaro mukuru
Wangu murairo.

144 Zvarurama zvipupuro
Nokusingaperi
Idzo njere mundipei
Kuti ndirarame.

*KOPH ק*

145 Nomoyo’se ndakadana
Chindipindurai
Jehovha ndichachengeta
Yo mitemo yose.

146 Ndakasidana kwamuri
Chindiponesai
Kuti ndigozvichengeta
Zvipupuro zvenyu.

147 Mambakwedza ndatangira
Ndikasingodana
Mashoko ndakatarira
Wo mashoko enyu.

148 Nguva dzovusiku meso
Angu atangira
Kuti ndigofungisisa
Iro shoko renyu.

149 Imwi inzwa inzwi rangu
Sovunyoro hwenyu
Jehovha chindiponesai
Sezvamakatonga.

150 Vaiti vezvakaipa
Voswedera pedo
Nokuti vovarikure
Nomurawu wenyu.

151 Imwi muri pedo Imwi
Iyemwi Jehovha
Nayo mirairo yenyu
Ndiyoyi zvokwadi.

152 Ndakaziva kubva kare
Zvipupuro zvenyu
Kuti Mwi makazviteya
Nokusingaperi.

*RESH* ר

153 Tarira dambudzo rangu
Mugozondirwira
Nokuti murawu wenyu
Handiukangamwi.

154 Ndirevere mhoswa yangu
Mundidzikunure
Sezvareva shoko renyu
Chindiponesai.

155 Kuri kure kuponeswa
Navo vakaipa
Nokuti havaitsvaki
Mirairo yenyu.

156 Nadzo ngoni dzenyu zhinji
Chindiponesai
Sezvazvinoreva zvose
Izvo zvamatonga.

157 Vatambudzi vadzivisi
Vangu vakawanda
Kunyanguva zvakadaro
Handingatsauki.

158 Vanyengeri ndakavona
Ndikazovasema
Nokutiro shoko renyu
Havarichengeti.

159 Ndinoda zvirevo zvenyu
Chindiponesai
Nokuda kwengoni dzenyu
Chindiponesai.

160 Vunganidzo yaro shoko
Ndiyoyi zvokwadi
Zvarurama zvamatonga
Vuye zvinogara.

*SCHIN* ש

161 Machinda anditambudza
Ndisina nemhoswa
Asi moyo wangu woda
Iro shoko renyu.

162 Ndinorifarira shoko
Iro shoko renyu
Somunhu wawana fuma
Zhinji yakapambwa.

163 Nhema ndinozodzivenga
Nokudzisemavo
Asi murairo wenyu
Ndiwo wandinoda.

164 Ndinokurumbidza Imi
Kanomwe pazuva
Nokuda kwezvamatonga
Zvo zvakarurama.

165 Vanoda murawu wenyu
Vanago rugare
Hapana nechimwe choga
Chinovagumbusa.

166 Ruponeso ndatarira
Ruponeso rwenyu
Jehovha ndikazviita
Mirairo yenyu.

167 Mweya wangu wachengeta
Zvipupuro zvenyu
Ndizvo zvandinoda kwazvo
Zvipupuro zvenyu.

168 Zvirevo ndakachengeta
Nezvipupuriro
Nokuti dzo nzira dzangu
Dziri mberi kwenyu.

*TAU* ת

169 Kudana kwangu kusvike
Iko mberi kwenyu
Jehovha njere mundipe
Sezveshoko renyu.

170 Kukumbira kwangu ngaku
Svike mberi kwenyu
Mugozondirwira Imwi
Sezve shoko renyu.

171 Miromo ngairumbidze
Irumbidze Imwi
Nokuti mitemo yenyu
Munondidzidzisa.

172 Rurimi rwangu ruimbe
Ruimbe roshoko
Nokuti yakarurama
Mirairo yenyu.

173 Ruvoko rundibatsire
Rworuvoko rwenyu
Kuti ndakasanangura
Zvipupuro zvenyu.

174 Kuponeswa ndakashuva
Kuponeswa kwenyu
Nokuti murawu wenyu
Ndinoufarira.

175 Mweya wangu ururame
Ukurumbidzei
Nazvo zvose zvamatonga
Ngazvindibatsire.

176 Segwai ndadzungaira
Rakatorasika
Muranda wenyu tsvakai
Handingakanganwi.

## Pisarema 120. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Pakutambudzika kwangu
Ndakadana Iye
Ndakadana Ye Jehovha
Akandipindura.

2 Mweya wangu dorwirai
Pakureva nhema
Naparurimi nairwo
Runonyengedzera.

3 Iwe uchapiweiko?
Chauchawedzerwa
Iwe rurimi nhaiwe
Runonyengedzera.

4 Miseve yo inesimba
Inopinza iyo
Namazimbe anopfuta
Omurara awo.

5 Ndineropa rakaipa
Zvandiri mutorwa
PaMiseki zve ndigere
Tente reKedari.

6 Mweya wangu wakagara
Nguva yakareba
Navaya vanoruvengo
Vovenga rugare.

7 Ini ndinoda rugare
Rugare chairwo
Asi kana ndotaura
Vanotsvaka kurwa.

## Pisarema 121. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Ndichasimudzira meso
Angu kumakomo
Kubetserwa kwangu uku
Kuchazobvepiko?

2 Kubetserwa kwangu uku
Kunobva kwaari
Kuna Iye wakaita
Kudenga napasi.

3 Tsoka dzako haatendi
Tidzitedzemuke
Muchengeti wako ndiye
Ndiyeyu Jehovha.

4 Tarira Ye muchengeti
Wake Siraeri
Haangatongokotsiri
Kana kumbovata.

5 Muchengeti ndiJehovha
Nomumvuri wako
Paruvoko rwako irwo
Ruvoko rworudyi.

6 Zuva haringakubayi
Pamasikati po
Kunyangwe naiwo mwedzi
Nguva dzovusiku.

7 Muchengeti ndiJehovha
Pane zvakaipa
Naiwovo mweya wako
Uchachengeteka.

8 Ndiye uchakuchengeta
Pakubuda kwako
Nokupinda kubva zvino
Nokusingaperi.

## Pisarema 122. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi raDhavhidhi.*

1 Ndakafara pavakati
Ngatifambe tende
Pamasuvo anopinda
Mumba yaJehovha.

2 Tsoka dzedu dzadzimire
Pamasuvo ako
Tsoka dzedu dzadzimire
Pa Jerusarema.

3 Rakavakwa zvakanaka
Rakasanganiswa
Guta reJerusarema
Rakaisvo naka.

4 Ndiko kunokwira ndudzi
Ndudzi dzaJehovha
Sezvarairwa Sraeri
Vatende Jehovha.

5 Kwakagadzirwa zvigaro
Zv'garo zvokutonga
Zvigaro zvose zvovushe
Zvemba yaDavide.

6 Kumbira Jerusarema
Runyararo rwayo
Vose vanokuda iwe
Vachakomborerwa.

7 Runyararo ngaruvemo
Mumasvingo ako
Norufaro mukati mo
Mudzimba dzovushe.

8 Nokuda kwehama dzangu
Neshamwari dzangu
Ndichataura ndichiti
Rugare kwamuri.

9 Nokuda kweimba iyo
YaJehovha Mwari
Ndichakutsvakira iwe
Zvakanaka zvose.

## Pisarema 123. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Ndinosimudzira meso
Angu ko kwamuri
Imi munogara uko
Ko kudenga-denga

2 Tarira meso varanda
Zvaanotarira
Ruvoko rwatenzi wavo
Saizvozvo isu.

Meso omurandakadzi
Kuna tenzi wake
Totarira Ye Jehovha
Atinzwire tsitsi.

3 Tinzwire nyasha Jehovha
Nyasha tinzwirei
Nokuti tapera kwazvo
Nokuzvidzwa isu.

4 Mweya yedu yatopera
Nako kushovora
Kwavagere zvakanaka
Navanozvikudza.

## Pisarema 124. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi raDhavhidhi.*

1 Da Jehovha sava nesu
S’raeri ngadaro
2 Da Jehovha sava nesu
Patakamukirwa.

3 Vangadai vatimedza
Tichiri vapenyu
Panguva yatamukirwa
Nadzo hasha dzavo.

4 Mvura zhinji ingadai
Yakatifukidza
Narwo rwizi rwapfuura
Pamusoro pedu.

5 Mvura zhinji nozvikudza
Dai yapfuvura
Napamusoro pomweya
Iyo mweya yedu.

6 Jehovha ngaarumbidzwe
Usina kuisa
Isu kuti tiparadzwe
Nawo mano avo.

7 Mweya yakapukunyuka
Seshiri rugombe
Rwomuteyi rwadambuka
Takapukunyuka.

8 Kubatsirwa kwedu uku
Kurimo muzita
RaJehovha wakaita
Kudenga napasi.

## Pisarema 125. L.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Vanovimba na Jehovha
Vakafanana negomo
Risingazozungunuswi
Nokusingaperi peri.

2 Sokupoteredzwa kwayo
Iyo Jerusarema yo
Ichipoteredzwa nawo
Wo makomo eZioni.

3 Saizvozvo vo Jehovha
Unopoteredza vanhu
Vanhu vake nguva dzose
Nokusingaperiperi.

4 Nokuti tsvimbo yovushe
Yezvakaipa igari
Panhaka yavarurami
Nokusingaperi peri.

5 Kuti vo vakarurama
Kune zvakaipa vasa
Tambanudzira ruvoko
Rwavo kune zvakaipa.

6 Vakanaka zvakanaka
Chivaitira Jehovha
Jehovha navanemoyo
Yo moyo yakarurama.

7 Asi kana vari vanhu
Vanotsaukira uko
Kunzira dzakaminama
Uchavaparadza Iye.

8 Pamwe chete navo vose
Vanoita zvakaipa
Asi Siraeri wake
Ye ngaave norugare.

## Pisarema 126. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Jehovha paakadzosa
Nhapwa dzeZioni
Isu tanga tafanana
Navarota hope.

2 Miromo yedu yakanga
Izere kuseka
Rurimi rwanga ruzere
Ruzere kuimba.

3 Ipapo pakati pavo
Pavo vahedheni
Jehovha wavaitira
Zvinhu zvikurusa.

4 Jehovha wavaitira
Zvinhu zvikurusa
Dzosa nhapwa dzedu idzo
Sehove panyika.

5 Vanodzvara nemisodzi
Vachichema kwazvo
Vachakohwa nomufaro
Vatakura tsama.

6 Iye unofamba-famba
Katakura mbeu
Uchadzoka nomufaro
Nezvisote zvake.

## Pisarema 127. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi raSoromoni.*

1 Kana Jehovha asinga
Vaki imba Iye
Vavaki vayo vobata
Yobata pasina.

Kana Jehovha asinga
Chengeti roguta
Unongorinda pasina
Iyeyo murindi.

2 Kudomuka mangwanani
Hazvina maturo
Nokunonoka kuvata
Hazvina maturo

3 Vana inhaka inobva
Kunaye Jehovha
Chibereko chenyu ndiwo
M'bairo waanopa.

4 Semiseve muruoko
Rwemhare ndizvozvo
Zvinoita ivo vana
Vovujaya bgenyu.

5 Murume unomufaro
Iye unegoba
Rizere naivo vana
Rakazadzwa naye.

Havanganyadziswi ivo
Asi ivo vacha
Taura navo vavengi
Ipapo pasuo.

## Pisarema 128. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Vakaropafadzwa avo
Vanotya Jehovha
Vanongofamba nenzira
Iyo nzira yake.

2 Nokuti iwe uchadya
Zvozvawakabata
Ugozova nomufaro
Zvive zvakanaka.

3 Mukadzi wako uchava
So muzambiringa
Nobereka zvakanaka
Mo muimba yako.

Navana vako vachava
Saiyo miti ye
Miorivi yakakomba
Yo tafura yako.

4 Tarira uyo murume
Unotya Jehovha
Ucharopafadzwa iye
Saizvozvo naye.

5 Uchakuropafadza Ye
Ari paZioni
Ugovona komberero
Paupenyu hwako.

6 Zvirokwazvo uchavona
Vazukuru vako
Siraeri ngaavevo
Norugare Iye.

## Pisarema 129. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Kazhinji vanditambudza
Kubva pavuduku
Siraeri ungadaro
Vakanditambudza.

2 Kazhinji vanditambudza
Kubva pavuduku
Kunyanguva zvakadaro
Kukunda havana.

3 Pamusana wangu ini
Varimi vorima
Vakaita mihoronga
Mirefu pandiri.

4 Wakarurama Jehovha
Kuti waguranya
Mabote avakaipa
Wakaaguranya.

5 Ngavanyadziswe ivavo
Vadzoserwe shure
Navo vanorivengavo
Vovenga Zioni.

6 Ivo ngavave sovuswa
Pamatenga avo
Ihwo hwunowoma chose
Hwusati hwakura.

7 Mucheki haangazadzi
Roruoko rwake
Nounosunga zvisote
Rofungatwa rake.

8 Vanopfuura ngavati
Akuropafadze
Tinokuropafadzai
Zita raJehovha.

## Pisarema 130. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Ndakadanidzira Imwi
Iyemwi Jehovha
Ndakasidana kwamuri
Ndiri makadzika.

2 Ishe Inzwai nzwi rangu
Nadzo nzeve dzenyu
Dziterere kukumbira
Kukumbira kwangu.

3 Dai Iyemwi Jehovha
Mairangarira
Zvose zvisakarurama
Ndiani womira.

4 Asi ko kukangamwirwa
Kuriko kwamuri
Kuti vanhu vakutyei
Munokangamwira.

5 Ndinorindira Jehovha
Nawo mweya wangu
Ndotarira shoko rake
Ndichimurindira.

6 Mweya worindira Ishe
Nokupfuvurisa
Vovarindi vorindira
Vorindira kunze.

7 Tarira kuna Jehovha
Imi Siraeri
Kudzikunurwa nengoni
Zvirimo maari.

8 Iye uchadzikunura
Siraeri uyo
Panezvisakarurama
Uchadzikunura.

## Pisarema 131. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi raDhavhidhi.*

1 Jehovha womoyo wangu
Haumbozvikudzi
Naiwawa meso angu
Haana manyawi.

Handine hanya nezvinhu
Nezvinhu zvikuru
Kana chipi zvacho chinhu
Chinondikurira.

2 Zvirokwazvo mweya wangu
Ndakavaraidza
Somwana wakarumurwa
Ndakaunyaradza.

3 Kuna Jehovha Sraeri
Tarirai imwi
Kubva zvino kusvikira
Nokusingaperi.

## Pisarema 132. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Rangarirai Dhavhidhi
Nedambudzo rake
Jehovha murangarire
Nedambudzo rake.

2 Nawo mapikiro ake
Kunaye Jehovha
Nokupika kuna wama
Simba waJakobo.

3 Zvirokwazvo handipindi
Tente remba yangu
Kana kuvata panhovo
Dzandakawadzirwa.

4 Handichatenderi meso
Angu kokuvata
Namafungiro ameso
Iko kukotsira.

5 Kusvika ndamuwanira
Nzvimbo YeJehovha
Tabernakeri yowama
Simba waJakobo.

6 Tarirai takazvinzwa
Mo muEfurata
Takazviwana mumunda
Mumunda wesango.

7 Mutabernakeri dzake
Tichapinda isu
Chitsiko chetsoka dzake
Tichamunamata.

8 Mwari simuka mupinde
Pazororo renyu
Imwi neAreka yenyu
Yaro simba renyu.

9 Vaprista ngavafukidzwe
Nako kururama
Vapururudze vatsvene
Naiwo mufaro.

10 Nokuda kwaye Davhidhi
Musafuratira
Regai kuramba chiso
Chomuzodzwa wenyu.

11 Jehovha wakadopika
Kunaye Dhavhidhi
Nechokwadi wakapika
Haangashanduki.

Zvibereko zvomuviri
Ndizvo ndichaisa
Pachigaro chako icho
Chigaro chovushe.

12 Kana vana vako ivo
Vachiichengeta
Sungano nezvipupuro
Zvandavadzidzisa.

Navana vavovo ivo
Pachigaro chavo
Vachagara navo ivo
Nokusingaperi.

13 Jehovha wakasarudza
Guta reZioni
Wakarida kuti rive
Hwo vugaro hwake.

14 Ndiyo zororo yanguyi
Nokusingaperi
Pano ndipo ndichagara
Kuti ndakapada

15 Ndicharopafadza kwazvo
Zvo zvokudya zvaro
Ndichagutisa varombo
Varo nezvokudya.

16 Ndichafukidza vaprista
Varo ruponeso
Ndichagutisa varombo
Varo nezvokudya.

17 Ndipo ndichabudisira
Dhavhidhi runyanga
Mwenje ndakagadzirira
Ye muzodzwa wangu.

18 Vavengi ndichafukidza
Nako kunyadziswa
Asi korona pamsoro
Pake ichapenya.

## Pisarema 133. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi raDhavhidhi.*

1 Tarira kunaka kwazvo
Nokufadza kwazvo
Kana hama dzichigara
Pamwe norugare.

2 Zvakafana namafuta
Anokosha kwazvo
Anoyerera pamsoro
Kusvika pandebvu.

Idzo ndebvu dzaAroni
Anoburukira
Kusvika pamipendero
Yadzo nguvo dzake.

3 Zvakafanana nedova
Dova reHermoni
Rinoburukira pama
Komo eZioni.

Nokuti ndipo Jehovha
Paakaraira
Ropafadzo yovupenyu
Vusingazoperi.

## Pisarema 134. C.M.

*Rwiyo rwokufambira mberi.*

1 Tarirai murumbidze
Mwi varanda vake
Mwi munomira vusiku
Mumba maJehovha.

2 Simudza mavoko enyu
Mumba maJehovha
Muchimurumbidza Iye
Rumbidza Jehovha.

3 Iye Mwari wakasika
Kudenga napasi
Ngaakuropafadze Ye
Ari paZioni.

## Pisarema 135. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Mwi varanda vake
Murumbidze zita rake
Rumbidza Jehovha.

2 Imwi mumire muvanze
Dzemba yaJehovha
Imwi mumire muimba
Yake Mwari wedu.

3 Rumbidza Iye Jehovha
Kuti wakanaka
Mumuimbirevo nziyo
Ndizvo zvakanaka.

4 Jehovha wakasarudza
Iye Jakobovo
Kuti ave fuma yake
Iye Siraeri.

5 Nokuti ndinozviziva
Mukuru Jehovha
Kunavo vamwari vose
Mukuru Jehovha.

6 Zvose zvaada kuita
Jehovha waita
Kudenga pasi negungwa
Napo pakadzika.

7 Unoakwidza makore
Kubva kumigumo
Unoita iyo mheni
Kuvuisa mvura.

8 Ndiye wakaaparadza
Matangwe 'Gipite
Iwo matangwe avanhu
Naizvo zvipfuwo.

9 Wakatuma zviratidzo
Zvishamiso nazvo
Pa'Gipite naFarao
Navo vanhu vose.

10 Ndiye wakadziparadza
Ndudzi dzakawanda
Kavuraya madzimambo
Iwo ane simba.

11 Sihoni She waAmori
Ogi weBashani
Novushe hwose hwosevo
Vushe hweKenani.

12 Nyika yavo akaipa
Ive nhaka yavo
Nhaka yavo vanhu vake
VaIsiraeri.

13 Zita renyu rinogara
Nokusingaperi
Munorangarirwa Imwi
Kumarudzi ose.

14 Uchatonga YeJehovha
Ivo vanhu vake
Nokuzvidemba pamsoro
Pavaranda vake.

15 Zvo zvifananidzo zvavo
Ivo vahedheni
Indarama nesirivha
Basa ramavoko.

16 Zvine miromovo asi
Hazvingatauri
Naiwovo meso asi
Hazvitongovoni.

17 Nadzo nzevevo zvinadzo
Asi hazvinganzwi
Nako kufema hapana
Pamiromo yazvo.

18 Naivo vanozviita
Vachafana nazvo
Navo vanovimba nazvo
Vachafana nazvo.

19 Imwi vemba yaSraeri
Rumbidza Jehovha
Nemwi vemba yaAroni
Rumbidza Jehovha.

20 Imwi vemba yavaRevhi
Rumbidza Jehovha
Nemwi vanotya Jehovha
Rumbidza Jehovha.

21 Jehovha ngaarumbidzwe
Ipo paZioni
Iye ugere ipapo
PaJerusarema.

## Pisarema 136. C.M.

1 Vonga Jehovha nokuti
Iye wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

2 Vonga Mwari wava Mwari
Kuti wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

3 Vonga Ishe wamadzishe
Kuti wakanaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

4 Ndiye oga unoita
Zvishamiso zvose
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

5 Iye wakaita denga
Kudenga nenjere
Ngonidzake dzinogara
Nokusingaperi.

6 Wakatatamura pasi
Pamsoro pemvura
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

7 Iye wakaita zviedza
Zviedza zvikuru
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

8 Kuti zuva rigobata
Vushe masikati
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

9 Mwedzi, nyeredzi zvibate
Vushe pavusiku
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

10 Wakarova veGipite
Pamatangwe avo
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

11 Akabudisa Sraeri
Po pakati pavo
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

12 Noruoko runesimba
Rwakatandavadzwa
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

13 Waparadzanisa gungwa
Dzvuku napakati
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

14 Akavambusa S'raeri
Nomukati maro
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

15 Akawisira Farao
Mo mugungwa dzvuku
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

16 Wakaperekedza vanhu
Vake nomurenje
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

17 Iye wakazoparadza
Iwo madzimambo
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

18 Wavuraya madzimambo
Akakurumbira
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

19 Namambo wavaAmoni
Iyevo Sihoni
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

20 Naye mambo weBhashani
Ogi naiyevo
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

21 Akazopa nyika yavo
Kuti ive nhaka
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

22 Inhaka yavaSiraeri
Vo varanda vake
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

23 Wakazotirangarira
Pavumambo hwedu
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

24 Wakatirwira nesuvo
Vadzivisi vedu
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

25 Ndiye unozvipa kudya
Izvo zvinhu zvose
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

26 Vongaivo Iye Mwari
Mwari wokudenga
Ngoni dzake dzinogara
Nokusingaperi.

## Pisarema 137. C.M.

1 Panzizi dzeBhabhironi
Takagara pasi
Tikachema tichifunga
Tafunga Zioni.

2 Mukati madzo imomo
Pamikona chando
Takadziturika apo
Idzo mbira dzedu.

3 Nokuti ipapo avo
Vanga vatitapa
Vakakumbira kwatiri
Mashoko orwiyo.

Vakakumbira mufaro
Vaitiparadza
Tiimbireivo rwiyo
Rwiyo rweZioni.

4 Tingagoimba seiko
Rwiyo rwaJehovha
Munyika yavatorwavo
Tingaimba sei.

5 Kana ndikakukangamwa
Jerusarema we
Ruvoko rwangu rworudyi
Vumhizha kanganwa.

6 Rurimi runamatire
Kumatadza angu
Ndisakakurangarira
We Jerusarema.

Kana ndisingakuiti
Jerusarema we
Mufaro wangu mukuru
Wopfuura zvose.

7 Rangarirai Jehovha
Murove Edomu
Pamsoro pezuva riya
Re Jerusarema.

Vo vakati paradzai
Paradza kusvika
Kusvika panheyo dzaro
Dze Jerusarema.

8 Mukunda weBhabhironi
Wobva woparadza
Uchafara uchatsiva
Zvawatiitira.

9 Munhu uyo uchatora
Uchatora pwere
Dzako nokudzirovera
Musoro padombo.

## Pisarema 138. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndichakuvongai Mwari
Nomoyo wang'ose
Ndichakurumbidza Imwi
Mberi kwavamwari.

2 Ndishumire ndakaringa
KuTembere yenyu
Nokuvonga kutendeka
Naro zita renyu.

Nokuti makakurisa
Iro shoko renyu
Kupfuura iro zita
Iro zita renyu.

3 Pazuva randakadana
Makandipindura
Mukandisimbisa simba
Po pamweya wangu.

4 Madzishe ose enyika
Achamurumbidza
Kana vazonzwa mashoko
Omuromo wenyu.

5 Vachaimba momunzira
Nzira dzaJehovha
Nokuti kubwinya kwenyu
Kukuru kubwinya.

6 Jehovha uri kumsoro
Nyangwe zvakadaro
Iye une hanya navo
Vo zvininipisa.

Asi ye unamanyawi
Mwari unoziva
Ari kure-kure uko
Mwari unoziva.

7 Kunyanguva ndichifamba
Pakati penhamo
Imwi Jehovha Iyemwi
Muchandiponesa.

Ruvoko rwenyu rorudyi
Ruchandiponesa
Kuvadzivisa vavengi
Morutambanudza.

8 Mwari uchandikwanisa
Nadzo ngoni dzake
Musaregawo mabasa
Amavoko enyu.

## Pisarema 139. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Jehovha Imwi Jehovha
Makatondinzwera
Mukandiziva chose ni
Makatondiziva.

2 Kugara nokusimuka
Kwangu makaziva
Munonzwisisa kufunga
Kwangu muri kure.

3 Kufamba kwangu, kuvata
Munocherekedza
Nzira dzangu munoziva
Nzira dzangu dzose.

4 Shoko risati ravapo
Parurimi rwangu
Tarirai imwi Jehovha
Munotoriziva.

5 Makatondikomberedza
Shure nako mberi
Noruvoko makaisa
Pamusoro pangu.

6 Kokuziva kwakadai
Kunondishamisa
Kuri kumusoro uko
Handikusvikiri.

7 Ko ndingaendepi ndibve
Po pamweya wenyu
Ndingatizirepi ndibve
Po pamberi penyu.

8 Ndikakwira kokudenga
Tarira muripo
Ndikawadza paSheori
Tarira muripo.

9 Ndikatora mapapiro
Awo mangwanani
Ndibhururuke ndigare
Kwakaguma gungwa.

10 Naipapovo Jehovha
Ruvoko rworudyi
Rwenyu ruchazondibata
Nokundifambisa.

11 Kana ndikati rorima
Richandifukidza
Zvirokwazvo novusiku
Vuchava chiedza.

12 Rima haringandivanzi
Vusiku hwopenya
Samasikati nerima
Zvakangofanana.

13 Nokuti Mwi makavumba
Idzo itsvo dzangu
Ndimivo makandiruka
Mudumbu ramai.

14 Ndichakuvongai kuti
Ini ndakaitwa
Nomutovo unotyisa
Unozoshamisa.

Mabasa enyu Jehovha
Anotoshamisa
Mweya wangu unoziva
Anotoshamisa.

15 Mafupa angu akanga
Asina kuvanzwa
Panguva yandakaitwa
Ipo pakavanda.

Apo pakuvumbwa kwangu
Kuvumbwa nenjere
Ipo panzvimbo dzezasi
Panzvimbo dzapasi.

16 Meso enyu akavona
Wo muviri wangu
Uchigere kukwaniswa
Wo muviri wangu.

Zvose zvose zvakanyorwa
Murugwaro rwenyu
Zuva rimwe nerimwevo
Zvisati zvavapo.

17 Mirangariro yenyuyo
Inokosha sei
Vuye yakakura sei
Po pakuverenga.

18 Kana ndikaiverenga
Nopfuura jecha
Neni kana ndopepuka
Ndinenge ndinemi.

19 Dai muchivavuraya
Ivo vakaipa
Ibvai kwandiri imwi
Mwi vanhu veropa.

20 Vanokurevera ivo
Izvo zvakaipa
Vachireva zita renyu
Voreva pasina.

21 Ko handivavengi here
Vanokuvengai?
Ko handina shungu here
Navokumukira?

22 Ndovavenga neruvengo
Ruvengo rukuru
Ivo vatova vavengi
Vavengi vangu vo.

23 Ndinzverei Imwi Mwari
Moyo mugoziva
Ndiidzei mugoziva
Ndangariro dzangu.

24 Mutarire kana pane
Nzira yakaipa
Mugondikokera nzira
Isingazoperi

## Pisarema 140. C.M.

*Kumutungamiriri wokuimba. Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndirwirei Mwi Jehovha
Panowakaipa
Mundichengetei Mwari
Pano unehasha.

2 Vanofunga zvakaipa
Mo mimoyo yavo
Vanogara vachimutsa
Vachimutsa kurwa.

3 Rurimivo vakarodza
Kuita senyoka
Vuturu hwechiva hwuri
Pamiromo yavo.

4 Ndichengetei Jehovha
Panowakaipa
Mundichengetei Imwi
Pamumanikidzi.

Vanotofungavo mano
Okundigumbusa
Vanozvikudza vovanza
Musungo nebote.

5 Mumbure vandidzikira
Imomo munzira
Ndokubva vanditeyera
Vateya rugombe.

6 Ndakati kuna Jehovha
Ndimi Mwari wangu
Dotereraivo inzwi
Kukumbira kwangu.

7 Imwi ndimwi simba rangu
Kuponeswa kwangu
Makafukidza musoro
Pazuva rokurwa.

8 Musaritendera zano
Raye wakaipa
Kuzvikudza agorega
Musaritendera.

9 Kana iriyo misoro
Yavo vakashata
Zvakaipa zvemiromo
Ngazvivafukidze.

10 Iwo mazimbe omoto
Anopfuta kwazvo
Pamusoro pavo ivo
Iwo ngaawire.

Naivo ngavakandirwe
Imo mumakomba
Akadzika kwazvo kuti
Varege kumuka.

11 Iye munhu wamakuhwa
Haangasimbiswi
Kuipa kuchamuvhima
Ndokumuparadza.

12 Uchazovagadzirira
Vovanotambudzwa
Nokuvaruramisira
Vo vanoshaiwa.

13 Vo vakarurama vacha
Vonga zita renyu
Vagogara mberi kwenyu
Vo vakarurama.

## Pisarema 141. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ndakadana kokwamuri
Chikurumidzai
Kuvuya munditerere
Kana ndichidana.

2 Womunyengetero wangu
Svike mberi kwenyu
Sezvino-nhuwira izvo
Svike mberi kwenyu

Nako kasimudzwa kwawo
Wo mavoko angu
Saichovo chipiriso
Chawo madekwana.

3 Jehovha isa murindi
Pamiromo yangu
Mugochengeta masuo
Emiromo yangu.

4 Rega kukwevera moyo
Kune zvakaipa
Kuti zvakaipa ndite
Navo vakaipa.

5 Yengaandirove Iye
Ye wakarurama
Dzichava tsitsi kwandiri
Ndichinyengetera.

Yengaandituke Iye
Achava mafuta
Akanaka pamusoro
Pamusoro wangu.

6 Vatongi vavo vawira
Pamsoro pedombo
Vachanzwa kuti mashoko
Angu akanaka.

7 Sapasi kana parimwa
Nokuparurwavo
Mafupa akaparadzwa
Ipo paSheori.

8 Mesangu anotarira
Kwamuri Jehovha
Ini ndinovimba nemwi
Musandidurura.

9 Pamusungo ndichengetei
Wavanditeyera
Napo parugombe rwavo
Vasakarurama.

10 Vakaipa ngavabatwe
Nemimbure yavo
Asi mutendere ini
Ndidarike hangu.

## Pisarema 142. C.M.

*Maschil yaDhavhidhi, munyengetetero panguva yaakanga arimubako.*

1 Nenzwi rangu ndinodana
Kunaye Jehovha
Ini ndinonyengetera
Naro inzwi rangu.

2 Kuchema ndinodurura
Po pamberi pake
Ndichimuzivisa Iye
Kutambura kwangu.

3 Ndiri pakumanikidzwa
Makaziva nzira
Panzira yandinofamba
Vaviga musungo.

4 Tarira kurudyi rwangu
Hakunondiziva
Ndashaiwa vutiziro
No-nehanya neni.

5 Ndakasidana kwamuri
Ndimwi vutiziro
Hwangu nomugove wangu
Pano pasi pose.

6 Kudana kwangu terera
Ndinoshaya simba
Ndirwire pavatambudzi
Vanondikurira.

7 Mweya wangu budisai
Mutorongo imo
Kuti ndigozorivonga
Iro zita renyu.

Vakarurama vachandi
Komberedza ini
Nokuti muchanditira
Zvakanaka kwazvo.

## Pisarema 143. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Inzwai munyengetero
Nekumbiro yangu
Kutendeka kururama
Mugondipindura.

2 Rega kutonga muranda
Nokuti hapana
Kana ungaruramiswa
Po pamberi penyu.

3 Nokuti iye muvengi
Wakanditambudza
Wakatsikirira pasi
Hwoupenyu hwangu.

Popanzvimbo dzinerima
Wakandigarisa
Savanhu vakatotongwa
Vakanguva vafa.

4 Saka mweya wakaziya
Mo mukati mangu
Wo moyo wakavhunduswa
Mo mukati mangu.

5 Ini ndinorangarira
Mazuva akare
Ndinofunga zvamaita
Basa renyu rose.

6 Ndinositambanudzira
Mavoko kwamuri
Ndichikushuva senyika
Nyika yakaoma.

7 Kupindura kurumidza
Mweya watoziya
Chiso musandivanzira
Ndigosarashika.

8 Ndinzwiseivo vunyoro
Hwenyu mangwanani
Kuti ndinovimba nemi
Ndidzidzise nzira.

Nzira yokufamba nayo
Chindidzidzisai
Mweya wangu ko kwamuri
Ndinosimudzira.

9 Ndirwirei Mwi Jehovha
Pavavengi vangu
Ndinotizira kwamuri
Kuti mundivanze.

10 Ndidzidzisei kuita
Kuda, kwenyu Imwi
Nokuti imwi Jehovha
Muri Mwari wangu.

Mweya wenyu wakanaka
Ngaundifambise
Imo munyika iyoyo
Yakagadzikana.

11 Ndiponesei Jehovha
Naro zita renyu
Mugo-rwira mweya wangu
Pakumanikidzwa.

12 Vavengi vangu pedzai
Novunyoro hwenyu
Paradza vamanikidzi
Vo muranda wenyu.

## Pisarema 144. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi.*

1 Ngaarumbidzwe Jehovha
Ndiye dombo rangu
Unondidzidzisa kurwa
Nemimwe kufura.

2 Kunaka nenhare yangu
Vuye shongwe yangu
Yakakwirirazve ndiye
Ye murwiri wangu.

Iye ndiye nhovo yangu
Ndinovimba naye
Ndiye unoisa vanhu
Vangu pasi pangu.

3 Jehovha munhu chinyiko
Munehanya naye
No mwanakomana wake
Mamurangarira.

4 Munhu wakangofanana
Fanana nemhepo
Mazuva ake mumvuri
Unongopfuvura.

5 Kotamisai kudenga
Burukai Jehovha
Mugogunzva womakomo
Agopfungaira.

6 Penyesai mheni yenyu
Mugovaparadza
Mufure miseve yenyu
Mugovavhundusa.

7 Tambanudzai ruvoko
Muriko kudenga
Musunungure murwire
Ipo pavatorwa.

8 Nemiromo votaura
Zvisina maturo
Ruvoko rwavo rworudyi
Ruvoko rwenhema.

9 Mwari ndichakuimbira
Irwo rumbo rutsva
Ndichakuimbira rumbo
Rwokumurumbidza.

Rumbo rutsva ndichaimba
Nemitengeranwa
Iyoyo ine hungiso
Idzo dzine gumi.

10 Munorwira madzimambo
Naiye Davhidhi
Paminondo nokuvadza
Ye muranda wenyu.

11 Ndisunungure ndirwire
Pamavoko avo
Vatorwa vanotaura
Zvisina maturo.

Ruvoko rwavo rworudyi
Ndirworwo ruvoko
Ruvoko rwavo rworudyi
Ruvoko rwenhema.

12 Vo vanakomana vedu
Vachava semiti
Iyo yakakura kwazvo
Po pavutsva hwayo.

Navanasikana vedu
Samabwe ekona
Sezvivezwa zvinovezwa
Paimba yamambo.

13 Matura edu iwawo
Iwo achazara
Nazvo zviyo zvamarudzi
Iwo achazara.

Namakwai chabereka
Vana vanezvuru
Nazvo zvuru zvinegumi
Pamafuro edu.

14 Nzombe dzichava nesimba
Takura zvizhinji
Hatingaputsirwi svingo
Kana kuzorwiswa.

Hakungazovi nemhere
Iyo inoridzwa
Ipo panzira dzomusha
Dzomumusha wedu.

Vanofara vanhu avo
Voitirwa izvo
Vanofara vanhu avo
Vana YeJehovha.

## Pisarema 145. C.M.

*Pisarema raDhavhidhi rokurumbidza.*

1 Ndichakukudzai kwazvo
Imi Mwari wangu
Ndirumbidze zita renyu
Nokusingaperi.

2 Ndichakurumbidza Imwi
Mazuva 'ngu ose
Ndichakudza zita renyu
Nokusingaperi.

3 Nofanira kurumbidzwa
Jehovha mukuru
Nokuti vukuru hwake
Haungambonzverwi.

4 Rudzi rumwe charumbidza
Basa kunorumwe
Vachadudzira zvaitwa
Izvo zvine simba.

5 Ini ndichafungisisa
Hwo umambo hwenyu
Hwunokudzwa namabasa
Anozoshamisa.

6 Vanhu vachazotaura
Vachireva simba
Neni ndichasidudzira
Wo vukuru hwenyu.

7 Vachasingoyevudzira
Ko kunaka kwenyu
Kukuru vachiimbira
Kururama kwenyu.

8 YeJehovha unenyasha
Vuye unetsitsi
Hakurumidzi kutsamwa
Vuye unetsitsi.

9 Unomoyo wakanaka
Ko kuvanhu vose
Ngoni dzake dzinogara
Po pabasa rake.

10 Mabasa enyu iwowo
Achakurumbidza
Naivo vatsvene venyu
Vachakuvongai.

11 Votaura vachireva
Ko kubwinya kwenyu
Vuye vachazoparidza
Iro simba renyu.

12 Kuti vagovazivisa
Vo vana vavanhu
Mabasa ake esimba
Nokubwinya kwake.

13 Novushe hwenyu ndihwohwo
Hwokusingaperi
Novumambo hwenyu ndihwo
Hwokusingaperi.

14 Jehovha unotsigira
Ivavo vanowa
Ndiyevo unosimudza
Vakakotamiswa.

15 Vosevo vanotarira
Ikoko kwamuri
Mi munovapa zvokudya
Nayo nguva yazvo.

16 Ruvoko motadzanura
Ndokuzvigutisa
Izvozvo zvipenyu zvose
Ndokuzvigutisa.

17 Jehovha wakarurama
Po panzira dzake
Pazvose zvaanoita
Unenyasha kwazvo.

18 YeJehovha uri pedo
Naivavo vose
Vanosidana kwaari
Uri pedo navo.

19 Woitira vanomutya
Sezvavanofunga
Uchasingonzwa kudana
Ndokuvaponesa.

20 Jehovha unochengeta
Vaya vanomuda
Asi ivo vakaipa
Uchavaparadza.

21 Muromo uchataura
Kurumbidzwa kwake
Vose varumbidze zita
Nokusingaperi.

## Pisarema 146. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Iwe mweya wangu
Iwe urumbidze Iye
Iwe mweya wangu.

2 Ndicharumbidza Jehovha
Ndichiri mupenyu
Ndichamuimbira nziyo
Ini ndichiripo.

3 Rega kuvimba machinda
Navana vavanhu
Vasingatongobatsiri
Vo vana vavanhu.

4 Mweya wake unobuda
Wodzokera pasi
Nairo zuva iroro
Mano atopera.

5 Munhu uyo unofara
Kana Mwari wake
Ari Mwari waJakobo
Achimubatsira.

6 Waita denga napasi
Gungwa nezvirimo
Woramba akatendeka
Nokusingaperi.

7 Unovaruramisira
Vanomanikidzwa
Nokupavo vanenzara
Kuvapa zvokudya.

Iye Jehovha amene
Unosunungura
Nosunungura vasungwa
YeJehovha wedu.

8 Jehovha unosvinudza
Meso amapofu
Jehovha unosimudza
Vakakotamiswa.

Iye Jehovha unoda
Vo vakarurama
Zvirokwazvo unovada
Vo vakarurama.

9 Jehovha unochengeta
Ivavo vatorwa
Jehovha unotsigira
Naidzo nherera.

Jehovha unotsigira
Idzo chirikadzi
Asi ivo vakaipa
Unopesanisa.

10 Iye uchabata vushe
Nokusingaperi
Mwari wako weZioni
Kumarudzi ose.

## Pisarema 147. C.M.

1 Zvakanaka kuti Mwari
Ayimbirwe nziyo
Idzo dzokumurumbidza
Sezvinofanira.

2 Wovaka Jerusarema
Achivunganidza
Vakadzingwa vaSraeri
Achivunganidza.

3 Woporesa vanemoyo
Yakatoputsika
Wosunga mavanga avo
Vo vakaputsika.

4 Ko kuwanda kwenyeredzi
Unotokuziva
Ndiye unodzipa dzose
Wo mazita adzo.

5 Iye She wedu mukuru
Unesimba guru
Njere dzake hadziperi
Unesimba guru.

6 Jehovha unobatsira
Ivavo vanyoro
Asi ivo vakaipa
Wowisira pasi.

7 Muimbire mumuvonge
Iye Mwari wedu
Mumurumbidze nembira
Iye Mwari wedu.

8 Iye wofukidza denga
Naiwo makore
Unonisa mvura pasi
Womeresa uswa.

9 Unozvipazvo zvipfuwo
Zvo zvokudya zvazvo
Navana vamakunguvo
Vochema kwaari.

10 Haangafadzwi nesimba
Nesimba rebhiza
Haafariri makumbo
Makumbo omunhu.

11 Unofara YeJehovha
Navo vanomutya
Naivo vanotarira
Idzo ngoni dzake.

12 Rumbidza Iye Jehovha
WeJerusarema
Urumbidze Mwari wako
Iye weZioni.

13 Nokuti wakasimbisa
Mazariro ako
Akatovaropafadza
Ivo vana vako.

14 Unoisavo rugare
Po panyika yako
Unokugutsa nezviyo
Zvakaisvonaka.

15 Mirairo unotuma
Yake popanyika
Shoko rake rinomhanya
Kwazvo popanyika.

16 Chando unochipa vanhu
Kunge samakushe
Unoparadzira chando
Kunge samadota.

17 Chimvuramabwe wokanda
Kunge sezvimedu
Ndianiko ungamira
Po pachando chake.

18 Shoko rake unotuma
Ndokuzvinyausa
Mhepo unovhuvhutisa
Mvura yoyerera.

19 Jakobo unoziviswa
Iro shoko rake
Naiyevo Siraeri
Yo mitemo yake.

20 Hanakutongoitira
Kana rumwe rudzi
Kana zviri zvaatonga
Havambozvizivi.

## Pisarema 148. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Mi muri kudenga
Murumbidzei panzvimbo
Dzo dzokumusoro.

2 Mumurumbidzei Imwi
Mwi vatumwa vake
Mumurumbidzei Imwi
Imwi hondo dzake.

3 Mumurumbidzei imwi
Mwi zuva nomwedzi
Nemwivo nyeredzi dzose
Dzinovhenekera.

4 Mumurumbidzei imwi
Ko kudenga-denga
Nemwi mose mvura zhinji
Ko kudenga-denga.

5 Ngadzirirumbidze zita
Zita raJehovha
Nokuti wakaraira
Izvo zvikasikwa.

6 Iye wakazvisimbisa
Nokusingaperi
Akatemavo chirevo
Chisingadarikwi.

7 Rumbidza Iye Jehovha
Iyemwi vapasi
Imwi zvikara zvegungwa
Zviri makadzika.

8 Moto nechimvuramabwe
Nechando novutsi
Dutu guru rinoita
Zvo zvaakareva.

9 Makomo nazvo zvikomo
Miti nobereka
Nayo misidhari yose
Miti nobereka.

10 Mhuka nezvipfuwo zvose
Zvinokambaira
Nadzo shiri dzokudenga
Dzinobhururuka.

11 Mwi madzimambo apasi
Nemwi ndudzi dzose
Machinda nemwi vatongi
Vatongi vapasi.

12 Mwi majaya nemhandara
Nemwivo vatana
Nemwi vana mose mose
Nemwivo vatana.

13 Ngavarirumbidze zita
Zita raJehovha
Kuti iro zita rake
Zita rake roga.

Zita rakakurumbira
Zita raJehovha
Nokuti vumambo hwuri
Kudenga napasi.

14 Wakasimudza runyanga
RwavaIsraeri
Ivavo vatsvene vake
Varipedo naye.

## Pisarema 149. C.M.

1 Muimbire rumbo rutsva
Imbira Jehovha
Kurumbidzwa pavungano
Yavatsvene vake.

2 Siraeri ngafarire
Ye musiki wake
Ivo vana veZioni
Iye mambo wavo.

3 Ngavarirumbidze zita
Vachimutambira
Vachimuimbira nziyo
Nengoma nembira.

4 NokutiYe nofarira
Ivo vanhu vake
Vanyoro uchashongedza
Nago ruponeso.

5 Vatsvene vafare kwazvo
Nako kukudziwa
Vachiimba vachifara
Po panhovo dzavo.

6 Kurumbidzwa kwa Ye Mwari
Pamiromo yavo
Minondo yocheka kose
Pamavoko avo

7 Kuti vagozovatsiva
Ivo vahedheni
Nokuzovaranga ivo
Marudzi avanhu.

8 Vagosunga madzimambo
Avo neketani
Navakuru nezvisungo
Izvo zvamatare.

9 Kuti vagovaitira
Izvo zvakatongwa
Naivo vatsvene vacha
Kudzwa naizvozvo.

## Pisarema 150. C.M.

1 Rumbidza Iye Jehovha
Nzvimbo yake tsvene
Mumurumbidze kudenga
Naro simba rake.

2 Mumurumbidze nokuda
Kwezvaakaita
Zvakafaniravo simba
Novukuru hwake

3 Naro inzwi rehwamanda
Mumurumbidzei
Mitengeramwa nembira
Mumurumbidzei

4 Nayo ngoma nekutamba
Mumurumbidzei
Nayo nyere norudimbwa
Mumurumbidzei.

5 Naiwovo makandira
Anorira kwazvo
Anorira zvakanaka
Mumurumbidzei

6 Zvinhu zvose zvinofema
Ngazvimurumbidzei
Zvirumbidze Jehovha
Rumbidza Jehovha.